

Buku Wulan Brayat 2021

“Gusti Mulihaken Brayat Kula”
kanthi sub-jejer:
“Ngemunah Tatuning Manah Kanggé
Tumut Mulihaken Sesami”

Kaimpun déning:

LPP SINODE GKJ & GKI SW JATENG

Komplek LPP, Jl. Samirono Baru No. 77, Samirono, Caturtunggal, Kec. Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta 55281

Telp.: (0274) 514721; Hp/WA: 089652520386
E-mail: info@lpps.or.id, Website: lpps.or.id

Buku Wulan Brayat 2021: “Gusti Mulihaken Brayat Kula”

Hak Cipta © 2021, LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Kaimpun déning:
LPP SINODE GKJ & GKI SW JATENG

Komplek LPP, Jl. Samirono Baru No. 77, Samirono, Caturtunggal, Kec. Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta 55281

Telp.: (0274) 514721; Hp/WA: 089652520386
E-mail: info@lpps.or.id, Website: lpps.or.id

Penulis: Pdt. Angga Prasetya (DPG GKI SW Jateng, GKI Karangsaru Semarang), Pdt. Helen Aramada Setyoputri (Pengurus LPP Sinode, GKI Peterongan Semarang), Pdt. Erni Ratna Yunita (Bidang PWG GKJ, GKJ Tengahan Kebumen), Ibu Sri Aryanti Kristianingsih (Fak. Psikologi UKSW), Ibu Mia Ratriana Y.E. Kusumati (Fak. Psikologi UKSW), Ibu Krismi Diah Ambarwati (Fak. Psikologi UKSW), Pdt. Marya Sri Hartati (GKJ Joglo, Jakarta), Pdt. Hobert Videman Gratius Ospara (GKI Cileduk Raya), Pdt. Dwimukti Putro Hutomo (GKJ Wonosari Gunung Kidul), Pdt. Harpin Karisma Santituta (GKJ Purwokerto), PPP LPP Sinode (Pdt. Wisnu Sapto Nugroho, Pdt. Addi Soselia Patriabara, Pdt. Murtini Hehanussa)

Editor: Pdt. Murtini Hehanussa

Layout sampul lan isi: Budi Setyo Kuncoro

Cetakan Pertama, 2021

vi + 132 Halaman, Ukuran 14,5 x 21 cm

ISBN: 978-623-94026-2-4

ATUR SAPALA

Mboten karaos, Wulan Brayat badhé wangsul kita raos-raosaken lan pahargya malih. Wulan Brayat taun 2021 punika miji jejer "Gusti Mulihaken Brayat Kula, kanthi sub-jejer: "Ngemunah Tatuning Manah Kanggé Tumut Mulihaken Sesami." Jejer lan sub-jejer kasebat sengaja kapiji awit kita ngrumaosi wontenipun manah ingkang tatu ing satengah brayat, kalebet ing brayat Kristen. Manah tatu punika bab ingkang limrah, saged kelampahan dhumateng sinten kémawon, ing pundia kémawon, lan ugi déning sinten kémawon. Tatuning manah saged alit, sedheng punapadéné ageng, mekaten ugi ing bab wohing manah tatu. Manah tatu sanès bab ingkang perlu ndadosaken kita lingsem, ananging kedah dipun kemunah kanthi prayogi supados brayat saged kapulihaken lan ngraosaken kabegian saha karaharjan.

Kanthy miji jejer lan sub-jejer kasebat, kawula ngrumaosi bilih dhaptar waosan Lèksionari Wulan Oktober 2021 mboten saged dipun peksa kanggé ngrembag bab manah tatu. Pramila punika, Tim Panyerat Wulan Brayat mupakat miji waosan-waosan Kitab Suci ingkang cocok kaliyan bab-bab ingkang sesambutan kaliyan manah tatu, dados mboten ngener dhateng waosan Lèksionari. Putusan kasebat kapendhet ugi awit pangibadah-pangibadah ingkang katindakaken ing mangsa pandemi punika racakipun cekak, satemah sami namung menthik satunggal waosan, mboten sekawan.

Nglajengaken greget kanggé mujudaken Gréja Milang Turunan utawi Intergenerasional, pramila bahan-bahan ing buku punika dipun damel saksaged-saged mawi téori intergenerasional. Ananging sanadyanta mekaten, kawula ngajab dhateng Ibu/Bapak /Sadhèrèk migunakaken bahan-bahan ing buku punika kanthi kréatif cocok kaliyan kawontenan saha kabetahan panjenengan piyambak-piyambak tanpa ngirangi greget mujudaken pasamanwan intergenerasional.

Supados kita dipun segeraken malih kaliyan seserepan bab pangibadah lan tata pangibadah intergenerasional, pramila buku Wulan Brayat 2021 basa Indonésia ngemot seratan kalih cacahipun ingkang isi bab pangibadah lan tata pangibadah intergenerasional. Mugi-mugi bahan kekalih kasebat ndadosaken tambahing pangertosan kita bab paladosan intergenerasional satemah kita saged teras jumangkah maju mujudaken gréja intergenerasional.

Buku punika saged mawujud kados mekaten awit kanca-kanca tunggil paladosan ingkang sampun ngelengaken wekdal kanggé sesarengan ndamel bahan-bahan ing buku punika. Pramila punika keparengan kawula ngaturaken ageng panuwun dhumateng:

1. Pdt. Angga Prasetya (DPG GKI SW Jateng, GKI Karangsaru Semarang)
2. Pdt. Helena Aramada Setyoputri (Pengurus LPP Sinode, GKI Peterongan Semarang)
3. Pdt. Erni Ratna Yunita (Bidang PWG GKJ, GKJ Tengahan Kebumen)
4. Ibu Sri Aryanti Kristianingsih (Fak. Psikologi UKSW)
5. Ibu Mia Ratriana Y.E. Kusumiati (Fak. Psikologi UKSW)
6. Ibu Krismi Diah Ambarwati (Fak. Psikologi UKSW)
7. Pdt. Marya Sri Hartati (GKJ Joglo, Jakarta)
8. Pdt. Hobert Videman Gratius Ospara (GKI Cileduk Raya)
9. Pdt. Dwimukti Putro Hutomo (GKJ Wonosari Gunung Kidul)
10. Pdt. Harpin Karisma Santituta (GKJ Purwokerto)

Atur panuwun ugi kaaturaken dhumateng Bp. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode), Ibu Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh (LPP Sinode), Bp. Pdt. Yusak Tridarmanto (Fakultas Teologi UKDW), lan Bp. Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan Solo) ingkang sampun mbiyantu mertal bahan-bahan ing basa jawi.

Sacara mirungan, dhumateng Pdt. Addi Soselia Patriabara ingkang wiwit Juli 2021 pindhah paladosan dhateng GKI Kavling Polri Jakarta, kawula ngaturaken agenging panuwun ingkang tanpa upami awit panyambut damel sesarengan wonten ing LPP Sinode ngantos taun 2021 punika. Buku punika dados wohing

pakaryan sesarengan kaliyan pak Addi ingkang pungkasan minangka PPP (Pelaksana Pembinaan lan Pengaderan) LPP Sinode. Mugi sedaya paladosan ingkang sampun kita tindakaken sesarengan punika ndadosaken pasamuwanipun sangsaya kabangan lan asmanipun Gusti kamulyakaken.

Pungkasaning atur, dhumateng kanca-kanca tunggil paladosan ing pasamuwan, kawula ngaturaken wilujeng ngolah bahan-bahan ing buku punika, wilujeng ngraos-raosaken saha maharya Wulan Brayat 2021. Gusti Yésus hamberkahi kita sedaya. Amin.

Ngayogyakarta, Agustus 2021

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho

Pdt. Murtini Hehanussa

ATUR SAPALA

Atur Sapala	i
Dhaptar Isi	v

Bahan Khotbah

Minggu I, 3 Oktober 2021.....	1
Minggu II, 10 Oktober 2021.....	9
Minggu III, 17 Oktober 2021.....	13
Minggu IV, 24 Oktober 2021	21
Minggu V, 31 Oktober 2021	27

Bahan Tata Panèmbah

Minggu I, 3 Oktober 2021.....	35
Minggu II, 10 Oktober 2021.....	43
Minggu III, 17 Oktober 2021.....	51
Minggu IV, 24 Oktober 2021	57
Minggu V, 31 Oktober 2021	63

Bahan Kagem Pasutri

Bahan Kagem Pasutri I	73
Bahan Kagem Pasutri II	81

Bahan Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa

Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa I	85
Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa II.....	89

Bahan Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional

Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional I	93
Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional II.....	103

Bahan Pakempalan Pandonga

Pakempalan Pandonga I	111
Pakempalan Pandonga II.....	117

Pakempalan Pandonga III	123
Pakempalan Pandonga IV.....	127

BAHAN KHOTBAH

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

KHOTBAH**Minggu 1****Pambukaning Wulan Brayat****Minggu, 3 Oktober 2021**

Waosoan Kitab Suci:

Éfesus 2:11-22**“Kita
Brayatipun
Allah”****KHOTBAH JANGKEP****“Kita Brayatipun Allah”**

(*Katedahna gambar satunggaling barang ingkang pecah: piring grabah, balon, tigan lsp.*)

Ibu, bapak, para sadhèrèk, tuwin anak-anak, cobi gatosna gambar menika. Gambar-gambar menika nedahaken kawontenaning satunggaling barang ingkang sakawit wetah lajeng pecah. Saben pepecahan utawi pepisahan, tansah kawiwitinan kanthi nggadhahi kawontenan béda. Ing gambar kalawau, upaminipun nggadhahi béda-bédaning dhesekan, ing pundi piring ingkang sakawit dumunung ing sangginggiling méja lajeng dhawah – dhesekan ingkang kenceng punika ndamel piring wau pecah. Makaten ugi balon lan tigan ingkang sakawit wetah amargi dipun cepeng kanthi mboten patosa kenceng, saged dados pecah amargi wontenipun dhesekan. Ing ukuran alit punapa déné ageng, pepecahan kelampahan amargi béda-bédaning kawontenan ingkang pinanggih mboten saged dipun kemunah kanthi saé, ngantos dados dhesekan ingkang mboten saged kasanggi malih. Mangka, kawontenan béda punika dumados wonten ing pundi-pundi papan. Malah tiyang kalih ingkang kalairaken minangka anak kembar ugi nggadhahi kawontenan béda ingkang mboten sekedhik. Awit saking punika, dipun betahaken sanget kasagedan kanggé ngemunah kawontenan béda, supados mboten nuwuhaken pepecahan, saé

ing salebeting paguyuban brayat, pasamuwan, punapadéné paguyuban sanèsipun ingkang langkung wiyar.

Mirungganipun ing satengahing brayat, kawontenan benthèt utawi pepecahan ing salebeding sesambedan-sesambedan mboten kelampahan kanthi dumadakan. Kita saged sinau saking téori Beavers lan Hampson, satunggaling modhèl kanggé nggamaraken kaginanipun brayat, ingkang dipun tepangi kanthi istilah "*The Beavers Systems Model of Family Functioning*", inggih punika:

1. *Optimal family*, ing pundi saben tiyang ing brayat pikantuk papan ingkang sami sarta babag ngantos saged nindakaken kaginanipun piyambak-piyambak kanthi saé.
2. *Adequate family*, ing pundi wonten kontrol/pepriksan ingkang cekap kiyat saking setunggal utawi sawetawis tiyang, utawi wonten *stereotip* (tetembungan panyana) ing antawisipun warganing brayat, ananging saben tiyang taksih saged nindakaken jejibahanipun kanthi cekap saé.
3. *Mid - range family*, ing pundi brayat sampun wiwit keganggu ginanipun utawi ngalami *disfungsi* ing bab *peran* utawi kalenggahan ing satengahing brayat. Ing tataran punika kados-kados dèrèng nuuhaken prakawis ingkang dados rembag amargi saben anggotaning brayat mboten nganggep prakawis punika minangka prakawis ingkang dados pirembagan.
4. *Borderline family*, ing pundi sampun dipun-sadhari wontenipun *disfungsi* (keganggu ginanipun) *peran* utawi kalenggahan ingkang wonten ing brayat, ing antawisipun kanthi jumehulipun prakawis mbaka prakawis amargi mboten mlampahing ginanipun kalenggahan-kalenggahan kasebat.
5. *Severely dysfunction family*, ing pundi mboten mlampahing ginanipun peran utawi kalenggahan-kalenggahan ing satengahing brayat sampun ngrisak sesambedan tuwin kapara njalari kawontenan benthèting sesambedan.

Saking gangsal babakan ing nginggil punika, jebul kawontenan benthèt utawi daya kakiyataning pepecahan ing salebeting brayat punika kawiwitan saking bab-bab ingkang ketingalipun alit ingkang mboten karampungaken kanthi saé.

Nalika kawontenan bédá punika tuwuh (dadosa karana bédanining klompok umur utawi bédá *generasi*, bédanipun kekarepan, bédanipun pamanggih, lsp.), saben tiyang prelu sinau ngemunah kawontenan bédá punika kanthi saé, supados wetahing brayat tansah kajagi. Punika mboten namung dados jejibahanipun tiyang sesémahan utawi tiyang sepuh, ananging ugi dados jejibahanipun anak-anak; lan sok sintena ingkang wonten ing salebetting brayat kasebat. Ing salebeding khotbah dinten punika, kita badhé ngraos-raosaken menggahing Gusti Allah ingkang ngrangkul kalih péhak ingkang kaanggep bédá sanget. Gusti Allah dados saèmper kaliyan lim ingkang nung-gilaken kalih péhak ingkang bédá wau minangka warganeting brayatipun Gusti Allah.

Ing Éfesus 2: 11-22 ingkang kalawau kita waos, Rasul Paulus ngémutaken pasamuwan ing Éfesus menggahing idhèntitasipun (tetengeripun) pasamuwan minangka tiyang-tiyang sanès Yahudi ingkang sakawit gesang tanpa pangajeng-ajeng, malah tanpa Gusti Allah. Dénings tiyang-tiyang Yahudi, pasamuwan kaanggep minangka tiyang-tiyang ingkang tebih saking Gusti Allah, sarta ugi tebih saking kawilujengan. Ananging sasampunipun pasamuwan wanuh Sang Kristus, tetengeripun pasamuwan kaanyaraken. Pasamuwan ingkang sakawit kaanggep tebih saking Gusti Allah saha pakaryaning kawilujengan-Ipun, samangké dados celak. Sang Kristus sampun nunggilaken sadaya tiyang ingkang pitados dhateng Panjeneanganipun, dadosa tiyang-tiyang ingkang sakawit kaanggep “celak” kaliyan kawilujengan, inggih punika tiyang-tiyang Yahudi – punapadéné tiyang-tiyang ingkang sakawit kaanggep “tebih” saking kawilujengan, inggih punika tiyang-tiyang sanès Yahudi. Kalih péhak ingkang sampun katunggilaken ing Sang Kristus punika dados satunggaling brayat ageng umatipun Gusti Allah. mBoten wonten malih ingkang dados “wong manca” utawi “wong neneka” ing antawisipun tiyang-tiyang punika, amargi samangké saben tiyang punika “warganeting brayatipun Gusti Allah”.

Éfesus 2:11-22 ngèngetaken kita menggahing sawetawis bab. *Kapisan*, manunggaling brayatipun Gusti Allah punika

kelampahan **lumantar Sang Kristus**. Lumantar pangorbana-nipun Sang Kristus ing kajeng salib, Gusti Allah ngrengkuh lan nimbal saben tiyang ing salebetung Sih-rahmatipun Gusti Allah. Tetak tata-lair, ingkang sadèrèngipun dados satunggaling sarat wigatos (malah utami) ingkang mratandhani tetengering umatipun Gusti Allah, samangké dados mboten utami malih, amargi témbok singgetan antawisipun tiyang Yahudi kaliyan sanès Yahudi sampun karubuhaken lumantar pangorbananipun Sang Kristus. Pangrengkuhing katresnanipun Gusti Allah lumantar Sang Kristus punika mbangun patunggilan. Kalih péhak ingkang sakawit sesatron sampun karukunaken. Ingkang rumiyin “tebih” saking Gusti Allah lan pakaryaning kawi-lujengan-Ipun, samangké dados “celak”. Ingkang sakawit dados satru, samangké dados warganeting brayat. Sadaya punika babarpindhah sanès amargi pambudidayanipun tiyang-tiyang punika, ananging awit saking pakaryanipun Gusti Allah ing salebetung Sang Kristus lan lumantar Sang Kristus.

*(Pasamuwan kasuwun mirsani pilem cekak “DIVERSITY”
sasampunipun pokok kapisan punika).*

Kaping kalih, umat ingkang sampun karukunaken punika kasebat minangka **“manungsa anyar”** (ayat 15). “Anyar” ing ngriki kagandhèngaken kaliyan pangraosipun umat menggah Sinten lan punapa ingkang dipun pitados, inggih punika Sang Kristus ingkang ngluwari, mboten malih kawengku déning Torèt. Minangka manungsa anyar (titah anyar), gesangging umatipun Allah ugi nggadhahi ancas utawi ener ingkang anyar, inggih punika kanggé gesang ing salebetung tentrem rahayu. Tentrem-rahayunipun Gusti Allah nggrengsengaken umat kanggé gesang rukun ugi kaliyan sakiwatengenipun. Wonten ing gesangipun minangka manungsa anyar, umat kabangun dados Padalemaning Allah ing salebetung Roh. Tegesipun, umatipun Gusti Allah tinimbalan kanggé nélakaken pakaryanipun Roh lumantar gesangipun dadosa sacara pribadi punapadéné sacara sesarengan saben dinten.

Kaping tiga, umat kabangun kanthi Sang Kristus minangka watu pojokan. Watu pojokan punika satunggaling sèla ageng saha kukuh ingkang kapapanaken wonten ing pojokan utami satunggaling bangunan. Papanipun séla punika dados panutan tumrap patrap ngukur pérangan-pérangan sanès saking bangunan kasebat. Watu pojokan ugi nyambetaken pérangan wekasan témbok ing satunggal sisih kaliyan témbok ing sasisihipun (ndamel pojokan). Punika sababipun ing ayat 20 dipun ngendikakaken bilih Gusti Yésus piyambak dados pambanguning warga brayatipun Allah. Lumantar Panjenganipun pucaking pakaryan kawilujenganipun Gusti Allah tumrap jagad punika kelampahan. Panjenenganipun nyambetaken tiyang-tiyang ingkang rumiyin kaanggep “celak” lan “tebih”. Sanadyan wonten tumindakipun para rasul saha para nabi, ananging Gusti Yésus dados punjering sadaya pakaryan punika. Makaten ugi tumraping kita wekdal sapunika, mapanaken Sang Kristus minangka watu pojokan ateges kita cumawis nglajengaken mbangun gesang ingkang ngener dhateng Sang Kristus.

Tetiganing pokok ingkang dipun antebaken ing nginggil nedahaken ada-adanipun Gusti Allah kanggé nunggilaken umatipun. Bédanipun Yahudi kaliyan sanès Yahudi ingkang sakawit kaanggep minangka témbok singgetan ugi sampun karubuhaken, sarta Sang Watu Pojokan nunggilaken kalihing kawontenan béda punika. Makaten ugi ing gesang umatipun Allah wekdal samangké. Wonten kathah kawontenan béda ingkang saged dados sumbering pepecahan, kalebet ing wewenkoning brayat kita. Dinten punika kita dipun-émutaken bilih Gusti Yésus ngrukunaken kita ing satengahing manékawarni kawontenan béda. Panjenenganipun ndadosaken manungsa anyar ingkang gesang wonten ing tentrem-rahayunipun Gusti, kanggé ndhèrèk nindakaken pakaryanipun Gusti Yésus ing jagad punika. Kanthi Sang Kristus minangka watu pojokan, kita kautus kanggé makarya kanthi tansah ndadosaken Sang Kristus punjering gesang kita.

Ibu, bapak, sadhèrèk sarta anak-anak ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Selaras kaliyan jejer kita dinten punika: “Kita Brayatipun Allah”, kita sadaya sampun katampi déning Gusti Allah kalawan saben kaaèngan kita, lan katunggilaken kaliyan sesami ingkang béda kaliyan kita. Ing wewengkon brayat, Sang Kristus dados punjering gesang kita, ing pundi saben pakaryan kita temtunipun ngener dhateng tékad kanggé ngluhuraken Gusti Allah. Sesrawungan antawisipun ingkang kakung kaliyan ingkang putri, tiyang sepuh kaliyan anak-anak, tuwin ing antawisipun sadhèrèk katalesan kalayan kesagahan kanggé samidéné tampi-tinampi, sanès minangka “aku lan kowé utawa dhèwèké” ananging minangka pérangan saking “kita”. Makaten ugi ing salebetung wewengkon ingkang langkung wiyar minangka brayating umatipun Gusti Allah, kita ugi sesami warganing brayatipun Allah. Wiwit dinten punika kita kaémutaken malih kanggé nindakaken panduman kita ing satengahing paguyubanipun brayat lan pasamuwan kanthi langkung tumemen, supados brayat kita mboten ngalami keganggu ginanipun, ananging saged kanthi paling saé samidéné sengkuyungan tumrap tuwuwing iman lan kualitas utawi alabeciking gesangipun saben warganing brayat.

Dinten punika ing salebetung pèngetan Dinten Pakabaran Injil Indonesia sarta riyaya Bujana Suci Sajagad, umat ugi kaèngetaken bilih kita mujudaken pérangan saking umatipun Gusti Allah ing jagad. Sadaya pepranganing iman punika mboten kita tindakaken piyambakan, ananging sesarengan minangka brayatipun Gusti Allah. Menawi wonten wekdalipun brayat kita ngalami geguletan tartamtu, mugi punapa ingkang kita émut-émut menggahing anggèn kita sesarengan minangka brayatipun Gusti Allah ing jagad punika ugi nggrengsengaken kita kanggé tansah panggah lan tarung sesarengan ing kasetyan dhumateng Gusti Allah. Amin.

Variasi Métodhe Ngladosaken Khotbah

1. Ing pérlangan tengah khotbah, sasampunipun ngaturaken pokok kapisan, saged dipun puteraken film “DIVERSITY” (link: https://youtu.be/lSir_8JeOdQ)
 - Kadosdéné *krayon-krayon* (potelod ingkang gadhah werni rupi-rupi kayasa saking lilin) ingkang marupi-rupi warninipun ingkang katunggilaken ing satunggaling kothak, kita piyambak-piyambak bédha lan mirungga ing satengahing paguyuban. Ing salebetung adeg mirungga punika kita dumugi sarta kita sinau kanggé samidéné tampi-tinampi, ananging ugi samidéné andum gesang, makarya sesarengan kanggé ndamel satunggaling gambar ingkang éndah.
 - Ing salebetung Sang Kristus, saben kaanéhan kita dipun tampil, sarta kita dipun tunggilaken kaliyan sesami kita ingkang ugi nggadhahi adeg mirungga. Tujuwanipun kanggé tumut nggamar sesarengan ing salebetung pakaryan agungipun Gusti Allah, minangka warganing brayatipun Gusti Allah.
2. Ing pungkasaning khotbah, pasamuwan saged kaajak ngidungaken lagu “God’s Family” (link: <https://youtu.be/ax47qefwRRY>) utawi kawulangna lagu punika sarta sadèrèngipun kaedumna *link* utawi *tautan* (sesambungan) punika, supados dipun sinaoni langkung rumiyin déning pasamuwan. Pasamuwan ugi saged kaajak ngrékam sesarengan brayatipun piyambak-piyambak, kanggé dipun tunggilaken ing salebetung *virtual choir video* (vidhio nembang sesarengan sacara kanyatan tanpa pepanggihan) ingkang saged kagiyaraken ing Minggu pungkasan/ panutupan Wulan Brayat.

Cathetan Pustaka (Buku)

1. Beavers, R & Hampson, R.B (2000). The beavers systems model of family functioning . Jounal of Family Therapy 22, 128-143.

2. Bens, R. M (2004). Child family, school, community: Socialization and support. Belmont, CA: Wadsworth.
3. Duvall, E. M & Miller B, C (1985) Marriage and Family Development (6th-Ed). New York : Harper & Row Publisher.

[HAS-MRYEK-DEN]



KHOTBAH**Minggu 2***Minggu, 10 Oktober 2021*

Waosan:

Jabur Masmur 32:1-11**Wantun
Ngakeni lan
Nampi****KHOTBAH JANGKEP****“Wantun Ngakeni lan Nampi”**

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, menawi kita mirsani pilem-pilem *super hero modern* (pilem ingkang nyariyosaken gegedhug istiméwa jaman modhèren) wonten bleger badhud asesilih Joker¹ ingkang dados mengsa utaminipun Bat Man. Ing salebetung ayahanipun, Joker kajibah minangka *villain* utawi tiyang ingkang dados bleger dhemen mbangkang. Ing pilem Bat Man, piyambakipun mujudaken satunggaling ahli seni ingkang dados badhut kanggé nglipur masyarakat. Ananging ingkang sapriki katampi piyambakipun malah patrap mboten adil, kécalan sémah ingkang dipun tresnani amargi sakit, dipun-cirèni awon déning tiyang-tiyang ing sakiwa tengenipun, ugi kawontenan politik ingkang kisruh ing kitha ingkang dipun enggèni. Cetha, sadaya punika nuwuhaken tatu ing manahipun, ngantos piyambakipun milih margi kanggé dados bleger ingkang dhemen mbangkang ingkang ngisruhaken kitha, kanggé nggayuh pepénginan pribadi ndamel kabingahan kanthi cara ingkang lepat.

Punapa ingkang dipun alami Joker punika gambaranipun manungsa ingkang bludaging pangraosipun batos ingkang nuwuhaken tatu punika mboten kalairaken utawi mboten dipun-

¹ Kanggé bleger Joker punika ing salebetung paladosan khotbah ing sangajenging brayat, saged dipun aturaken kanthi ngginakaken gegambaran mawi gambar bleger Joker ingkang mboten damel ajrihipun para laré.

kemunah kanthi saé. Kawontenan punika saged kita alami menawi kita njangkah ingkang mboten pas salebetipun ngemunah dhiri kita lumantar gesang ingkang kebak tandha pitakèn. Minangka tiyang pitados kita kaparingan wewengan kanggé saged sesarengan ing salebeting patunggilan punika ngraosaken malih gesang kita punika, sarta ngènget-ènget malih gambaraning gesang kita ingkang kapengker ngantos kita maujud kados kita ing wekdal samangké. Sampun temtu, sayektosipun punika dados gadhahan kita ingkang aji tumrap kita ing satengahing brayat. Brayat dados wadhah kawitan lan utami wonten ing proses utawi reruntutaning patrap mangun dhiri kita. Ananging kita kedah ènget bilih Gusti Allah nitahaken saben pribadi punika aèng lan mligi. Saking mliginipun kita ing ngarsanipun Gusti Allah, Gusti Allah karsa ngrengkuh kita sarta nebus kita. Ananging kaaèngan punika mbetahaken tumindak ngetrepaken saha mbetahaken papan ing manahipun saben manungsa.

Pasamuwan ingkang kinasihi, Juru Masmur wonten ing pengalamaning gesang ingkang dipun babar ing Kitab Jabur Masmur, badhé ngaturaken bilih piyambakipun ugi naté ngraosaken obah osiking momotan gesang ingkang metek dhirinipun, dadosa punika tuwuh saking kawontenanipun tiyang-tiyang ingkang celak kaliyan piyambakipun, ugi saking dhirinipun piyambak. Sadaya punika ndamel piyambakipun mboten saged ngetingalaken punapa ingkang karaosaken ing ngajengipun tiyang sanès. Juru Masmur mbetahaken papan mirungan kanggé saged nglairaken punapa ingkang karaosaken ngawrat-awrati lan meteg gesangipun. Juru Masmur manggihaken papan punika wonten ing pandonga dhumateng Gusti Allah. Gusti Allah nyawisi papan kanggé Juru Masmur nglairaken sadaya ingkang karaosaken sinaosa pait pisan. Ing papan pandonga punika tuwuh kalegan tuwin panampi ing pundi piyambakipun saged manggihaken kaweningan tuwin wekdal kanggé ngraosaken malih punapa ingkang dipun lang-kungi ngantos tuwhaken tatu punika. Ing pandonga punika kajujuran tuwin pasrahing dhiri dados ingkang utami, sarta Gusti Allah temtu mboten matesi, amargi Panjenenganipun tansah wonten

kanggé kita. Sarta ing pungkasanipun Gusti Allah mitulungi lumantar dhirinipun Juru Masmur punika piyambak. Juru Masmur manggihaken margi sarta panampi menggahing kawontenan dhirinipun kanthi cara rila sarta sumadhiya kanggé kawangun malih ing salebeting kawontenan ombèr lan bingah.

Papan lan wekdal dados salah satunggaling cara tumrap saben tiyang pitados kanggé saged ngemunah dhirinipun. Kalamangsa kathah tiyang ngersakaken supados geguletaning gesang ing satengahing brayat saged énggal rampung lan pindhah dhateng tataran salajengipun. Ananging kawontenan kesesa dados jalaran ingkang saged damel kapitunan dhateng gesangipun piyambak, ingkang nyakiti menawi mboten dipun-wékani. Ing salebeting brayat kanthi kaanéhaning saben warganipun, kita kaajak supados nggatosaken bilih saben pribadi nggadhahi cara lan wekdalipun piyambak-piyambak salebetipun nanggapi satunggaling prakawis ing gesangipun. Kita mboten saged nuntut sadaya tiyang sami. Kadodséné Gusti Allah ingkang maringi papan tumrap Juru Masmur, mila kita tinimbalan nulad punika. Kita tinimbalan kanggé dados pamiyarsa lan wadhadh ingkang rila nadhahi sadaya pengalaman tanpa patrap ngakimi. Menawi sadaya punika kita tindakaken, mila saben tiyang ugi warganing brayat kita badhé langkung wantun jujur menggahing kawontenanipun warganing brayat lan ugi wantun nampi kawontenan punika. Gambaran samidéné tampi-tinampi kados makaten punika ingkang kakersakaken déning Gusti Allah minangka Ingkang Mengku gesang.

Pasamuwan ingkang kinasih, cumawising papan tumrap panampi menggah wontenipun tatu ingkang karaosaken, kedah katindakaken ing salebeting brayat. Saben warganing brayat tinimbalan supados saged samidéné tampi tinampi. Sumangga minangka tiyang sepuh, cawisna papan lan wekdal kanggé anak-anak supados nglairaken punapa ingkang dipun alami lan dipun raosaken, dadosa punika sesambutan kaliyan pasinaon punapadéné pasrawungan, tanpa ngakimi anak-anak. Kanthi cara makaten, anak-anak saged nglairaken punapa ingkang mbokbilih sapriki dados pepalang tumrap gesangipun. Ing sisih sanès, sumangga para sadhèrèk minangka anak ugi kaajak

kanggé dados ingkang mitulungi tiyang sepuh utawi tiyang ingkang celak kaliyan piyambakipun. Para sadhèrèk minangka anak saged mbiyantu ngayahi padamelan nggriya sarta srawung kaliyan bapak, ibu, tuwin sadhèrèk kanthi ngirangi anggènipun dolanan *gadget* (praboting pasrawungan). Sumangga kita damel tiyang-tiyang ing sakiwa tengen kita saged mèsem sarta tuwuhan kabingahanipun. Kanggé nindakaken sadaya punika, kita temtu kedah samidéné purun nampèni kawontenanipun satunggal lan sanèsipun. Mugi saben warganeting brayat saged kanthi mardika nglairaken sadaya ingkang kelampahan ing pengalamaning gesangipun. Kajengipun warganeting brayat piyambak-piyambak saged nglairaken punapa kémawon ingkang naté dipun langkungi wonten ing gesangipun, kalebet tatuning batos ingkang dipun-gadhahi. Tatuning batos ingkang mbok-bilih naté karaosaken amargi karingkihaning kamanungsan saged kapulihaken kanthi wontenipun kaombèraning manah sasampunipun saged nampi lan nglairaken kanthi raos samidéné pitados tiyang satunggal lan sanèsipun, kadosené pandonga dhumateng Gusti Allah ingkang kebak kajujuran lan punapa wontenipun. Amin.

[HKS-DEN]



**KHOTBAH
Minggu 3**
Minggu, 17 Oktober 2021

Waosan Kitab Suci:
1 Pétrus 2: 24-25

**Aku Muliaké
Sliramu**
ѠѠѠ

KHOTBAH JANGKEP

Bapak, ibu, anak-anak,

Kula badhé nyuwun pirsa dhateng sadaya: punapa naté ketaman *sariawan* utawi gomen? Kagem ingkang naté ketaman, kadospundi raosipun? Inggih anak-anak, bapak, ibu sadaya, gomen kanthi tatu ing ilat, gusi utawi tutuk, ndamel tutuk kita raosipun perih. Amargi raos perih punika kita kécalan pepénginan nedha lan ngunjuk. Nalika dhaharan utawi unjukan kalebetaken dhateng tutuk, raosipun tetedhan lan unjukan punika saya natoni tatu gomen kita. Akibatipun badan raosipun mboten sekéca, lemes, sarta sadaya kagiyatan mboten sekéca dipun tindakaken. Rak mboten sekéca ta?

Gomen (*sariawan*) punika tatu ingkang ketinggal. Amargi ketinggal, mila kanggé mulihaken, kathah tiyang nètèsaken obat wonten ing tatumipun. Ugi wonten ingkang mulihaken kanthi cara ngunjuk obat gomen. Ing salebeting prosès (reruntutaning tumindak) mulihaken, kalamangsa kathah tiyang mboten samekta kanggé ngalami perihipun tètèsaning obat. Kawusanipun, mboten sekedhik tiyang ngèndelaken tatumipun punika ngantos mangké gomen punika badhé saras piyambak sairing lumampahing wekdal.

Ing salebeting gesang kita, wonten tatu ingkang mboten ketinggal. Tatu punika wonten ing salebeting batos. Kita wanuh tatu punika minangka tatuning batos. Amargi saben tiyang nggadhahi manah, mila saben tiyang sayektosipun nggadhahi tatuning batos. Tatu punika saged dados alit, ananging tatu punika mujudaken eri (sesakit) ing salebeting gesang ngantos

mepeti tuwuwing gesang kita. Sinaosa saben tiyang nggadhahi tatuning batos, émanipun mboten sadaya tiyang purun ngrembag. Ngrembag tatuning batos saged kelampahan kaanggep kados nètèsaken *obat merah* ing sangginggiling tatu ing badan. Sakit raosipun nalika mangertosi kakirangan-kakirangan malah dosa-dosa kita.

Kanggé dados pulih, ingkang sepisan kita tinimbalan supados jujur dhateng gesang kita piyambak. Kanthi wanuh lan ngemunah dhateng tatuning batos, kita badhé wanuh sinten ta kita punika, punapa karingkihan, kakirangan, lan dosa kita. Tatuning batos punika sayektosipun mboten namung pengalaman pait, *traumatis* (ngengengaken pikiran), mboten bingah ing wekdal ingkang kapengker ananging ugi prakawis-prakawis ingkang mboten samesthinipun sanèsipun ingkang dipun alami. Dipun-ugung, *permisip* (asipat sarwa ngidini) lan tumindak ngèndelaken tanpa tatanan, sadaya prakawis dipun parengaken lan dipun leresaken, dipun-jagi ingkang mboten samesthinipun, sayektosipun ugi nuwuhaken satunggaling tiyang ngalami tatuning batos. Makaten punika gesang ingkang èkstrém (kepati-pati) kiwa lan èkstrém (kepati-pati) tengen. Ingkang satunggal sangsara ingkang satunggalipun patrap ngèndelaken.

Sapunika kula badhé takèn dhateng anak-anak: menawa sliramu di-ugung, kabèh kabutuhan dicukupi, kabèh prakara ditandangi déning wong tuwamu, apa sliramu seneng? Ya mesthi seneng. Nanging, ana prakara kang prelu sliramu mangertèni menawa sliramu diugung, kabèh kabutuhan dicukupi, sliramu ora diparingi tatanan, menawa sliramu muring lan nyuwun dipundhutaké sawijining barang dituruti, kabèh mau sejatiné ora becik kanggo sliramu. Iku ibarat wisa kang disèlèhaké ana ing panganan kang énak-énak. Mula kang bakal kelakon, menawa sliramu diugung, dicukupi kabèh, ora diparengaké ngréwangi wong tuwa, matura marang wong tuwamu: matur nuwun bapak, matur nuwun ibu, sapunika kula badhé sinau mandhiri tuwin sinau supados mboten dipun-ugung déning bapak saha ibu.

Makaten ugi kagem para tiyang sepuh, singkirana keladuk ngugung kang putra, amargi kanthi keladug ngugung punika tiyang sepuh saweg nanem tatuning batos. Kaajaka kang putra kanggé sinau mandhiri supados kang putra tuwuh dados pribadi ingkang kiyat.

Nyipati tatuning batos sayektosipun mujudaken margi ngener dhateng rahmating pamulihanipun Gusti Allah. Nalika satunggaling tiyang saged mulihaken dhirinipun piyambak, tiyang wau badhé ngéwahi krikil-krikil ingkang dados jalaran tatu-tatuning batos dados mutiyara éndah ing salebeting gesangipun. mBokmenawi kita naté mireng cariyos bab kadospundi kerang ngéwahi pasir ingkang natoni badanipun dados mutiyara éndah. Jansen H. Sinamo, ing buku "*Mengubah Pasir Menjadi Mutiara*" nyariyosaken bab tetarunganipun satunggaling kerang kanggé ngangsalaken mutiyara ingkang ageng sanget. Ingkang sapisan, nalika pasir mlebet dhateng cangkangipun, kerang sampun ngraosaken sakit. Badanipun ingkang empuk makaten karaos sakit awit garitan ingkang dipun-tuwuhaken déning gèsrèkan kaliyan pasir. Kanggé ngirangi raos sakitipun, mila satunggaling kerang ngedalaken yiyyid (*lendir*) saking wetengipun kanggé mbuntel pasir kasebat. Kanthi makaten, raos sakitipun mboten patos karaosaken. Kanthi ngalami prakawis punika sadangunipun pinten-pinten taun, pasir punika saweg dados mutiyara ingkang éndah sanget sarta awis. Cariyos punika ngajak kita ngraosaken bab tatuning batos. Menawi kita purun mbikak dhiri kita kanggé pulih, pamulihan badhé dipun alami.

Bapak, ibu, anak-anak sadaya,

Amargi saben tiyang gadhah tatuning batos, wonten pitakènan kanggé kita sadaya: "Punapa panjenengan purun gesang panjenengan kapulihaken? Punapa kita purun saras? Sejatosipun, sinten ingkang sagah nyarasaken?" Kasarasan punika sejatosipun kawiwitán saking dhiri kita. Dhiri ingkang purun kapulihaken. Ing sisih sanès, wonten sih-rahmat ingkang nglimputi kita.

Wonten ing seratipun, Rasul Pétrus ngandika:

“Panjenengané piyambak wis ngrembat dosa kita ing sarirané ana ing kayu salib, supaya kita kang wis mati tumraping dosa, padha urip tumrap prakara kang bener. Marga saka bilur-biluré kowé wis padha kawarasaké. Awitdéné biyèn kowé padha kaya wedhus kang kesasar, nanging saiki wis padha bali marang Pangon sarta Pamomonging nyawamu.”

Panjenenganipun piyambak sampun ngrembat dosa kita ing Sariranipun wonten ing kajeng salib. Tembung dosa ing ngriki saged kapertal minangka tembung kriya ingkang nedahaken lelampaahan utawi tumindak duraka. Punapa tatuming batos saged dipun-tegesi minangka tumindak dosa? Minangka tatu ing salebetung batos, kedahipun prakawis punika sanès tumindak dosa. Ananging, daya pangaribawa ingkang kelampahan saking tatu-tatunipun batos, saged ngener dhateng tumindak dosa. Tiyang ingkang tatu batosipun saged tanpa ngrumaosi natoni tiyang-tiyang ing sakiwa-tengenipun. Ugi wonten tumindak-tumindak sanès ingkang njalari awon tumrap gesang, amargi pepénginan males endhem-endheman dhateng pandamel awon ingkang naté katampi ngantos ndamel gesang kajeglong ing pakèwet.

Menawi Panjenenganipun ngrembat dosa ing kajeng salib, punapa maknanipun? Ingkang dipun antebaken ing ngriki pancèn sanès wonten ing lelampaahan utawi tumindak ngrembat, ananging wonten ing kalepatan ingkang pantes kaukum amargi dosa. Kalepatan punika dipun-sababaken déning pandamelipun manungsa ingkang duraka. Awit saking punika, wonten ing sawetawis basa, pérangan kawitan ayat punika saged kapertal dados: Kristus piyambak nandhang sangsara ing kayu salib kanggo nanggung kaluputan kang dijalari déning panggawé kita kang ala utawa kita wus tumindak luput, ananging Kristus piyambak kang kaukum amarga kaluputan kita iku. Nalika Panjenengané séda, Panjenengané nandhang sangsara kanggo nanggung kawusananing dosa-dosané manungsa. Dosa ing ngriki ugi kalebet kalepatan, laknat, tuwin paukumanipun kawusananing dosa punika. Kanthi Sédanipun ing kajeng salib, manungsa pikantuk pangapuntening dosa saking Gusti Allah.

Ancasing pangapuntening dosa inggih punika supados kita, ingkang sampun pejah tumraping dosa, gesang tumraping kaleresan. Cuplikan seratan punika ngewrat makna bilih Panjenenganipun séda supados kita ugi pejah tumraping dosa sarta gesang kanggé kaleresan. Pejah tumraping dosa mujudaken pasemon kanggé nedahaken kawontenan uwal saking panguwaos utawi pangaribawa, sarta pepénginan kanggé damel dosa ingkang wusananipun wonten ing gesang kanggé kaleresan. Sédanipun Sang Kristus ing kajeng salib ndamel kita saged gesang kanggé kaleresan. Gusti Allah ngersakaken umat Kagunganipun nggadhahi pakulinan-pakulinan anyar minangka tiyang-tiyang ingkang gesang amargi sih-rahmatipun Allah.

Bilur-biluripun Kristus punika sih-rahmatipun Gusti Allah ingkang mulihaken. "Marga saka bilur-biluré kowé wis padha kawarasaké." Ukara punika dipun-lairaken déning ingkang nyerat serat Pétrus punika bab iba awratipun marginipun Sang Kristus kanggé mulihaken gesang. Tembung "bilur-biluré" nggadhahi sesambedian kaliyan kasangsaran ingkang dipun alami Gusti Yésus nalika Panjenenganipun dipun-tatoni nalika Panyalibanipun. Kanthi margining salib punika Gusti ngersakken mangkénipun mboten wonten malih sesamining manungsa ingkang gesang kanthi samidéné natoni. Ing basa samangké bab punika saged dipun paringi makna: Stop genti-gentèn natoni! Sliramu wus waras.

Wus waras. Tembung punika saged dipun-pertal: "wus dadi becik manèh" utawi "kadadèkaké séhat manèh" utawi "kapulihaké". Tembung "kapulihaké" ing ngriki ngewrat makna ingkang wetah (*holistik*) ing pundi sadaya ukuraning gesang èstu-èstu kapulihaken. Pamulihan kagambaraken kadosdéné ménda ingkang wangslu dhateng pangènipun. Tumindakipun ménda ingkang ketaton dados mbedhal tuwin mboten ndalan (kita kaémutaken dhateng nyanyian Kidung Jemaat 240:2 – *Yesus cari akan daku, domba binal yang sesat; Untuk membela diriku dipikul-Nya salib b'rati*). Amargi mbedhalipun tuwin mboten ndalanipun punika, ménda punika nindakaken tumindak-tumindak nyrudug mrika – nyrudug mrika ngantos natoni sesaminipun. Wangsulipun ménda dhateng pangkoning

pangèn, ndamel gesangipun pun ménda punika dados saé saha ndhatengaken kasaénan amargi ing astanipun sang pangèn, nyawanipun karimat kanthi wetah.

Ing pamawasing pamulihan saking tatuning batos, satunggaling tiyang ingkang batosipun ketaton badhé dados pulih menawi purun gesang ing salebetung kawontenan tinarbuka. Menawi satunggaling tiyang nyélaki pengalaman-pengalaman ingkang pait, ateges satunggaling tiyang ugi nyélaki gesangipun piyambak kanggé pulih malih. Menawi satunggaling tiyang mirsani tatuning batos ing gesangipun piyambak, ananging nampik raos sakitipun, mila piyambakipun badhé kapisahaken saking kawetahaning dhiri minangka manungsa, kados-kados piyambakipun nggadhahi kalih cara gesang ingkang bënten. Kawontenan punika badhé nebihaken satunggaling tiyang saking rumaosing émosi tuwin pangangen-angen ingkang satunggal lan satunggalipun nyepeng kaginanipun ing salebetung mulihaken tatuning batos. Kuncinipun pamulihan inggih punika wantun ndhudhah sadaya lelampaahan ingkang dipun alami ing wekdal kapengker dhateng mitra ingkang purun mirengaken lan kagungan émpati (kagungan raos pangraos utawi pikiran ingkang sami kaliyan pangraos lan pikiranipun tiyang sanès).

Kanthi ngandika “Awitdéné biyèn kowé padha kaya wedhus kang kesasar, nanging saiki wis padha bali marang Pangon sarta Pamomonging nyawamu,” ketingal bilih ingkang nyerat serat Pétrus nindakaken pangamping-ampingan kanthi ngajak umat mirsani kawontenaning gesang ingkang sampun dipun-lampahi ing wekdal kapengker sarta bëntening gesang ing wekdal samangké. Ingkang nyerat serat Pétrus ngèngetaken umat menggah pamulihan ingkang asumber saking Gusti Allah. Panjenenganipun tansah mulihaken kanthi ngrimati nyawa kados satunggaling pangèn ingkang tumemen, kebak katresnan ngrimati ménda-méndanipun. Mila seratipun rasul Pétrus punika mituturi saiba wigatosipun pitados dhumateng Gusti Allah ingkang mulihaken tuwin ngrimati gesang.

Pitados dhumateng Gusti Allah, Sang Pangèn ingkang ngrimati gesang prelu karaosaken kanthi èstu-èstu supados kapitadosan punika èstu-èstu nggadhahi daya pangaribawa. Kita

saos sokur amargi panalitèn-panalitèn wekdal samangké manggihaken daya pangaribawa ingkang saé saking kapitadosan dhumateng Gusti Allah ing gesang nyata. Dr. Harold G Koenig, ingkang ngedegaken tuwin direktur Duke University Center kanggé wulangan agami lan keséhatan nyebataken bilih iman, pitados dhumateng Gusti Allah, menawi dipun-pitados saèstu sacara teras-terasan badhé nuwuhaken pangaribawa ageng wonten ing tataran keséhatanipun satunggaling tiyang. Iman kapitadosan badhé nggadahahi daya pangaribawa dhateng badan kanthi cara:

1. nDandosi kaginanipun daya kakiyatanning badan nulak sesakit ingkang ngindhakaken kesanggemanipun badan kanggé nanggulangi klebetan marupi-rupi *bakteri* lan *virus* (bibit sesakit).
2. Ngandhapaken lelapisaning *stress* (bunek amargi kesengkan pikir), raos duka, mboten jenjem, saha raos ajrih.
3. Ngirangi prabawaning *kanker*, *hipertensi* (bludrek), lan *stroke* (serangan utek).
4. Ngirangi *dhéprési* (jibek).
5. Ngandhapaken risiko sesakit *mental* (raos-pangraos) lan ngindhakaken *mental positip*.
6. mBiyantu nanggulangi hawa pepinginan dhateng jat tertamtu.
7. Ngirangi kelampahaning ngendhat lan ngginakaken/ ngunjuk obat-obatan ingkang dipun awisi lan *alcohol*.
8. Ngindhakaken pangajeng-ajeng, *optimisme*, ancasing gesang, bingah, marem dhateng padamelan lan kabingahan.
9. nJangkepi satunggaling tiyang kanggé nanggulangi kawontenan ingkang mboten gampil kanthi langkung saé sarta ndandosi kesanggemaning satunggaling tiyang kanggé nanggulangi pakèwetipun.
10. Ngindhakaken drajading keséhatan sarta ndawakaken pangajeng-ajenging gesang.

Bapak, ibu, anak-anak sadaya,

Sabdaniipun Gusti dinten punika ngajak kita sadaya kanggé èstù-èstu pitados dhumateng Gusti Allah. Panjenenganipun punika Gusti ingkang ngandika: “Aku mulihaké sliramu, apa sliramu gelem pulih?” Nyelak, rumaketa dhumateng Panjenenganipun,

Sang Pamulih, Sang Pangrimating Nyawa. Udinen sadaya punika ing salebeting gesangipun brayat. Raosna katrenganipun Gusti Allah ingkang mulihaken kita sesarengan brayat. Wilujeng dados pulih sesarengan Panjenenganipun ing salebeting brayat. Amin.

Sumbering Pitedah:

1. Daniel C. Arichea dan Eugene A. Nida, Surat Petrus yang Pertama, Jakarta, Lembaga Alkitab Indonesia, 2013.
2. Dr. Iskandar Junaidi, Living Good dan Healty – Sehat Lahir dan Batin, Yogyakarta, Penerbit Andi Offcet, 2014.
3. Patrick J. Hartin, Surat Petrus yang Pertama, dalam buku Tafsir Perjanjian Baru, Yogyakarta, Kanisius, 2018.
4. https://lead.sabda.org/mengubah_pasir_menjadi_mutiara

(WSN-DEN)



KHOTBAH**Minggu 4***Minggu, 24 Oktober 2021*

Waosan Kitab Suci:

Markus 10:46-52**Kula Temtu****Saras****KHOTBAH JANGKEP****“Kula Temtu Saras”**

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, saben tiyang ingkang mriksakaken badanipun dhateng dhokter, temtu ngajeng-ajeng pinaringan kasarasan sasampunipun dipun-priksa. Ananging, pasièn asring nutup-nutupi bab riwayating sesakit, utawi bab-bab sanès ingkang dipun takèkaken déning dhokter. Upaminipun, “Punapa bapak/ibu ses utawi ngunjuk unjukan mendemi?” “Punapa bapak/ibu sregep ulah raga?” “Punapa bapak/ibu kagungan riwayat sesakit?” “Punapa bapak/ibu ajeg ngunjuk obat?” sarta pitakènan-pitakènan sanèsipun. Asring, pasièn aras-arasen kanggé ngaturaken katrangan sacara tinarbuka. Mangka wangsulanipun pasièn mangaribawani sanget dhateng dhiagnose (pepriksan tumrap) sesakit ingkang katindakaken déning dhokter. Dhiagnose ingkang pas eneripun temtu badhé ndayani dhateng prosès kasarasanipun. Menawi pasièn mboten jujur menggah punapa ingkang dipun alami, kadospundi tiyang punika pikantuk kasarasan ingkang dipun ajeng-ajeng?

Awit saking punika, menawi kita murugi dhokter lan kepéngin saras, mila kita kedah wantun jujur. Jujur dhateng dhiri kita piyambak lan jujur dhateng dhokter. Kita temtu wantun kanggé ngakeni karingkihaning badan kita, pakulinan kita, tuwin malah wantun nampèni marupi-rupi pandamel tuwin asiling dhiagnose ingkang katindakaken déning dhokter. Menawi kita sampun nindakaken sadaya punika, ateges kita

sampun mujudaken kayakinan kita kanggé saras, temtu kanthi pitulunganipun Gusti.

Bab ingkang sami kaetrapaken ing “tatu” ingkang kita gadhahi, ananging “tatu” kasebat mboten ketingal déning mripat kita. “Tatu” punika “tatuning batos”. Minangka titah ingkang ringkih, kita ugi mboten kalis saking “tatu”. Kita saged sanget kémawon “ketaton”, saé kita ngrumaosi “tatu” punika utawi mboten. Malah, kita ugi saged natoni sesami kita, saé kita rumaosi utawi mboten, kita sengaja utawi mboten. “Tatu” ingkang kasimpun ing salebetung dhiri kita saged dados “wisa” ingkang ndamel kita ngrekaos kanggé gesang kanthi tentrem. Mila, kita prelu ngrumaosi karingkihan kita, “tatu” ingkang pinanggih ing dhiri kita, tuwin nyuwun pitulunganipun Gusti Allah supados kita pikantuk “kasarasan”. Kita saged sinau saking blegeripun Bartiméus.

Para sadhèrèk, Bartiméus punika satunggalin pepriman ingkang wuta. Piyambakipun nggadhahi keyakinan bilih Gusti Yésus punika Mésias. Piyambakipun nyapa-aruh Gusti Yésus kanthi sebatan, “Dhuh, Yésus, Putranipun Daud,”. Panyapa-aruh ingkang mboten limrah, sabab kathah-kathahipun tiyang ngaturi Gusti Yésus kanthi panyapa-aruh, “Dhuh, Yésus saking Nasarèt”. Panyapa-aruh punika nedahaken keyakinanipun bilih Gusti Yésus punika Mésias, awit sesebatan “Putranipun Daud” nedahaken dhateng Mésias ingkang badhé rawuh saking thedhakipun Daud.

Kanthi keyakinan punika, Bartiméus nyuwun supados Gusti Yésus melasi piyambakipun. Bartiméus ngajeng-ajeng pinaringan sih-rahmatipun Gusti Allah. Bartiméus pitados, Gusti Yésus punika Mésias sarta sembada nyarasaken piyambakipun. Mripatipun Bartiméus pancèn mboten saged mirsani, ananging “mripating rohani-nipun” nggadhahi kalandhepaning pangraosipun kanggé saged ningali sinten Gusti Yésus punika sayektosipun. Kanthi keyakinan punika, piyambakipun nguwuuh-uwuh kanggé ndudut kawigatosanipun Gusti Yésus, supados Gusti Yésus melasi piyambakipun.

Pangudi tuwin keyakinanipun Bartiméus punika mboten mlampah kanthi rancag. Piyambakipun pinanggih kaliyan

pepalang-pepalang. **Pepalang kapisan** inggih punika pepalang ingkang dipun-sababaken déning kawontenaning badanipun. Bartiméus mboten saged ningali punapa ingkang kelampahan ing sakiwa tengenipun. Piyambakipun namung nganggé dhasar pitedahing suwanten-suwantenipun tiyang kathah ing sakiwa tengenipun. Piyambakipun ugi mboten saged nyelak dhateng Gusti Yésus. Prakawis punika temtu angel katindakaken, langkung-langkung ing satengahing rubung-rubungipun tiyang kathah ingkang gumrudug. Dados, ingkang saged katindakaken Bartiméus namung nyuwanten sora. Ing Kitab Suci Basa Jawi pertal 1981 kasebataken bilih Bartiméus “nguwuh-uwuh” ingkang ateges nangis kalayan suwanten sora.

Pambengok, pasambat, tuwin panangisipun punika tetéla ndamel tiyang-tiyang ingkang wonten ing sakiwa tengenipun mboten remen. Nah, punika **pepalang ingkang angka kalih** ingkang dipun adhepi Bartiméus. Tiyang golongan (tiyang kathah) nyawang punapa ingkang katindakaken Bartiméus minangka satunggaling alangan. Ayat 48 nyebataken bilih “Wong akèh banjur padha menging, supaya meneng.....” Kitab Suci mawi Basa Jawi Padintenan mertal kanthi prasaja makaten: “Wong-wong padha ngélikaké Bartiméus, dikon meneng....”

Ing ngriki nengsemaken, saya Bartiméus kasuwun kèndel, malah sangsaya sora anggènipun Bartiméus mbengok dhumateng Gusti Yésus. Kamempenganipun Bartiméus ndadosaken Gusti Yésus karsa nggatosaken piyambakipun. Menawi tiyang kathah nyaruwé Bartiméus, Gusti Yésus malah nampi piyambakipun kanthi supeket. Bartiméus pancèn mboten saged nyelak dhateng Gusti Yésus, ananging malah Gusti Yésus piyambak ingkang nyelak lan manggihi Bartiméus. Panjenenganipun utusan tiyang supados nimbali Bartiméus. Bartiméus pikantuk panyengkuyung saking utusanipun Gusti Yésus ingkang ngandika, "Diteteg atimu, ngadega, Panjenengané nimbali kowé." Kita saged ngangen-angen, para utusanipun Gusti Yésus punika mbiyantu Bartiméus ngadeg tuwin nuntun piyambakipun manggihi Gusti Yésus.

Bartiméus marek ngarsanipun Gusti Yésus minangka pribadi ingkang nglengganani kasèkènganipun. Bartiméus

nguculi jubahipun, minangka tandha bilih piiyambakipun sowan ing ngarsanipun Gusti Yésus kanthi katemenan kanggé pikantuk kasarasan. Sikap utawi pratingkahing batosipun Bartiméus ketingalipun ndudut kawigatosanipun Gusti Yésus, ngantos Panjenenganipun ndangu, "Karepmu, kowé nyuwun dakkapakaké?" Bartiméus nyuwun satunggaling prakawis ingkang mbuktèkaken imanipun. Bartiméus nyuwun satunggaling prakawis ingkang namung saged katindakaken déning Gusti Allah. Bartiméus nyuwun "sageda sumerep!" Panyuwunanipun Bartiméus punika ndadosaken tandha-tandha karawuhanipun Gusti Allah punika kelampahan, kados ingkang sinerat ing Matius 11:5 inggih punika, "wong picak padha ndeleng, wong lumpuh padha lumaku, wong lara kusta padha kabirat najisé, wong budheg padha krungu, wong mati padha katangèkaké lan wong mlarat padha kawartanan kabar kabungahan."

Tumindakipun Bartiméus nélakaken kasantosaning manah ing salebeting pangudi pikantuk kasarasan. Piyambakipun mempeng salebetipun ngadhepi pepalang ingkang wonten. Piyambakipun mboten nyawang pepalang minangka satunggaling tetenger ingkang mungkasi sadaya pangajeng-ajeng. Piyambakipun taksih saged mirsani pangajeng-ajeng punika wonten ing Gusti Yésus. Keyakinanipun Bartiméus ugi nedahaken bilih piyambakipun cekap wanuh dhateng kawontenaning dhirinipun ing ngarsanipun Gusti Allah, kanthi saé sanget. Pitepangan utawi ngèngeti dhiri punika ndadosaken wantun nanggulangi sadaya pepalang sarta ugi wantun suméndhé sawetahipun dhumateng Gusti Yésus.

Pasamuwan ingkang kinasih, satunggaling filsuf (ahli pikir) sesilih Sokratès ngandika, "Gesang ingkang mboten dipun-tliti/dipun-téla kaken mboten pantes dipun lampahi". Pangandikanipun Sokratès punika kados-kados keladuk, ananging punapa ingkang dipun ngandikakaken punika leres. Kita prelu naliti utawi nélakaken dhiri kita. Wanuh dhateng dhiri pribadi badhé mbiyantu kita kanggé nglampahi gesang kanthi langkung tentrem, kadosa punapa ingkang kita adhepi. Kita tinimbalan ngrumaosi bilih kita saged kémawon ketaton amargi

pengalamaning wekdal ingkang kapengker, utawi patrap awon saking tiyang sanès wekdal samangké, utawi raos mboten kaanggep wonten, utawi kiranging kawigatosanipun tiyang-tiyang ingkang celak sanget, lan sapiturutipun. Ngakeni punika sadaya badhé nggampilaken kita kanggé pikantuk kasarasan, sampun temtu kanthi pitulunganipun Gusti. Jejering khotbah “Kula Temtu Saras”, ngewrat satunggaling kawontenan rumaos bilih wonten ingkang mboten tumata ing gesang kita, ugi keyakinan bilih mboten-tumatanipun punika saged dipun-tata saé kanthi pitulunganipun Gusti, Sang Juru Nyarasaken. Amin.

Cathetan Pustaka:

1. Bruggen, Jakob Van. *Markus: Injil Menurut Petrus*. Jakarta: BPK Gunung Mulia: Jakarta, 2016.
2. Hakh, Samuel Benyamin. *Perjanjian Baru: Sejarah, Pengantar, dan Pokok-Pokok Teologisnya*. Jakarta: BPK Gunung Mulia, 2019.
3. Hunter, Rodney J. *Dictionary of Pastoral Care and Counseling*. Peny. H. Newton Malony, Liston O. Mills, dan John Patton. General. Nashville: Abingdon Press, 1990.

(MSH & KDA-DEN)



KHOTBAH
Penutupan Wulan Brayat
Minggu, 31 Oktober 2021

Waosan:
Purwaning Dumadi 50:15-21
Yakobus 5: 15-16

**“Brayat Kula
Kapulihaken”**



KHOTBAH JANGKEP

“Brayat Kula Kapulihaken”

Umatipun Allah, wonten satunggaling lelampaahan nyata bab satunggaling pawèstri saking negari Inggris ingkang ngalami tatu batosipun ingkang mboten kapulihaken. Ing ngandhap punika ringkesaning lelampaahan nyata kasebat.

Punthuk Solsbery, punika satunggaling wilayah ing sacelakipun Bath, Samerset, Inggris ingkang nggadhahi sesawangan ingkang éndah sanget. Kirang langkung 20 taun kapengker, satunggaling pawèstri ingkang asesilih Valerie Vivia, tumbas griya tuwin pasitèn ingkang ngadhep punthuk Solsbery. Ing sangginggiling pasitèn kasebat, Valerie kagungan rancangan ngedegaken wewangunan griya sungsun 4.

Ananging rancangan kasebat katampik déning tanggi-tangginipun ingkang manggèn ing tlatah ingkang langkung inggil saking pasitènipun. Salah satunggaling tanggi ingkang nampik rancanganipun Valerie inggih punika Betty. Griya tuwin plataranipun Betty pas sisihan kaliyan pasitènipun Valerie. Valerie sampun nyuwun idi (palilah) kanthi saé kaliyan tanggi-tangginipun kanggé yasa wewangunan griya ing pasitènipun, ngantos rambah kaping 6. Ananging tanggi-tangginipun tetep mboten ngidini kanthi pawadan wewangunaning griya ingkang kinggilen badhé ngalang-alangi sakathahing tiyang ingkang manggèn ing wilayah nginggil kanggé nikmati sesawanganing punthuk Solsbery lan sakiwatengenipun.

Ngadhepi kanyatan panampiking tanggi-tangginipun, Valerie muring sanget, ananging nalika semanten mboten saged nindakaken punapa-punapa. Ketingalipun panampiking tanggi-tangginipun ngangsalaken tatuning batos ingkang maujud wonten ing raos sengit ingkang lebet ing manahipun Valerie. Valerie wurung yasa wewangunaning griya sungsun 4 ing pasitèn kagunganipun. Salajengipun Valerie nanem winih taneman ing sakubenging pasitènipun taneman ing pasitènipun minangka watesan. Tanggi-tangginipun Valerie nginten bilih Valerie sampaun saged nampi panampikipun tanggi-tangginipun. Ananging jebul kagiyanan nanem winih taneman ingkang katindakaken Valerie punika wujuding kamuringanipun dhateng tanggi-tangginipun. Valerie nanem winih wit konifer ingkang mujudaken salah satunggal jinising wit cemara ingkang cepet sanget tuwuhipun. Wit konifer saged tuwuh 1 mèter saben taunipun. Valerie kanthi sengaja mboten naté mapras wit-witan punika, ngantos ing sadangunipun wekdal 5 taun, winihing wit punika sampaun éwah dados wit-witan ingkang tuwuh inggil, Wit-wit punika ndamel tanggi-tangginipun ingkang manggèn ing wilayah nginggil mboten saged nikmati kaéndahaning sesawanganipun punthuk Solsbery, utaminipun Betty. Gangsal taun kapengker, Betty lan tanggi-tanggi sanèsipun saged nikmati éndahing sesawanganipun punthuk Solsbery. Ananging samangké, Betty lan tanggi-tangginipun kados kinjunjara déning wit ingkang tuwuh inggil.

Tanggi-tangginipun Valerie wusananipun mbekta prakawis punika dhateng pangadilan. Undhang-undhang nélakaken bilih wit-witan punika saged dipun tegor menawi sawenèhing tiyang ingkang manggèn ing ngriku kekirangan cahya utawi wit punika ngalang-alangi mlebetipun cahya. Ananging nyatanipun, wit-witanipun Valerie kasebat mboten ngalang-alangi cahya soroting srengéngé. Namung ngalang-alangi sesawangan.

Tatuning batos ingkang dipun alami Valerie nuwuhaken raos sengit ingkang lebet dhateng tanggi-tangginipun tuwin ndatengaken kapitunan tumrap dhirinipun Valerie piyambak, amargi piyambakipun kedah wongsal-wangsul dhateng pangadilan. Mitunani tanggi-tangginipun amargi tanggi-tangginipun mboten saged nikmati sesawangan tuwin ngrisak sesambedian

antawisipun Valerie kaliyan tanggi-tangginipun. Tatuning batos mboten badhé naté ndhatengaken kabegjan, malah ndhatengaken kapitunan ageng.

Sikap utawi pratingkahipun Valerie, kosokwang sul kaliyan sikapipun Yusuf. Yusuf ugi nggadhahi pengalaman dipuntanduki mboten ngremenaken déning tiyang sanès, inggih punika déning sadhèrèk-sadhèrèkipun piyambak. Yusuf dipun sadé déning sadhèrèkipun piyambak. Malah sadhèrèk-sadhèrèkipun Yusuf ngapusi dhateng Yakub keng ramanipun kanthi matur bilih Yusuf pejah déning trajanganipun kéwan galak. Punapa ingkang dipun alami Yusuf langkung awrat saking punapa ingkang dipun alami Valerie.

Kénging punapa sadhèrèk-sadhèrèkipun Yusuf nyadé Yusuf sarta matur dhateng bapakipun bilih Yusuf sampun pejah déning trajanganipun kéwan galak? Wangsulanipun inggih punika amargi sadhèrèk-sadhèrèkipun Yusuf nggadhahi tatuning batos dhateng rama Yakub bapakipun. Minangka bapak, sajakipun Yakub kajebag dhateng favoritisme (ngetingalaken raos remen dhateng sawenèhing tiyang) dhateng anak. Yakub ngutamèkaken Yusuf saking antawisipun sadhèrèk-sadhèrèk sanèsipun. Kacariyosaken bilih Yakub maringi jubah éndah sanget namung dhateng Yusuf. Manut sawetawis juru tafsir, jubah éndah punika jubah ingkang lengenipun panjang sarta kanthi makaten tiyang ingkang ngagem jubah punika mboten saged nindakaken padamelan kasar. Kanthi tembung sanès, Yakub ngluwari Yusuf saking padamelan awrat. Kénging punapa Yusuf dipun utamèkaken Yakub? Sawetawis juru tafsir ngandika bilih Yakub ngutamèkaken Yusuf amargi Yusuf punika putra kakung wiwitan saking garwa ingkang dipun tresnani sanget, inggih punika Rahèl.

Tatu batos ingkang dipun alami sadhèrèk-sadhèrèkipun Yusuf ugi dipun sebabaken déning pakulinanipun Yusuf ingkang asring nyariyosaken impèn-impènipun. Yusuf nyariyosaken impèn-impènipun dhateng sadhèrèk-sadhèrèkipun, ing pundi isining impèn punika ngrémèhaken sadhèrèk-sadhèrèkipun sarta mapanaken Yusuf ing papan ingkang langkung inggil saking sadhèrèk-sadhèrèkipun. Sinaosa ngimpi punika pratandha saking Gusti Allah, sarta kacihna leres ing dinten candhakipun, ananging

tetela nyariyosaken impèn punika dhateng tiyang sanès ing wekdal ingkang mboten pas saged nuwuhaken prakawis, nuwuhaken tatuning batos. Kita kedah ngaturaken kaleresan, ananging tetela mboten sadaya ingkang leres kedah kita lairaken dhateng tiyang sanès. Prelu kawicaksanan kanggé nemtokaken wekdal ingkang pas salebetipun nglairaken kaleresan.

Tatuning batos ingkang dipun alami sadhèrèk-sadhèrèkipun Yusuf apesipun dipun sebabaken déning kalih prakawis: sikapipun Yakub ingkang ngutamèkaken Yusuf sarta mboten pasipun sikaping Yusuf salebetipun nyariyosaken impèn-impènipun.

Ing wekdal samangké kathah tiyang sepuh ingkang tumindak kadosdéné Yakub ingkang ngutamèkaken salah satunggal utawi sawetawis putra. Ugi wonten tiyang sepuh ingkang nandhing-nandhingaken satunggal putra kaliyan sadhèrèk-sadhèrèkipun. Mangka saben pribadi punika mligi. Saben putra kagungan kaluwihan lan kakirangan. Tiyang sepuh padatan condhong ngunggulaken putra ingkang kagungan bab ingkang sami kaliyan dhirinipun, upaminipun bab ingkang sami hobi, sipat, lss. Dinten punika kita kaémutaken bilih tumindak favoritisme (nengenaken raos remen dhateng sawenèhing tiyang) sarta nandhing-nandhingaken anak punika tumindak ingkang mboten saé, amargi gadhah daya nuwuhaken tatuning batos.

Ing sisih sanès, Yusuf nggadhahi tatuning batos dhateng pangrengkuhing sadhèrèk-sadhèrèkipun. Kadosa punapa lelampaahan dipun sadé déning sadhèrèk-sadhèrèkipun piyambak mujudaken pengalamaning gesang ingkang pait lan ndamel manahipun ketaton. Yusuf muwun nalika mireng panyuwunaning sadhèrèk-sadhèrèkipun supados kalepatanipun dipun apunten. Nalika samanten piyambakipun ènget malih dhateng pangrengkuh awon sadhèrèk-sadhèrèkipun ing wekdal kapengker.

Yusuf pancèn gadhah tatuning batos amargi pratingkahing sadhèrèk-sadhèrèkipun ing wekdal kapengker, ananging ing waosan saking cariyosipun Yusuf, kita saged mangertosi bilih Yusuf sampun mantun saking tatuning batosipun. Saking pundi kita saged mangertosi prakawis punika? Menawi Yusuf dèrèng mantun saking tatuning batosipun, nyimpen raos sengit sarta

endhem-endheman dhateng sadhèrèk-sadhèrèkipun, sayektos-ipun nalika sadhèrèk-sadhèrèkipun dumugi ing Mesir, punika wekdal ingkang pas kaggé nedy a males. Yusuf saged nedy a males kanthi mboten maringi ubarampénéning tetedhan.

Yusuf ngapunteni sadhèrèk-sadhèrèkipun. Yusuf mboten nyimpen raos sengit dhumateng sadhèrèk-sadhèrèkipun. Yusuf sampun mantun saking tatuning batosipun! Mesthinipun kita takèn: Kadospundi caranipun Yusuf saged ngapunteni sadhèrèk-sadhèrèkipun? Punapa Yusuf nyupèkaken sadaya ingkang naté katindakaken déning sadhèrèk-sadhèrèkipun dhateng piyambakipun? mBoten. Yusuf mboten nyupèkaken sadaya pandamel ingkang naté katindakaken sadhèrèk-sadhèrèkipun. Ing ayat 17 dipun ngandikakaken bilih Yusuf muwun. Yusuf muwun amargi nalika piyambakipun mireng panyuwunan pangapunten saking sadhèrèk-sadhèrèkipun, piyambakipun këmutan dhateng patrap awon sadhèrèk-sadhèrèkipun ing wekdal kapengker. Bab punika mracihnnani bilih pangéling-éling, pepènget utawi pengalaman pait mboten saged dipun supèkaken. Pengalaman pait punika tuwuhan sawekdal-wekdal menawi kita pinanggih kaliyan bab-bab ingkang sesambedan kaliyan pengalaman punika.

Sawetawis tiyang ngandika, kaggé saged ngapunteni tiyang-tiyang ingkang sampun nandukaken ingkang mboten saé dhateng kita, mila kita kedah nyupèkaken, mbuwang, pangéling-éling lelampahan ingkang mboten saé punika. Menawi ing kanyatanipun, pepènget pait, mboten saged dipun supèkaken, mboten saged kabucal, mila ateges kita mboten naté saged ngapunteni tiyang ingkang nindakaken kalepatan dhateng kita. Pamanggih punika klèntu!

Umatipun Gusti, tumindak nyarasaken tatuning batos, ngapunten-ingapunteni, sesambedan kaliyan “*healed memory*” (pepènget ingkang kapulihaken), sanès sesambedan kaliyan “*deleted memory*” (pepènget ingkang kabucal). Pepènget dhateng pangéling-éling pait, tatuning batos, mboten badhé naté saged kabucal utawi dipun supèkaken. Ananging pepènget punika saged dipun lan kedah kapulihaken.

Lajeng, punapa ingkang dipun kersakaken kanthi pepènget utawi pangéling-éling ingkang kapulihaken punika? Kita sinau

saking Yusuf, kadospundi piyambakipun nggadhahi pepéneget ingkang kapulihaken ngantos piyambakipun saged ngapunteni sadhèrèk-sadhèrèkipun. Ing ayat 20 Yusuf matur dhateng sadhèrèk-sadhèrèkipun: “Pancèn kowé padha ngrantam kang ala marang aku, nanging iku dicipta malih dadi becik déning Gusti Allah, supaya banjur nindakaké kang kelakon ing dina iki, mitulungi urip marang bangsa kang gedhé.” Pancèn panjenengan sampun ngrantam ingkang awon dhateng kula, ananging Gusti Allah sampun nyipta ingkang awon punika kanggé kasaénan, kanthi ancas nindakaken kados ingkang kelampahan sapunika, inggih punika ngrimati gesangipun satunggaling bangsa ingkang ageng.

Tetéla Yusuf nyawang sadaya lelampaahan awon ingkang tumanduk ing gesangipun ing wekdal kapengker minangka pérangan saking rancanganipun Gusti Allah ingkang éndah. Yusuf mangertos èstu, nalika Gusti Allah ngidini bab-bab ingkang mboten ngremenaken tumanduk ing gesangipun, Gusti Allah kagungan karsa kanggé memulang, nggemblèng gesangipun, supados piyambakipun dados pribadi ingkang tanggon lan dados satunggaling pribadi ingkang saged mbekta berkah kanggé tiyang kathah.

Kanthi pangertosan ingkang kados makaten, mila Yusuf ngalami “*healed memory*” (pepèneget ingkang kapulihaken). Piyambakipun nyukani makna dhateng tatuning batos ingkang dipun alami sacara positif. Sarta nalika pepènegetipun Yusuf kapulihaken, piyambakipun saged ngapunteni sadhèrèk-sadhèrèkipun, Yusuf malah saged dados berkah kanggé sadhèrèk-sadhèrèkipun. Sadhèrèk-sadhèrèkipun Yusuf ingkang rumiyin kapenuhan ing raos sengit, kumèrèn, wusananiipun ngalami pamulihan amargi pangapunten ingkang dipun paringaken Yusuf. Sadhèrèk-sadhèrèkipun Yusuf mboten nyupèkaken punapa ingkang sampun katindakaken dhateng Yusuf lan mboten nyupèkaken sadaya pandamelipun Yusuf ing wekdal kapengker. Ananging sadhèrèk-sadhèrèkipun Yusuf saged bedhami kaliyan wekdal kapengker amargi ing wekdal samangké wonten pangapunten ingkang katampi lan karaosaken.

Saking cariyosipun Yusuf punika kita saged mangertosi bilih tatuning batos ing salebetung brayat saged tuwuh amargi ngutamèkaken salah satunggaling putra. Tatuning batos wonten ing satunggaling brayat ugi saged tuwuh wekdal punapa kémawon amargi sikap, pitembungan, pandamel ingkang mboten pas dhateng sesami warganing brayat. Ananging ing sanging-giling sadaya prakawis punika, tatuning batos saged kapulihaken kanthi “healed memory” pepèngget ingkang kapulihaken. Bedhami kaliyan wekdal kapengker sarta nyawang sadaya prakawis ingkang awon ing mangsa kapengker minangka péranganing proses kanggé ndamel dhiri kita dados langkung saé.

Satunggaling prakawis ingkang nengsemaken saking pribadinipun Yusuf inggih punika mboten kèndel ing prosès (reruntutaning tumindak) nyarasaken tatuning batos dhirinipun piyambak, ananging ngudi nyarasaken tatuning batosipun sadhèrèk-sadhèrèkipun kanthi nyukani pangapunten. Tumindakipun Yusuf punika ing wusananiipun ndamel brayatipun Yakub ngalami kasarasan saking tatuning batos. Kapulihaken kanggé nyarasaken. Bab punika selaras kaliyan punapa ingkang kaundhangaken ing Yakobus 5: 15-16. Salah satunggaling piweling utami ingkang wonten nglebetipun inggih punika supados samidéné ndongakaken murih pinaringan kasarasan. Kasarasanipun satunggaling tiyang mboten namung mligi saking réka dayanipun piyambak, ananging ugi saking panyengkuyung-ipun tiyang sanès.

Sumangga dados Yusuf-Yusuf wekdal samangké ingkang gadhah prosès (reruntutaning tumindak) nyarasaken tatuning batos kita piyambak-piyambak sarta mbiyantu warganing brayat kita kanggé saras saking tatuning batos ingkang dipun alami, ngantos brayat kita kapulihaken lan dados berkah kanggé tiyang kathah. Amin.

[AP-DEN]



BAHAN LITURGI

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

LITURGI MINGGU 1
Pambukaning Wulan Brayat
Minggu, 3 Oktober 2021

Keterangan:

PS. : Pelados Sabda
 P/D : Pinisepuh/Dhiaken
 U : Umat

**“Kita
 Brayatipun
 Allah”**



PACAWISAN

- Pasamuwan rawuh lan lenggah ing papan ingkang sampun kacawisaken, sarta nyawisaken manah ing salebetung pandonga sacara pribadi.
- Pandonga Konsistorium.
- Bèl kapisan kaungelaken, salah satunggaling Pradataning Pasamuwan nyumet lilin lan ngajak umat ngempal, tumunten sesareangan ngrepèkaken kidung pamuji.

NGEMPAL

(*jumeneng*)

P/D: Sowana dhateng ngarsanipun Allah kanthi sukarena, dhateng Sang Sumbering tetrem Rahayu kanthi pamuji sokur.

U: **Minangka pribadi \ sarta sesareangan kaliyan \ brayat,**
Kawula sowan \ ing ngarsanipun Gusti Allah, \ kanthi sukarena \ lan sokur.

P/D: Kanthi manah ingkang manembah tuwin tumuju dhumateng Gusti Allah, keparenga kita siyaga pinanggih, dipun-aruhaken, sarta kawangun déning Panjenenganipun.

U: **Punika kawula, dhuh Gusti.**
Kawula memuji-muji kasaénan tuwin katresnan Paduka ing saben wekdal.

Pamujinipun Umat

(lenggah)

KPJ 326: 1, 4

PUNIKA BRAYAT KULA

Do=D 4/4

1) Punika brayat kula, brayat tentrem kang ngangeni.

Sinten dados tanggelan? Namung Pangéran pribadi.

Refrain: Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.

-- *pelados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah* ---

4) Sagriya angudia dadya brayat kang rumantya,

ngantos dados panutan, tumraping brayat sembada.

Refrain: Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.

Votum

(jumeneng)

PS: Pangibadah punika lumampah ing Asmanipun Sang Rama,
Putra, lan Roh Suci.

U: **Amin.**

Salam

(jumeneng)

PS: Tentrem rahayunipun Sang Kristus nunggila ing
panjenengan sadaya!

U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

Atur Pambuka

(lenggah)

PS: Dinten punika kita miwiti Wulan Brayat ing taun 2021,
kanthi jejer "Brayatipun Allah". Ing dinten punika, kita ugi
badhé ndhèrèk Bujana Suci Sajagad. Sesarengan kaliyan
sadaya tiyang pitados saking saindenging jagad, kita dados
brayat ageng putra-putranipun Allah. Satung-galing
pitakénan kanggé kita, minangka satunggaling brayat
putra-putranipun Allah, punapa kita sampun tansah
gesang rukun, dadosa dhumateng tiyang-tiyang sagriya
punapa déné dhumateng tiyang-tiyang sanès?

Sumangga kita ngraosaken prakawis punika, sarta sowan
ing ngarsanipun Allah ing salebeting pandonga pangaken

dosa. Kita nyuwun pangapuntening dosa saking Gusti Allah, menawi sapriki kita taksih rebut kalawan ngudi kacekapaning kapentingan kita piyambak, ngutamèkaken raos pangraos kita piyambak, sarta kanggé sadaya punika malah kita mboten preduli malih dhateng raos pangraosi-pun tiyang sanès.

Pandonga Pangakening Dosa *(lenggah)*

- PS: Gusti, kawula sampun nampi katresnan Paduka saben ari. Sarira saha rah Paduka dados korban pirukun ingkang sampurna kanggé kawula: ganjaran ingkang ngrukunaken kawula kaliyan Allah, sesami, tuwin jagad ingkang Paduka titahaken.
- U (sadaya): Ananging / kawula asring mboten ngrumaoi / saiba ajinipun ganjaran Paduka punika. / Kawula ambles ing salebetung tumindak ngutamèkaken dhiri, / kawula nyakiti / lan natoni manahipun tiyang-tiyang ingkang celak kaliyan tebih. Kawula mboten merlokaken manunggal lan patunggilan, / ananging kawula malah langkung merlokaken / pepinginaning dhiri kawula piyambak, / sanadyan kawula mangertos bebayanipun pepecahan ingkang badhé kelampahan.
- U (priya): Kawula mboten ngginakaken wewengan ingkang wonten kanggé ngapunteni, / ananging kawula malah nyimpen endhem-endheman. / Kawula nguyak gegayuhan kanggé bombongan manah, / éngga kalamangsa / kepara kawula nglirwakaken brayat / ingkang Paduka pitadosaken.
- U (wanita): Kawula ngénggati / lan mboten kepéngin pinanggih / kalayan tiyang ingkang sampun natoni manah kawula. / Kawula tansah mboten émut / bilih kawula ugi mboten kèndel / natoni manah Paduka.

U (para laré): **Kawula asring nglirwakaken pituturipun tiyang sepuh, / malah natoni manahipun tiyang sepuh, / mangka tiyang sepuh tresna sanget dhateng kawula.**

PS: Dhuh Gusti, kawula Paduka welasi lan apunteni.

U (sadaya): **Dhuh Gusti, apuntenana lan kaénggalna kawula.**

Kawula kadadosna satunggal, / minangka brayat putra-putra Paduka / ingkang setya nuladhani katresnan / sarta bedhami Paduka. / Kawula ndedonga / ing asmanipun Sang Kristus Yésus, / Sang Sumbering bedhami / lan katresnan kang sejati, / ingkang sampun ngapunteni lan nganyaraken kawula. / Amin.

Kidung Panelangsaning Umat

(lenggah)

KPJ 45: 1, 2, 4.
KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 4) Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

Pawartos Sih-rahmat

(jumeneng)

PS: Piyarsakna pawartos sih-rahmat, ingkang kapendhet saking Éfesus 2:17-19,

“Panjenengané rawuh lan martakaké tentrem-rahayu marang kowé kabèh kang "adoh" lan tentrem-rahayu marang wong-wong kang "cedhak", awit iya marga saka Panjenengané iku kita sakaroné ana ing Roh siji padha olèh dalan marang ngarsané Sang Rama. Marga saka iku, kowé dudu wong manca lan wong neneka manèh,

nanging wus nunggal dadi sagolongan karo para suci lan
nunggal dadi brayating Allah,”

U: Puji sokur konjuk Gusti Allah, / awit saking Sih-rahmatipun!

Pamujinipun Umat: *(jumeneng)*

KPJ 321: 1 - 4
KULAWARGA KANG RAHAYU

Do=A 9/8

sadaya

1) Kulawarga kang rahayu, lamun Gusti angayomi
srana tresna kang satuhu, tansah nuntun wah nganthing.

Refrein: Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

umat priya

2) Anèng donya kèh dalannya, endi kang bakal ingambah.
Dalan bener mung sajuga, yéku margining Allah

sadaya

Refrein: Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

umat anak-anak

3) Kulawarga tetep panggah, lamun Gusti kang ngayomi;
jroning susah dalah bungah, datan pegat ngrimati.

sadaya

Refrein: Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

umat wanita

4) Dhuh Roh Suci mugi rawuh, angèbeki tyas kawula
amrih kula tansah tangguh mujudaken sih-tresna.

sadaya

Refrein: Matur nuwun konjuk mring Gusti,

dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

PALADOSAN SABDA

(lenggah)

- **Pandonga:** (*dénинг PS*)
- **Pamaosing Sabda:** (*Éfésus 2:11-22*)
- **Khotbah:** (*dénинг PS*)
- **Wekdal Ening** -
- **Pangaken Pitados:** (*dénинг P/D*)
- **Pandonga Syafaat:** (*Ingkang kajibah ngonjukaken pandonga syafaat saged kapilih saking sawetawis golongan yuswa ingkang bënten. Pandonga syafaat katindakaken rerèntèngan gentosan*)

PISUNGSUNG

(lenggah)

P/D: Sumangga kita mbekta wewujudaning sokur kita dhumateng Gusti, kanthi ngèngeti Sabdanipun ing Jabur Masmur 54:8,

“Kawula badhé nyaosi kurban kanthi éklasing manah, dhuh Yéhuwah, kawula badhé memuji asma Paduka, amargi asma Paduka punika saé.”

Pamujinipun Umat:

(jumeneng)

KPJ 181: 1, 3

PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka; datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta. Sokur paringgaing pakarya, nadyan badamba ringkikh; sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan; sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman. Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah; sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

Pandonga Atur Pisungsung *(jumeneng)*

Paladosan Bujana Suci (*kajumbuhna kaliyan padatanipun pasamuwan sapanggénan*)

Pandonga Panutup: *(lenggah)*

PS: (*nuntun pandonga panutup*)

PANGUTUSAN *(jumeneng)*

Pamujinipun Umat: *(jumeneng)*

KPJ 96: 1

TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH

Do=C 4/4

- 1) Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena,
déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.
Reff. : Mara tansah abebungah saben dina antuk trang
Dalaning urip éndah apadhang,
mara tansah dèn girang.

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah.**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

PS: Pinujia Gusti Allah kita.

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

PS: Tampènana berkahipun Gusti:

“Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé (kita), lan ngayomana kowé (kita);
Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadané marang kowé (kita), lan maringana sihrahmat;
Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadané marang kowé (kita), lan maringana tentrem rahayu.” Amin.

U: (*ngidungaken*) **Haléluya, haléluya, haléluya, haléluya, haléluya, amin, amin, amin...**

[HAS-MRYEK-DEN]

LITURGI**Minggu 2***Minggu, 10 Oktober 2021***Keterangan:**

PS : Pelados Sabda

P/D : Pinisepuh/Dhiaken

U : Umat

**Wantun
Ngakeni lan
Nampi**

©O&W

PACAWISAN

- Pasamuwan rawuh lan lenggah ing papan ingkang sampun kacawisaken, sarta nyawisaken manah ing salebetung pandonga sacara pribadi.
- Pandonga Konsistoriom.
- Bèl kapisan kaungelaken, salah satunggaling Pradataning Pasamuwan nyumet lilin lan ngajak umat ngempal, tumunten sesarengan ngrepèkaken kidung pamuji.

TIMBALAN NGIBADAH*(jumeneng)*

P/D: Dlajahi gesang, sanès prakawis ingkang gampil dipun lampahi piyambakan.
Gesang ngedahaken brayat kanggé samidéné nyengkuyung.

Tiyang sepuh: Punika karsanipun Sang Kristus / tumrap saben warganing brayat / kanggé sami nggatosaken

Laré-laré: Sang Kristus mboten ngersakaken / ing antawising umat manungsa samidéné nyinkiraken.

Nèm-nèman: Ananging ing salebetung kaaèngan kita, / kedahipun kita samidéné nampèni / sarta samidéné ngluwari daya / kanggé ngluhuraken Gusti Allah.

Adiyuswa: **Kanggé punika / Gusti Allah kanthi katesnan-ipun ingkang ageng / nunggilaken kita / dados brayat,**

Sadaya: **inggih punika brayatipun Allah, / sarta kita minangka umat / pantes asukarena.**

--- (*Pasrahan Kitab Suci dhateng Pelados Sabda kairingan ing Pamujinipun Umat*) ---

PAMUJINIPUN UMAT

(*jumeneng*)

KPJ 14: 1, 3

KULA SAMYA TETUNGGILAN

Do=F 3/4

1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,
wit sinungan kacekapan wah bagas kesarasan

Reff.: Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti
wit ingayom ing sihira sèstu tentrem raharja.

3) Kula rinimat ing Gusti srana sagunging titah,
mangsa kang silih gumanti samukawis mung éndah.

Reff.: Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti
wit ingayom ing sihira sèstu tentrem raharja.

Votum

(*jumeneng*)

PS: Sumangga pangibadah punika kita sengker kanthi
pangaken bilih pitulungan kita pinangkanipun saking
Gusti Allah, ingkang nitahaken langit lan bumi.

U: (*ngidungaken*) **Amin, amin, amin...**

Salam

(*jumeneng*)

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama sarta
Gusti Yésus Kristus, tuwin patunggilanipun Roh Suci
nunggila ing para sadhèrèk (kita) sadaya.

U: **Lan nunggila ing panjenengan ugi!**

Atur Pambuka

(*lenggah*)

PS: Bapak, Ibu, adhik-adhik, para nèm-nèman, éyang kakung, dan éyang putri ingkang dipun tresnani Gusti, kabingahan sanès namung tembung utawi istilah ingkang namung ngremenaken kanggé dipun pirengaken kémawon. Kabingahan badhé langkung kraos menawi dipun-udi sesarengan ing satengahing brayat. Kabingahan punika badhé tansah ketingal wonten ing dhirinipun manungsa ingkang tansah masrahaken gesangipun kawangun déning Gusti Allah, sarta ingkang nyawisaken dhiri kanggé sesami. Malah ing salebetung kacingkrangan, kabingahan saged ketingal ing salebetung panampining dhiri sarta kajujuran dhumateng Gusti Allah.

Pamujinipun Umat

(lenggah)

KPJ 181: 1, 3
PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur pariring pakarya, nadyan badamba ringkikh;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

Pangakening Dosa

(lenggah)

PS: Saben tiyang ngasorna dhirinipun ing ngarsanipun Allah ing salebetung brayat, tuwin ngakeni bilih piyambakipun èstu-èstu tiyang dosa pisan damel tiyang pitados, bilih bilih Sang Rama ing Swarga badhé nresnani gesangipun ing Gusti Yésus Kristus – (*kalajengaken ngajak umat ngakeni dosa sacara pribadi, dipun pungkasi déning PS*)

Kidung Panelangsa

(lenggah)

KPJ 45: 1, 3, 4
ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkikh lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.
- 4) Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(*jumeneng*)

PS: Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, dhumateng sadaya tiyang ingkang nélakaken panelangsa awit saking margining gesang ingkang makaten, sarta ingkang ngungsi dhateng Gusti Yésus Kristus kanggé kawilujenganipun, kula martosaken bilih pangapuraning dosa wonten ing salebetipun Gusti ingkang nresnani kita para Abdinipun, ingkang ugi maringi kita wewengan kanggé mulyakaken Asmanipun Gusti. Awit saking punika, pawartos sih-rahmatipun Gusti kanggé kita dipun-télakaken kados ingkang sinerat ing Kitab **Lelakoné Para Rasul 3:19-20**, makaten:

“Awit saking punika, sami èngeta saha sami mratobata, supados dosa panjenengan kaapunten, supados Pangérangan lajeng paring wekdal ingkang damel lega saha ngutus Yésus, ingkang wiwit sakawit sampun katamtokaken dados Kristus kanggé panjenengan sadaya.”

Makaten punika Pawartos Sih-rahmat saking Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

PS: Amargi Gusti Allah sampun ngrukunaken kita kalayan Dhirinipun, sumangga kita ugi samidéné bedhami minangka brayat, kaliyan tiyang sepuh, anak-anak, para mitra, sarta brayat kita.

--- (*umat ngucapaken salam karahayon dhateng sesaminipun kalayan salam Namaste*) ---

Pamujinipun Umat *(jumeneng)*

KPJ 92: 1, 2

SÈSTU AGUNG SIHÉ GUSTI

Do=G 3/4

- 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.
- 2) Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya,
sèstu punika ganjaran dahat agungira.

PALADOSAN SABDA *(lenggah)*

- **Pandonga Èpiklése** *(dénинг PS)*
- **Pembacaan Alkitab** **(Jabur Masmur 32:1-11)**
- **Khotbah** *(dénинг PS)*
- **Saat Teduh**

PANGAKEN PITADOS *(jumeneng)*

P/D: Kadosdéné umatipun Gusti ing wekdal kapengker, kanthi sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing wekdal samangké sarta ingkang badhé dhateng, sumangga kita ngèngeti pangaken dhateng baptisan manut pangaken Iman Rasuli makaten

U: *(ngucapaken Pangaken Iman Rasuli sesarengan)*

Pandonga Syafaat

PS: *(nuntun pandonga syafaat)*

PISUNGSUNG *(lenggah)*

P/D: Sumangga kita ngaturaken pisungsung sokur konjur Gusti Allah kanthi nalesi raos sokur kita ing salebetipun Jabur Masmur 100:3-4.

“Padha sumurupa manawa Pangéran Yéhuwah iku Gusti Allah, Panjenengané iku kang nitahaké kita lan kita dadi kagungané, umaté lan pepanthan wedhus ngèn-

ngènané. Padha lumebua liwat ing gapurané kalawan memuji asmané, lumebua ing platarané kalawan kidung pangalembana, ngaturna pamuji sokur lan ngluhurna asmané.”

Kidung Atur Pisungsung: (*sasampunipun atur pisungsung*)

KPJ 171: 1-3

MANGGA SAOS PISUNGSUNG

Do=C 6/4

- 1) Mangga saos pisungsung mring Allah Ma agung krana gunging sihrahmat kang lubèr tan kendhat
- 2) Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun, dé gesang tansah begja wit Allah kang nuntun
- 3) Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti, bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.

Pandonga Atur Pisungsung

(*jumeneng*)

P/D: (*ngonjukaken pandonga atur pisungsung, dipun pungkasi kanthi “Pandonga Rama Kawula”*)

Kidung Pangutusan

(*jumeneng*)

KPJ 425: 1, 2.

425. AKE'H SRUNING PASAMBAT

Do = Bes 4/4

- 1) Akèh sruning pasambat, tiling na !
mbutuh aké sih rahmat, tiling na !
Reff.: Gusti nimbali sira, dadya duta sembada
mbabarken sih rahmat, tilingna !
- 2) Akèh wong padha nguwuuh, tilingna !
mbutuhhaké pangrengkuh, tilingna !
Reff.: Gusti nimbali sira, dadya duta sembada
mbabarken sih rahmat, tilingna !

PANGUTUSAN*(jumeneng)*

- PS: Sumangga ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah.
 U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah.**
 PS: Dadosa brayat ingkang ngrabuk grengseng kanggé samidéné tinarbuka minangka brayatipun Gusti Allah.
 U: **Kawula siyaga dados brayat brayat ingkang setya sarta samidéné nyengkuyung.**
 PS: Pinujia Gusti Allah kita
 U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

BERKAH*(jumeneng)*

- PS: “Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé (kita), lan ngayomana kowé (kita);
 Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé (kita), lan maringana sihrahmat;
 Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé (kita), lan maringana tentrem rahayu.”
 U: (*ngidungaken*) **Haléluya** (5x), **Amin** (3x).

PEPUJÈNIPUN UMAT*(jumeneng)*

KPJ 436: 1

GUSTI NUNTUN LAMPAH KULA

Do=C 4/4

- 1) Gusti nuntun lampah kula,
 saklangkung nggèn kula begja
 Celak miwah tebih ugi,
 kula tansah dipun kanthi
 Reff.: Nggih Gusti kang nganthing kula,
 astanya pyambak kang ngreksa
 Mila kula manut Gusti, Juru wilujeng sejati.

[HKS-DEN]



LITURGI
Minggu 3
Minggu, 17 Oktober 2021

Keterangan:

PS: Pelados Sabda
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken
 U: Umat

Aku Muli Haké
Sliramu

TIMBALAN NGIBADAH *(jumeneng)*
Kidung Pamuji Sesarengan
 KPJ 181: 3
 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
 sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
 Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
 sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

Votum: *(jumeneng)*

PS: Sowana dhateng Panjenenganipun ingkang nimbali kita
 kanggé gesang ing salebetung pitulungan lan
 pangrimatipun Sang Rama, Putra, lan Roh Suci.
 Umat: (*ngidungaken*) **Amin** (3x).

Salam: *(jumeneng)*

PS: Gusti Allah, Sang Akarya Pulih, nunggila ing kita
 sadaya.
 U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

Pangaken Dosa

[*Ngladosaken Video Clip:*

<https://www.youtube.com/watch?v=o4GubBsOYDQ> - Keluarga yang dipulihkan]

(*Ing salebetipun video clip dipun ladosaken, para sadhèrèk ingkang kajibah ngaturaken pandonga, kaaturan majeng dhateng altar kanggé ndedonga. Anggènipun ndedonga, sabibaripun video clip kaladosaken.*

*Déné para sadhèrèk ingkang kasuwun ngaturaken pandonga punika **salah satunggaling brayat warganing pasamuwan, kadadosan saking: bapa, biyung, lan anak.**)*

- Bapa: Dhuh Rama ing swarga, kanthi andhap asoring manah, kawula sowan ing ngarsa Paduka, ing salebetting pandonga kanggé gesang kawula sesarengan brayat.
- Anak: Gusti Yésus, manah kawula kaparingana pirukun Paduka.
- Biyung: Kadadosna manah kawula kalayan kebak pingcap sokur.
- Bapa: Kaanyarna manah kawula kalayan katresnan Paduka.
- Anak: Karsaa ngebaki manah kawula kalayan welas asih.
- Biyung: Kadadosna brayat kawula kebak tentrem-rahayu saking Paduka, ing pundi kabingahan, geguyon, raos tentrem pinanggih ing ngriku.
- Bapa: Kadadosna griya kawula minangka papan kanggé samidéné atur pangaji (aprésiasi) positif ing antawisipun warganing brayat.
- Anak: Karsaa mitulungi kawula supados samidéné ngapunteni satunggal lan sanèsipun.
- Biyung: Katebihna kawula saking pepénginan nagih kasampurnan saking saisining griya lan sesami.
- Bapa, anak, biyung: **Dhuh Allah, kawula kadadosna berkah kanggé sesami.**
- Biyung: Paduka mugi karsaa ngapunten sadaya kekirangan lan karingkihan kawula, saha karsaa mitulungi kawula supados tansah gesang ing salebetting kanugrahan Paduka. Ing patunggilanipun Sang Rama, Putra, lan Roh Suci kawula ndedonga. Amin.

Kidung Panelangsa*(lenggah)*

KPJ 53: 1, 3
KAPYARSI GUSTI NIMBALI

Do=D 6/8

- 1) Kapyarsi Gusti nimbali, " Hé, wong kamomotan, mareka lan mbukak ati nampi pangluwaran!"
 Kula ngayom maring Gusti, dyan ayem sejati, awit tansah binerkanan, sinung karaharjan.
- 3) Kapyarsi Gusti nimbali, "Wong dosa, mareka, nampanana kurban suci, rah, srira sampurna!"
 Kula pasrah maring Gusti, kalis saking pati, wah ingangkat putrèng Allah, lantaraning berkah.

Pawartos Sih Rahmat*(jumeneng)*

PS: Kanthi jumeneng, sumangga kita sesarengan ngucapaken pawartos sih-rahmat ingkang kapendhet saking Lelakoné Para Rasul 16:31 ingkang makaten:
 "Kula aturi pitados dhateng Gusti Yésus Kristus, temah panjenengan badhé wilujeng, panjenengan dalah brayat panjenengan."

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Pamujinipun Umat*(jumeneng)*

KPJ 69: 1, 4
ALLAH MAHAKWASA JUMENENG PAMARTA

Do=Bes 4/4

- 1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta, sèstu gung tresnanya, angruwat dosa.
 Salir tyang pracaya lamun tansah setya luwar sing antaka, mlebet mring swarga.
- Reff.: Sung sembah puja konjuk Sang Rama,
 kang paring nugraha tentrem raharja.
 Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,
 kang sampun nyawisi kamulyan swargi.

4) Pangéran murbéngrat nglubèrken sih-rahmat.
 mbélani tyang leres saking panindhes.
 Nunggil tyang pracaya temahan santosa,
 kuwawa ngasorken salir panggodha.
 Reff.: Sung sembah puja konjuk Sang Rama,
 kang paring nugraha tentrem raharja.
 Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,
 kang sampun nyawisi kamulyan swargi.

PALADOSAN SABDA*(lenggah)***Pandonga**PS: *(Nuntun pandonga nyuwun panuntunipun Sang Roh Suci)***Waosan Sabda:**

PS: *(Maos 1 Pétrus 2:24–25, kapungkasan kathi pratéla kados ing ngandhap punika)*
 Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti tuwin nggatosaken ing gesang padintenan.

U: *(Ngidungaken KPJ 192: 1)*
 KPJ 192. ISINING KABAR KABINGAHAN

Do=F 4/4

1) Isining kabar kabingahan winangsit ken déning Pangéran,
 dadya srana paring piwulang margining kautaman.
 Reff.: Dimèn tyang pitados tansah arumantos
 mbangun turut Gusti, nresnani sesami

Khotbah**Wekdal Ening****Nanggapi Sabda**

(Sawetawis warganing pasamuwan kasuwun tindak mangajeng nyerat tanggapanipun tumrap wedharing Sabda, sarta nèmplèk-aken seratan tanggapan punika ing papan ingkang sampun kacawisaken. Déné menawi ibadah katindakaken wonten ing ndalem, saben warganing brayat kasuwun nyerat tanggapan tumrap wedharing Sabda)

Pandonga Syafaat *(lenggah)*
 PS: *(ngonjukaken pandonga syafaat kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula)*

Pangaken Pitados *(jumeneng)*
 P/D: *(ngaturi umat ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli sesarengan)*

Pisungsung
 P/D: "Kawula ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka, margi Paduka sampun nyembadani panyuwun kawula sarta Paduka sampun dados karahayon kawula." (Jabur Masmur 118:1)
 Brayat ingkang kinasihan déning Gusti, kanthi sokur, kita mbekta pisungsung sokur dhumateng Gusti Allah. Wilujeng ngaturaken pisungsung.

Kidung Atur Pisungsung *(lenggah)*
 KPJ 154: 1, 2
 ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

- 1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
 Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,
 wit kula tan darbé bandha kang pengaji
 kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,
 mugi katampia atur kawula,
 mrih gesang kawula kagema Paduka
 pirantos sapala.

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;
 kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,
 wit kula tan darbé bandha kang pengaji
 kang langkung prayogi, sinaos Gusti.

Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagema Paduka
pirantos sapala.

Pandonga Atur Pisungsung

(*jumeneng*)

P/D: (*nuntun pandonga atur pisungsung*)

Kidung Pangutusan

(*jumeneng*)

KPJ 326: 1, 4

PUNIKA BRAYAT KULA

Do=D 4/4

- 1) Punika brayat kula, brayat tentrem kang ngangeni.
Sinten dados tanggelan? Namung Pangéran pribadi.
Refrein: Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih rahařja.

- 4) Sagriya angudia dadya brayat kang rumantya,
ngantos dados panutan, tumraping brayat sembada.
Refrein: Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih rahařja.

Pangutusan lan Berkah

(*jumeneng*)

PS: Gusti Allah ingkang mulihaken, lenggah ing satengah-ing brayat kita. Panjenenganipun ngeneraken sadaya dhateng gesang ingkang kebak pangajeng-ajeng. Tampènana pamulihan lan pangrimatipun Allah Sang Sumbering Sih-rahmat. Samangké, nunggilna manah panjenengan, tampènana berkahipun Gusti:
Panjenengan dalah saisining griya panjenengan tinunggil ing salebetting katusnan wetah supados panjenengan kateguhaken nglangkungi margi-margining gesang panjenengan. Patunggilaning Sang Rama, Putra, lan Roh Suci nyarengi panjenengan wiwit samangké ngantos salami-laminipun.

U: **Haléluia (5 x) Amin (3x)**

[WSN-DEN]



**LITURGI
Minggu 4**

Minggu, 24 Oktober 2021

Keterangan:

PS: Pelados Sabda
P/D: Pinisepuh/Dhiaken
U: Umat

**Kula Temtu
Saras**



PACAWISAN

- Para palados pangibadah cecawis.
- Wekdal ening.
- Pokok-pokok Pawartos Pasamuwan kawaosaken.

TIMBALAN NGIBADAH

(jumeneng)

P/D1: Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,
sumangga kita miwiti pangibadah punika kanthi
ngidungaken KPJ 59: 1, 3

KPJ 59. PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH

Do=F 3/4

- 1) Pinujia tansah Allah Mamirah,
kang gung tresna nira mring salir titah.
Tyang dosa duraka sinung apura,
tinebus sing pati temah basuki
Reff. : Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta !
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
Pasrah mring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.
- 3) Pinuji tan kendhat Allah Murbèngrat,
kang nunggil wah ngreksa mring kagungannya.
Tyang bekti lan setya sinung nugraha,

gesang langgeng nyata néng kraton swarga.

Reff. : Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta !

Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.

Pasrah mring Allah srana pracaya

margining waluya tentrem raharja.

VOTUM *(jumeneng)*

PS: Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti Allah, Ingkang Nitahaken langit lan bumi.

U: **Amin.**

SALAM *(jumeneng)*

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama lan Gusti kita Yésus Kristus nunggila ing panjenengan.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA *(lenggah)*

P/D2:Gusti Allah nitahaken manungsa minangka titah ingkang utami. Panjenenganipun njangkepi manungsa kalayan akal budi tuwin raos. Ananging, kita ugi mujudaken titah ingkang ringkih. Kita gampil “ketaton”. Ing salebeting karingkihan punika, kita mbetahaken pitulunganipun Gusti Allah. Ing salebeting kayakinan dhumateng Panjenenganipun, kita saged ngajeng-ajeng pinaringan katentremaning batos. Gusti Allah punika kakiyatan kita. Namung saking Panjenenganipun kita pinaringan kawilujengan.

U: *(ngidungaken KPJ 123: 1)*

KPJ 123 KULA PITADOS MRING GUSTI

Do=E 4/4

1) Kula pitados mring Gusti peparang ingkang kekah.

Saèstu kula ungsèni, dimèn rineksa tansah.

Nadyan ombak nggegirisi, kula datan kuwatos.

Prahabra nguber jaladri, kula tatag ing batos.

Reffr. : Kula tan was sumelang; Gusti tan nilar kula.

Wajib kawula cumadhang, gesang manut sabda-Nya

PANGAKEN DOSA*(lenggah)*

PS: Gusti Allah punika Sesirahing Brayat kita. Panjenenganipun ngasta panguwaos ing ngatasipun brayat-brayat kita. Kita ngalami kathah grengseng ing salebetung seambeden ing antawisipun warganing brayat. Wonten wekdalipun, tanpa kita èngeti, kita samidéné natoni. Awit saking punika, sayektosipun kita mbetahaken pitulunganipun Gusti Allah Sang Juru Nyarasaken Tatu.

Panjenenganipun maringi dhawuh dhateng kita supados tumindak ing salebetung kawicaksananing katresnanipun Gusti Allah. Makaten dhawuhipun Gusti ing Wulang Bebasan 3:3, 4,

“3 Katresnan lan kasetyan muga aja nganti ninggal kowé, iku kalungna ing gulumu, catheten ana ing papaning atimu; 4 temah kowé bakal oleh sih lan dadi kajèn ana ing ngarsané Gusti Allah lan ana ing ngarepé manungsa.”

(Salah satunggaling brayat minangka wakiling brayat warganing pasamuwan, ngorjukaken pandonga panelangsaning dosa sacara gegentosan, kapungkasan déning pandonganipun PS)

Kidung Panelangsa*(lenggah)*

KPJ 61: 1, 4

KPJ 61. SAÈSTU KEDUWUNG

Do=D 6/8

- 1) Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.
Kadhwuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami, nging tan ana bukti. Adhuh Gusti, nyuwun suci

- 4) Saèstu keduwung kula, nglirwakken kwajiban mrih tuwuwing pasamuwan miwah gesangging bebrayan, tentreming dumadi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(*jumeneng*)

PS: “7 Wong bener kang lakuné jujur, iku turuné padha rahayu.” (Wulang Bebasan 20:7)

Pamujinipun Umat

(*jumeneng*)

KPJ 323: 1, 2

KPJ 323 MÉNDAHNÉA RAHAYU TYANG GEGRIYA

Do=Bes 2/4

- 1) Mén dahnéa rahayu tyang gegriya
klayan tansah rumaket mring Gusti,
kang dadya mitra lan tuking basuki,
sarwi bingah préntahnya pinundhi.
Séka-kapti anilingken sabdanya,
angabekti Allah klayan ékhlas.
Rinten dalu angluhurken asmanya,
myang sumuyud kalayan trus ing tyas.

- 2) Mén dahnéa rahayu tyang sémahan,
klayan nunggil tresnanya mring Gusti.
Runtang-runtung dènira sih-sinihan
klayan saéka-praya lan budi.
Sadinten-dinten sami ngajeng-ajeng
idining Gusti sarwi memuji.
Ing satitah nrima klayan pitajeng
saha tresna dumugi ing janji.

PALADOSAN SABDA

(*lenggah*)

- a. Pamaosing Kitab Suci: Markus 10: 46-52 (*alternatif cara maos Kitab Suci saged katindakaken kanthi nindakaken drama utawi sandiwara modern*)
Kapungkasan kanthi atur:
“Kang rahayu iku wong-wong kang padhangrungokaké lan
nggatékaké pangandikaning Allah” (Lukas 11:28)
Haléluya.
- b. Paladosan Sabda kanthi jejer: “Kula Temtu Saras”.
- c. Wekdal Ening.

d. Pandonga tanggapan andharaning Sabda.

Pangaken Pitados *(jumeneng)*

P/D3:Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken lan kita teguhaken malih menggah punapa ingkang kita imani, kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Iman Rasuli.

U: *(Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)*

Pandonga Syafaat *(lenggah)*

PS: *(ngonjukaken pandonga syafaat)*

PISUNGSUNG *(lenggah)*

P/D4:Sumangga kita misungsungaken pisungsung kita sinambi ngènget-ènget Sabdanipun Gusti ing Wulang Bebasan 3:9-10 makaten:

“9 Pangéran Yéhuwah luhurna kalawan bandhamu lan srana kawitaning sakèhé pametumu; 10 temah lumbungmu bakal dikebaki nganti lubèr, lan pamipitanmu lubèr angguré.”

Kidung Atur Pisungsung *(lenggah)*

KPJ 160: 1, 3

KPJ 160 GUSTI, KAWULA NGATURKEN BADAN-NYAWA

Do = D 3/4

- 1) Gusti, kawula ngaturken badan nyawa kawula, sumangga Paduka agem kawula kagunganta.

Refr. : Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka, dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka.

- 3) Raja brana, kasugihan, dalasan kasagedan, kagema dados lantaran babaring kabingahan.

Refr. : Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka, dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka.

Pandonga Pisungsung

(jumeneng)

P/D4: (*Ngonjukaken pandonga atur pisungsung, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula*)

PANGUTUSAN LAN BERKAH (jumeneng)

PS: Gusti Allah punika Sesirahing Brayat kita ingkang sejati.

U: **Kawula punika warganing brayatipun Allah.**

PS: Gesanga ing salebeting sih-katresnan Brayatipun Allah, silih asah, asih, asuh.

U: **Kawula badhé gesang ing salebeting sih-katresnanipun Allah.**

PS: Tansaha ngantebi kapitadosan dhumateng Allah.

U: **Kawula badhé tansah ngantebi kapitadosan dhumateng Allah Sang Juru Nyarasaken kawula.**

Sadaya: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

PS: Tampènana berkahipun Gusti:

“Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé, lan ngayomana kowé;

Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé, lan maringana sihrahmat;

Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé, lan maringana tentrem rahayu.”

U: (*Ngidungaken KPJ 475)*

KPJ 473

KPJ 473. HALÉLUYA, HALÉLUYA

Do=G 4/4

Haléluya, Haléluya, Haléluya, Haléluya;
Haléluya, Haléluya, Haléluya, Haléluya;

(MSH-DEN)



BAHAN LITURGI
Panutupan Wulan Brayat
Minggu, 31 Oktober 2021

Keterangan:

- PS: Pelados Sabda
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken
 U: Umat
 WL: Wakilipun Laré
 WN: Wakilipun Nèm-nèman
 WD: Wakilipun tiyang Diwasa
 WA: Wakilipun Adiyuswa

**“Brayat Kula
 Kapulihaken”**

GO&O

PACAWISAN

- Ingkang kajibah ngungelaken orgen utawi piano saged nglagokaken lelagon ingkang saged nggigah grengsenging pangabekti.
- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan ngibadah.
- Pokok-pokok Pawartos Pasamuwan kawaosaken.

TIMBALAN NGIBADAH

(*jumeneng*)

(*Jabur Masmur 148:1-6*)

- P/D: Haléléuya! Padha saosa puji marang Pangéran Yéhuwah kang ana ing swarga!
- U (laré-laré): **Padha saosa puji marang Panjenengané kang ana ing ngaluhur!**
- P/D: Hé sakehé malaékaté, padha saosa puji marang Panjenengané!
- U (nèm-nèman): **Hé wadya-balané,**
padha saosa puji marang Panjenengané!
- P/D: Hé srengéngé lan rembulan, padha saosa puji marang Panjenengané!

- U (diwasa): **Hé sakèhing lintang kang gumebyar,
padha saosa puji marang Panjenengané!**
- P/D: Hé langit kang ngungkuli sakèhé langit, padha saosa puji marang Panjenengané!
- U (adiyuswa): **hé, banyu kang ana ing sandhuwuring
langit!**
- P/D Sakabèhé iku padha memujia marang asmaning Yéhuwah,
- U (sadaya): **amarga Pangéran ngandika,
samubarang kabèh banjur padha dumadi.**
- P/D Pangéran ngadegaké sakabèhé iku kanggo sabanjuré
- U (sadaya): **lan ing salawasé,
sarta netepaké paugeran
kang ora kena katerak.**

(*Medley: tembang kalih ingkang katembangaken sacara gentosan.
Kidung Srengéngé Nyunar kakidungaken rumiyin, kalajengaken
Kidung Dina Iki Dinané Gusti.*)

KPJ 385. SRENGÉNGÉ NYUNAR

Do=Bes 2/4

Srengéngé nyunar kanthi mulya;
manuké ngocèh klawan rena;
anginé midit ana ing wiwitan;
kéwané bebungah ing pasuketan.
Kabèh padha muji Allah kang loma;
kabèh padha muji Allah kang loma.

(*kalajengaken lagu “Dinten Niki, Dintené Gusti”*)

DINTEN NIKI, DINTENÉ GUSTI

Dinten niki, dinten niki, dintené Gusti,
Mangga kita, mangga kita asuka rena, asuka rena
Dinten niki, dintené Gusti, mangga kita asuka rena,
Dinten niki, dinten niki, dintené Gusti,

VOTUM*(jumeneng)*

PS: Pangibadah Minggu Panutupaning Wulan Brayat punika lumampah ing Asmanipun Sang Rama, Putra, lan Roh Suci.
 U: (*kaucapaken*) **Amin.**

SALAM*(jumeneng)*

PS: Gusti Allah nunggila ing panjenengan!
 U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA*(lenggah)*

PS: Bapak, ibu, adhik-adhik, para nèm-nèman, saha éyang kakung lan éyang putri, dinten punika kita pantes saos sokur amargi Gusti Allah kepareng ngempalaken kita ing dalem pamujanipun Gusti. Sasampunipun nem dinten kita makarya ing satengahing jagad, wekdal punika kita kaparingan wewengan sesarengan ngabekti dhumateng Gusti minangka satunggalilng brayat ageng.

Kirang langkung sewulan punika kita sinau sesarengan bab tatuning batos. Kita sampun kaajak ngrumaosi tuwin nanggulangi tatuning batos. Dinten punika, ing salebetting Panutupaning Wulan Brayat, kita kaajak samidéné nyarasaken tatuning batos, ngantos brayat-brayat Kristen ngalami dipun pulihaken, dipun sarasaken saking tatuning batos, dados brayat-brayat ingkang ayem lan tentrem, awit Gusti Yésus lenggah ing satengahing brayat.

PAMUJINIPUN UMAT*(lenggah)*

KPJ 321: 1, 3
KULAWARGA KANG RAHAYU

Do=A 9/8

- 1) Kulawarga kang rahayu, lamun Gusti angayomi srana tresna kang satuhu, tansah nuntun wah nganthi.
 Refrein: Matur nuwun konjuk mring Gusti,
 dé karsa nuntun salaminya;
 sakathahing urmat wah pamuji

tansah sumengka ing ngarsanya.

- 3) Kulawarga tetep panggah, lamun Gusti kang ngayomi;
jroning susah dalah bungah, datan pegat ngrimati.

Refrein: Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

PANGAKENING DOSA

(lenggah)

[*Kapimpin déning palados sabda (PS), wakilipun laré (WL), wakilipun nèm-nèman (WN), wakilipun tiyang diwasa (WD), wakilipun adiyuswa (WA).*]

- PS: Umatipun Gusti, pangajeng-ajeng kita, griya kita, brayat kita dados patamanan ingkang ayem tentrem. Brayat kita saged dados seksinipun Sang Kristus ing satengahing masyarakat. Ananging, kala mangsa gesangging brayat kita dados séla sandhungan amargi anggèn kita ngutamékaken gesang kita piyambak, samidéné natoni tiyang satunggal kaliyan tiyang sanèsipun. Sumangga kita nyuwun pangapunten ing ngarsanipun Gusti Allah, kita ndedonga:
- PS: Dhuh Allah, Rama kawula. Wekdal punika kawula sowan ing ngarsa Paduka kanthi sawetahipun jejering gesang kawula. Kawula ènget, kawula asring damel duka pang galih Paduka lumantar pamanggih, pitembungan, sarta tumindak kawula. Kawula badhé ngakeni ing ngarsa Paduka. Paduka karsaa mirengaken pangaken kawula.
- WL: Minangka anak, kawula asring mboten urmat dhumateng tiyang sepuh kawula. Kawula asring ngapusi dhateng tiyang sepuh kawula. Gusti, Paduka karsaa ngapunteni kawula.
- U : **Gusti, Paduka karsaa ngapunteni kawula.**
- WN: Minangka golongan nèm-nèman, kawula asring tumindak sasekécanipun gesang kawula piyambak. Anggèn kawula mentingaken dhiri pribadi, natoni manahipun tiyang

sepuh, adhik, sarta kanca-kanca kawula. Gusti, Paduka karsaa ngapunteni kawula.

U: Gusti, Paduka karsaa ngapunteni kawula.

WD: Minangka tiyang sepuh, kawula asring njiyat pikajengan dhateng anak-anak kawula. Kawula ugi asring natoni manahipun anak-anak kawula kanthi mbandhing-bandhingaken anak-anak kaliyan tiyang sanès. Gusti, Paduka karsaa ngapunteni kawula.

U: Gusti, Paduka karsaa ngapunteni kawula.

WA: Minangka golongan adiyuswa, kawula asring nganggep dhiri kawula langkung saé saking golongan sangandhap kawula. Asring kawula ngrémèhaken golongan ingkang nglajengaken sujarahing gesang kawula. Gusti, Paduka karsaa ngapunteni kawula.

U: Gusti, Paduka karsaa ngapunteni kawula.

PS: Wekdal punika dhuh Rama, kawula ugi badhé ngakeni ing ngarsa Paduka sacara pribadi ing salebetung kawontenan ening. Paduka karsaa mirengaken pangaken pribadi kawula. (ening watawis 20 sekon)
Gusti, Paduka karsaa ngapunteni kawula.

U: Gusti, Paduka karsaa ngapunteni kawula.

PS: Ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus, kawula ngakeni sadaya dosa kawula.

U: Amin.

Kidung Panelangsaning Umat

(lenggah)

KPJ 46: 1, 2

AWIT KATHAH DOSA KULA

Do=D 3/4

- 1) Awit kathah dosa kula, mila tansah kèmengan
Gusti kang madhangi manah myang tuking kabingahan.
- 2) Mugi karsa angaksama ing klepatan kawula.
Tyas kula mugi dadosa padaleman Paduka.

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(*jumeneng*)

PS: Kanggé kita ingkang sampun ngakeni dosa ing ngarsanipun Gusti Allah, tilingna rahmating pangapunten saking Gusti Allah, kados ingkang kaserat ing Lelakoné Para Rasul 13:38-39,

“Pramila ndadosna ing kauningan, para Sadhèrèk, margi saking Panjenenganipun punika, panjenengan sadaya sami kawartosan bab pangapuntening dosa. Dénings angger-anggeripun Musa, panjenengan mboten badhé saged kaleresaken. Déné wonten ing Panjenenganipun saben tiyang ingkang pitados, kaleresaken.”

PS: Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

PS Tentrem-rahayunipun Allah nunggil ing gesang kita.

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

Pamujinipun Umat

(*jumeneng*)

KPJ 78: 1

IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Reffein: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

PALADOSAN SABDA

(*lenggah*)

PS: (*Ngonjukaken pandonga nyuwn panuntuning Roh Suci*)

PS: (*Maos Purwaning Dumadi 50: 15-21 lan Yakobus 5: 15-16*)

Makaten sabdanipun Gusti, ingkang rahayu inggih punika para tiyang ingkang mirengaken tuwin nggatosaken pangandikanipun Gusti Allah.

Haléluya.

U: (*ngidungaken*) **Haléluya.**

Khotbah

Wekdal Saat Teduh

Pangakening Pitados *(jumeneng)*

P/D3:Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken lan kita teguhaken malih menggah punapa ingkang kita imani, kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Iman Rasuli.

U: (*Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

Pandonga Syafaat *(lenggah)*

[*Kapimpin déning palados sabda (PS), wakilipun laré (WL), wakilipun nèm-nèman (WN), wakilipun tiyang diwasa (WD), wakilipun adiyuswa (WA).*]

PS: Rama ing swarga, kawula putra-putra Paduka badhé ngoranjukaken pandonga-pandonga panyuwunan kawula. Karsaa Paduka mirengaken panyuwunan kawula,

WL : (*ndedonga kanggé para tiyang sepuh anggènipun pados rejeki kanggé kacekapaning brayat*)

WN: (*ndedonga kanggé para adiyuswa anggènipun nglampahi dinten-dinten ing satengahing badan ingkang saya ringkih*)

WD: (*ndedonga kanggé para anak-anak anggènipun sami nglampahi pasinaonipun*)

WA: (*ndedonga kanggé pasamuwanipun Gusti ing pundi-pundi papan anggènipun martosaken Injilipun Gusti*)

PS: (*ndedonga kanggé brayat-brayat ingkang ketaton supados pinaringan pulihing gesang*)

Pandonga punika kawula unjukaken dhumateng Paduka dhuh Rama, ing Asamanipun Gusti Yésus Kristus Juruwilujeng kawula ingkang memulang kawula ndedonga: Rama kawula ing swarga

.....
Amin.

PISUNGSUNG*(lenggah)*

P/D: Umatipun Gusti, Sabdanipun Gusti ngèngetaken kita supados tansah ngucap sokur ing samukawis bab. Serat 1 Tésalonika 5: 18 nélakaken,

“Padha ngunjukna panuwun ing sabarang prakara, awit iku kang dikarsakaké déning Allah ana ing Kristus Yésus tumrap kowé.”

KPJ 176: 1-
PADHA SAOSA SOKUR

Do=D 2/4

- 1) Padha saosa puji sokur marang Allah Kang Mahaluhur; wulang bab asmané suci, dèn gelarna anèng bumi. Pangwasané disuwurna, anèng tengahé pra bangsa.
- 2) Padha saosana pamuji klawan masmur lan kidung suci. mukjijaté caritakna marang sakèhing manungsa. Padha luhurna asmanyा klawan panabuhing gangsa.
- 3) Abungaha wong kang ngupaya pangayunané Kang Makwasa, padha anitik-nitika, mungguh kwasané Pangéran. Ngupayaa wedanané, élinga mring mukjijaté.

Pandonga Atur Pisungsung*(jumeneng)*

P/D: (*Ngonjukaken pandonga atur pisungsung*)

Kidung Pangutusan

KPJ 439: 1, 2.
ING JAGAD KANG PETENG

Do=Bes 6/4

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa, kathah tyang kang ngresula. Karana panandhang, samya nggresah miwah semplah ing manah. Reffr: Sumangga, Gusti ngagem kawula, mrih ngèngetna para kanca, sengkut makarya nglawan godha dadosa berkah tumrap tyang kathah.

2) Angundhangna sih-rahmaté Gusti
 kanthi setya nglampahi
 margining luwar saking sangsara,
 temah samya raharja.

Reffr.: Sumangga, Gusti ngagem kawula,
 mrih ngèngetna para kanca,
 sengkut makarya nglawan godha
 dadosa berkah tumrap tyang kathah.

BERKAH

(*Jabur Masmur 144:12-15*)

- PS: Mugi-mugi anak-anak kawula jaler sami dadosa tetaneman,
- U: **ingkang thukul dados ageng ing nalika enèmipun,**
- PS: sarta anak-anak kawula èstri sami dadosa saka-saka pojokan,
- U: **ingkang dipun tatahi kanggé yeyasan kraton!**
- PS: Gudhang-gudhang pasimpenan kawula mugi sami kebaka,
- U: **ngedalaken barang rupi-rupi,**
- PS: mènda kawula sami bebranahana dados éwon,
- U: **dasanan éwon wonten ing pangénan kawula!**
- PS: Lembu-lembu kawula sami sageda wredèn, sarta sampun ngantos wonten ingkang boten dados lan kluron,
- U: **punapadéné mboten wonten panjerit ing ara-ara kawula!**
- PS: Rahayu bangsa kang tinemu kaya mangkono!
- U: **Rahayu bangsa kang Gusti Allahé Pangéran Yéhuwah!**
- PS: Gusti Allah Tritunggal ingkang Maha Suci: Sang Rama, Putra, lan Roh Suci, mberkahi panjenengan. Dinten punika, bénjing, ngantos Maranatha, Sang Kristus rawuh malih ing jagad punika. Haléluya! Amin.
- U: (*Ngidungaken*) **Haléluya (5x)** **Amin (3x)**

[AP-DEN]



BAHAN KAGEM PASUTRI

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

**BAHAN
KAGEM PASUTRI****SAMI ASUNG
PEMULIHAN
ING ANTAWISIPUN
INGKANG SAMI
KETATON****Dhasaring Panimbang**

Gesang sesémahan punika tansah dipun èbeki déning manékawarni kawontenaning gesang. Salah satunggiling pérangan kawontenaning gesang inggih punika wontenipun béda ing pamanggih, anjalari tuwuhipun “pradondi” (konflik). Pradondi ingkang mboten saged karampungaken kanthi kebak kawicaksanan, saged anjalari tatuning manah saben pribadi ing brayat punika. Tatuning manah ing salebetung gesang sesémahan, saged dipunalami awit wontenipun pemeteging gesang bebrayatan. Saged kita bayangaken kados pundi brayat mboten ngraos sedhilih, prihatin, lan sangsara anggènipun nglampahi gesang sesémahan kalawau, menawi gesang sesémahanipun tansah kaèbekan déning manah ingkang sami ketaton. Menawi pengalaman gesang ingkang kados mekaten kalawau mboten dipun udhari kanthi kebak kawicaksanan, mesthi kémawon gesang sesémahan kalawau badhé dados ajang kanggé sami nyakiti setunggal lan setunggalipun. Wusananiipun saged kémawon arah lan tujuanipun gesang sesémahan badhé ical.

Bapa, ibu, dalah sawetahing warga brayat mesthi badhé tansah ngantu-antu wontenipun kabingahan, karaharjan lan katentreman ingkang tansah ngrenggani gesang bebrayatan kalawau. Nanging pasrawungan ing antawisipun warga brayat, saged kémawon nuwuhaken wontenipun pradondi-pradondi alit. Pramila saben warga brayat perlu ndarbèni sedya lan krenteg tansah nggegesang tumindak sami asung pemulihan

setunggal lan setunggalipun. Saben warga brayat, inggih sageda tansah nggladhi dhiri kanggé ngrajut tatuning manah, murih saged dados sumbering kawicaksanan tumrap brayat sawetahipun. Adhedhasar sedaya panimbang punika, mila bahan punika karancang kanthi ancas lan tujuan supados saben brayat mangertosi maknaning manah ingkang tatu, ingkang dipun alami déning brayat, lan kanthi sedya ingkang nyawiji samia saged mbudi daya asung pemulihan setunggal lan setunggalipun.

1. Andum Pengalaman

- a. Minangka bapa lan ibu ing salebetting gesang sesémahan, punapa panjenengan naté mireng tetembunganipun sémah ingkang karaosaken natoni manah?
- b. Punapa ingkang panjenengan raosaken nalika mireng tetembungan saking sémah ingkang karaos natoni manah kalawau?
- c. Punapa panjenengan ngulinakaken nedha pangapunten lan mbudi daya ngrampungaken prekawising gesang ingkang pinanggih ing salebetting sesambetaning gesang sesémahan?

2. Njingglengi Pengalaman

- a. Nalika mireng tetembungan saking sémah ingkang karaos mboten ngremenaken manah, punapa ingkang lajeng panjenengan lampahi?
- b. Sesambetan kaliyan pangapuntenan ing salebetting brayat, punapa ingkang panjenengan tindakaken supados gesanging brayat panjenengan dipun èbeki déning sikep apunten ingapuntenan, sami asung pemulihan lan kebak raos tentrem rahayu ingkang nyatunggilaken?

3. Mirengakenen Sabdanipun Gusti

- Maos Matius 18: 23-34
- Pangraosing Sabda

Sami asung pemulihan ing antawisipun tiyang-tiyang ingkang sami tatu manahipun

Mulihken manah ingkang tatu, mboten saged kapisahaken saking tumindak ngapunteni. Salah satunggiling sarjana winasis kanthi asma Mc. Cullough, ngandharaken pamanggihipun bilih ngapunteni punika mujudaken “adrenging sedya” (motivasi) kanggé ngendhakaken raos manah ingkang makantar-kantar badhé males ukum dhateng sedhèrèk ingkang nyakiti manahipun, lan kosokwangslipun mbereg sedhèrèk kalawau kapara saged mangun sesammbetan ingkang rukun malih kaliyan sedhèrèk kalawau (Latifah lan Faturochman, 2019). Tumindak ingkang mekaten punika, mbetahaken keputusan kanggé ngrucat raos sakiting manah, nadyan punika dèrèng mesthi sampun ateges ngapunteni.

Keputusan ngapunteni tetéla dèrèng dados jaminan saged ngirangi raos sakiting manah. Nanging kanthi keputusan punika, paling mboten kita sampun gadhah sedya mboten badhé ngayati lan nyimpen raos sakiting manah kalawau, punapa malih nyengiti utawi nampik tiyang ingkang karaos sampun nyakiti manah kita. Nadyan sampun nélakaken sikep angapunteni, saged ugi kita taksih gadhah raos ingkang kirang sreg dhateng sedhèrèk ingkang nyakiti manah kita. Kénging punapa mekaten? Kelampahan mekaten karana, ngapunteni punika sanès namung prekawis raos kewala, ngapunteni ugi wonten sesambetanipun kaliyan niat utawi krenteging manah. Keputusan kanggé ngapunteni, ugi ateges keputusan kanggé ngasihi, ingkang mesthi kémawon dados lelawananipun sikep nyengiti. Raos sengit mujudaken sumbering sedaya pepénginan kanggé tansah nyimpen amarah, ngendhem sengit, lan males ukum, ingkang sedayanipun tumuju dhateng tumindak nyakiti asanès.

Ngrembag bab ngapunteni, ugi ateges ngrembag bab kalepatan. Tembung “kalepatan” karjawèkaken saking tembung Yunani *opheilema* ingkang ndarbeni teges “mboten kuwawi mbayar” (utang) ingkang mesthinipun kedah

kabayar, utawi wurung nindakaken punapa ingkang mesthinipun wajib kiya tindakaken (Andar Ismail, 2008, kaca. 93). Kita mangertos bilih mboten wonten manungsa ingkang sampurna, sedaya titah ndarbèni kekirangan. Menawi kita wurung nindakaken punapa ingkang wajib kita tindakaken punika satunggaling kalepatan, mila kita sedaya mesthi nggadhahi kalepatan ugi.

Tiyang ingkang lepat, mbetahaken pangapuntenan. Ing mriki kita sami dipun èngetaken déning pandonga kita “Donga Rama Kawula”. Ing salebeting pandonga punika, Gusti Yesus ngatag para muridipun ndedonga nyuwun pangapunten wonten ngarsanipun Sang Rama. Inggih namung Gusti kewala ingkang kadugingrucat kalepatan kita, dalah nyucèkaken manah kita saking dosa ingkang sampun kita tindakaken. Sasisihipun punika, nalikanipun kita sami nyuwun pangapunten, Gusti Yesus ugi ngatag saben tiyang ingkang nyuwun pangapunten, purun ngapunteni tiyang sanès ingkang kalepatan dhateng kita (“... mugi ngapunten kalepatan kawula, kadosdéné kawula inggih ngapunten ing tetiyang ingkang kalepatan dhateng kawula”). Salajengipun, sasampunipun ndedonga nyuwun pangapunten, kita ugi kabereg saged nindakaken pangapuntenan. Mila wonten ing Injil Matius 6:14-15 kapangandikakaken: “Sabab, manawa kowé padha ngapura kaluputaning wong, Ramamu ing swarga iya bakal ngapura marang kowé. Nanging manawa kowe ora ngapura marang wong, Ramamu iya ora bakal ngapura kaluputanmu”. Ing mriki wonten katemtuan “mulihaken” (*restorative*), tegesipun: korban kapulihaken, tiyang ingkang nandhang lepat kaleresaken, satemah ngakeni kalepatanipun lan mahananí wontenipun upadi sesarengan tumuju dhateng pemulihan.

Injil Matius 18:23-34 ingkang ngemot pasemon bab “pangapuntenan”, saged mitulungi kita mangertos karsanipun Gusti Yesus ing bab ngapunteni. Abdi ingkang ndarbèni utang 10.000 talenta, pikantuk nugraha saking Gusti, karana sedaya utangipun kaanggep lunas. Talenta punika mujudaken pétanganing arta ingkang paling inggil

ajinipun nalika semanten. Setunggal (1) talenta, nggadhahi pangaji sami kaliyan 6.000 dinar. Menggah dinar punika piyambak, mujudaken bayaran arta pangaji setunggal dinten kanggé panyambut-damelipun buruh padintenan. Menawi ngginakaken péongan blanja buruh padintenan samangké, Rp 100.000,00 sedinten, mila 1 talenta, sami kaliyan 6000 x Rp 100.000,00 = Rp 600.000.000,00 (enem atus yuta rupiah). Dados utangipun abdi kalawau agengipun Rp 600.000.000,00 x 10.000 = 6.000.000.000,00 (enem triliun rupiah). Lajeng, betah pinten tahun laminipun abdi kalawau kedah ngempalaken arta kanggé nyekapi nyaur utangipun? Awit saking punika, mboten ngéramaken menawi abdi kalawau ngaturaken agunging panuwun awit sedaya utangipun ingkang mboten saged kabayar punika, samangké sampun kaanggep lunas déning sang Raja. Punika mujudakan nugraha ingkang saèstu ageng, ingkang mboten saged kininten.

Ewasemanten, ing cariyos candhakipun (18: 28-30), kacariyosaken bilih abdi kalawau pinanggih kaliyan mitranipun ingkang ugi nggadhahi sambetan dhateng piyambakipun kathahipun 100 dinar, sami kaliyan Rp 100.000,00 x 100 = Rp 10.000.000,00. Piyambakipun lajeng nekak gulunipun lan ngrudapeksa sedhèrèk kalawau supados énggal-énggal nyaur sambetanipun. Piyambakipun mboten asung pangapunten babar blas sanadyan mitranipun kalawau sampun nyenyuwun kanthi melas asih. Mesthi kémawon arta sedasa yuta kalawau saèstu ageng tumrap piyambakipun, ananging menawi kabandhingaken kaliyan sambetanipun pangaji enim trilyun (1:1.200.000), arta sedasa yuta punika mboten wonten artosipan.

Cariyos ing Matius 18: 23-34 punika ngèngetaken kita sedaya bilih kita asring gampil ningali kalepatanipun asanès langkung ageng, ngantos kita sami mboten keconggah asung pangapunten. Nanging kita sami kesupèn bilih sejatosipun kita sampun nindakaken kalepatan ingkang ageng, ingkang kita piyambak mboten kewagang nebusi kalepatan kalawau amrih pikantuk pangapunten. Menawi kita tansah ningali

kalepatanipun asanès langkung ageng, saha mapanaken dhiri pribadi kita minangka korban, mila ingkang badhé kelampahan salajengipun inggih punika kita badhé ngraosaken tatuning manah. Punapa kanthi mekaten kita badhé këndel kémawon nadyan tiyang sanès tumindak awon, mboten adil lan nyakiti manah kita? Ngèndelaken tumindak ingkang kados mekaten kalawau, saèstu mboten badhé ngrampungaken prekawising gesang bebrayatan ing masyarakat. Ing salebting gesang bebrayan ing masyarakat, kita sami mbetahaken punapa ingkang winastan sikep “*asertif*”.

Asertif punika sikep alus lan sarèh, tegas lan cetha anggènipun mratélakaken pangraos lan kabetahan dhiri pribadinipun dhateng asanès. Ing babagan gesang sesémahan, sikep ingkang kados mekaten kalawau dipun télakaken sarana nglairaken punapa ingkang karaos sacara jujur. Conto sikep *asertif* ingkang dipun lairaken dhateng sémah nalika nyakiti manah mekaten: “Aku rumangsa yèn sliramu ngandhakake prakara kang natoni atiku nalika aku mbok dakwa nduwèni sambungan katresnan karo liyané ...”. Tetembungan kalawau sinebat *asertif* karana kawiwitan sarana tembung “aku rumangsa...” lan sanès kawiwitan sarana tembung “sliramu wis ndakwwa aku....”. Punapa bédanipun tetembungan kekalih punika? Bédanipun pinanggih ing tetembungan ingkang kawiwitan saking pangraosing manah, lan mboten nglepataken tiyang sanès.

Ngapunteni mujudaken tumindak ingkang langkung nengenaken pérrangan kajiwani (psikologis), mliginipun pérrangan *afektif* lan *kognitif* ing tataraning sesambutan pribadi mbaka pribadi. Ngapunteni sacara kajiwani saèstu badhé ndayani lan mangaribawani sacara saé menawi sedaya prekawis sacara kajiwani karampungaken, kanthi tuntas. Punika badhé kapratandhan sarana wontenipun upadi ingkang tulus lan jujur kanggé ndandosi sesambutan ingkang sawetawis risak, ing antawisipun sedhèrèk ingkang sami tatu manahipun. Sacara nyata, sedaya prekawis punika kalairaken ing salebetung panyuwunan apunten ingapunteni. Awit

saking punika, secara kajiwana, ngapunteni ingkang mboten kawujud secara nyata ing sesambutan antawising pribadi, malah saged anyakiti manah (Laitifah lan Faturochman 2019).

4. Maknani Pengalaman Sacara Enggal

- a. Sasampunipun mirengaken andharan saking Injil Matius 18: 23-34, punapa ingkang panjenengan mangertosi ing bab apunten ingapuntenan ing gesang sesémahan antawisipun bapa lan ibu?
- b. Miturut panjenengan, punapa ingkang kedah kalampahaken supados gesang sesémahan ing antawasipun bapa lan ibu saged dados gesang nyawiji ingkang sami asung pemulihan?

5. Nganyaraken Gesang

- a. Praktek-praktek gesang ingkang kados pundi ingkang badhé kalampahaken supados gesang sesémahan mboten sami anyakiti setunggal lan setunggalipun?
- b. Mungkasi pepanggihan sarana ngajak sedaya ingkang rawuh ndarbèni tékad gesang apunten ingapuntenan, lan ngetingalaken gesang ingkang sami mulihaken setunggal lan setunggalipun sarana:
 - Ngraos-ngraosaken pepujènipun Maria Shandi kanthi jejer “Pemulihan Keluarga” (<https://www.youtube.com/watch?v=5sandHVn7E>)
 - Ndédonga sesarengan (donga-dinonga ing antawisipun bapa lan ibu)

Dhaftar Waosan:

1. Andar Ismail, Selamat Pagi Tuhan, Jakarta, BPK, Gunung Mulia, 2008
2. Latifah Tri Wardhati dan Faturochman, https://www.researchgate.net/publication/336579274_Psikologi_Pemaafan

Lampiran

Pemulihan Keluarga - Maria Shandi
(<https://www.youtube.com/watch?v=5s-andHVn7E>)

Ini saatnya Tuhankau melawat keluargaku
Ini waktunya pemulihan terjadi
Keluargaku milik-Mu Selalu berharga dimata-Mu
Kau satukan Kau berkat Untuk kemuliaan-Mu

Ini saatnya Tuhankau melawat keluargaku
Ini waktunya pemulihan terjadi
Keluargaku milik-Mu Selalu berharga dimata-Mu
Kau satukan Kau berkat Untuk kemuliaan-Mu

Keluargaku milik-Mu Selalu berharga dimata-Mu
Kau satukan Kau berkat untuk kemuliaan-Mu
Kau satukan Kau berkat
Untuk kemuliaan-Mu Untuk kemuliaan-Mu

Keluargaku milik-Mu selalu berharga dimata-Mu
Kau satukan Kau berkat untuk kemuliaan-Mu

[SAK]

BAHAN KAGEM PASUTRI 2

NGGULAWENTHAH KANTHI KASADHARAN (*Mindfull Parenting*)

Dhasaring wawasan

Kita asring nglampahi gesang punika kanthi mekaten kémawon tanpa tuntunan. Awis-awis wonten tiyang ingkang purun njangkepi dhirinipun srana cara tansah sinau kanggé ngindhakaken kwalitasing gesangipun, kwalitasing rélasi lan kwalitasing pola asuh/panggulawenthah. Menawi kwalitasing gesang ingkang dipun lampahi mboten saged optimal (kanthi cara ing aksaé-saénipun), wusananiipun gesangging brayat saged mboten tumata kanthi saé, malah saged risak. Ing Wulan Brayat punika secara mirunggan kita dipun ajak nindakaken réflèksi salah satunggaling aspèk polaning panggulawenthah ing salebetting brayat. Lantaran Panyuraos Kitab Suci wekdal punilka para rawuh kaajak nyadhari pentingipun pola panggulawenthah ingkang kanthi kasadharan (*mindfull parenting*) lan saged mraktèkaken ing gesang padintenan.

Andum lan Ngegilut Pengalaman

1. Punapa ingkang Ibu/Bapak cawisaken nalika badhé kagungan putra?
2. Saking pundi utawi saking sinten Ibu/Bapak pirsa bab-bab ingkang gegayutan kaliyan pacawisan kasebut?

Ngraos-ngraosaken Sabdanipun Gusti

- Maos Purwaning Dumadi 25: 21-28; 27: 1-13, 35-38, 41-45
- Andharan bab Pola Panggulawenthah ing brayat kanthi jejer “Nggulawenthah kamthi kasadharan”

Nggulawenthan kanthi kasadharan

(Mindfull Parenting)

Tumindaking tiyang-sepuh ing panggulawenthah tumrap laré sampun kawiwitan nalika ngrancang anggènipun badhé ngandheg. Ing salebetung pra-ngandheg lan ngandheg, tiyang-sepuh mbetahaken pacawisan mawarn-warni aspèk, ing antawisipun fisik, psikologis, punapa-déné finansial. Sedaya pacawisan kasebut badhé mangaribawani tiyang-sepuh lan janin ingkang wonten ing guwa garba. Kejawi punika ugi wonten faktor ingkang mangaribawani tiyang-sepuh ing salebetung pasawisan, inggih punika wawasanipun tiyang-sepuh ingkang cekap ing bab mekar (perkembangan) janin lan bab-bab ingkang mangaribawani. Relasi jaler lan èstri (*suami dan istri*) ing salaminipun ngandheg, ugi pangudinipun ibu mbangun janin ing guwa garba kanthi raket, mujudaken bab ingkang penting ingkang mangaribawani mekar (perkembangan) janin.

Ing salebetung nggulawenthah laré, tiyang-sepuh prelu paham bilih saben laré béda-béda kawontenanipun secara individual, unik. Cakrikipun secara ragawi béda, kasagedanipun akali (*kognitif*), kapribadèn, anggènipun nglairken émosi, punapa-déné solah tingkahing sosial. Srana mengertosi béda-bédaning laré lan kaunikanipun saben laré punika, sged mbiyantu tiyang-sepuh nampi laré, nggulawenthah laré secara èfèktif, lajeng ngirangi risiko pola panggulawenthah ingkang mboten nguntungkan laré.

Panggulawenth ingkang katindakaken déning tiyang sepuh sajatosipun ngemu dhimènsi penampi lan dhimènsi kontrol. Ing dhimènsi panampi, tiyang-sepuh nggulawenthah laré kanthi mangertosi kabetahanipun laré, ugi nélakaken raketipun lan aprésiasi tanpa syarat dhateng laré. Dhimènsi sanèsipun inggih punika dhimènsi kontrol, mbiyantu tiyang-sepuh ing salebetung damel lan ngetrapaken watesan lan aturan dhateng laré. Salajengipun dhimènsi punika saged ndadosaken munculipun tuntutan-tuntutan tiyang-sepuh dhateng laré, ugi saged mangaribawani tumrap terhadap putusan-putusan ingkang dipun tetepaken laré.

Tiyang-sepuh prelu ènget bilih ing salebeting nggulawenthah larè, saged muncul mawarni-warni risiko ingkang ndadosaken strés ing salebeting nggulawentah. Risiko-risiko kasebut ing antawisipun: laré ingkang kirang patuh dhateng aturan lan watesan ingkang dipun damel déning tiyang-sepuh, pangaribawanipun brayat ageng ing bab panggulawenth ingkang katindakaken déning tiyang-sepuh, karépotaning tiyang-sepuh ing salebeting ngemonah padamelan lan panggulawenthah, konflik ingkang muncul ing antawisipun jaler lan èstri (*suami-istri*), malah ugi munculipun kawontenan ingkang mboten kaduga (upaminipun kawontenan pandhemè COVID-19). Faktor risiko ing bab strés ing panggulawenthah punika menawi mboten dipun kemonah kanthi saé déning tiyang-sepuh saged ngganggu sesambutan ing salebeting brayat, utawi saged muuhaken panggulawenthah ingkang kawarna déning kekerasan.

Kanggé ngirangi munculipun strès ing panggulawenthah, tiyang-sepuh prelu sinau kanggé mekaraken panggulawenthah kanthi kasadharan (*mindful parenting*). Ing panggulawenthah punika, tiyang-sepuh kaajak supados tansah “éling” ing tumindak, dadosa ingkang sampun punapa-déné ingkang badhé kaleksanakaken ing salebeting panggulawenthah dhateng anak-anakipun. Panggulawenthah kanthi kasadharan tetéla ing patrap, pitembungan, lan tingkah polahipun tiyang-sepuh ingkang ngrumiyinaken kasadharan/”éling” ing salebeting nggulawenthah laré. Panggulawenthah punika saged mbangun lan nambah sesambutan ingkang aman/*secure*.

Panggulawenthah kanthi kasadharan ateges tiyang-sepuh kersa mirengaken laré kanthi saèstu, lan nindakaken sesambutan (komunikasi) kanthi èmpati. Kejawi punika, tiyang-sepuh ugi prelu nambah pangertosan lan panampi dhateng laré supados nyungki solah tingkah ingkang njeksani laré. Ing bab ”éling” panggulawenyhahing laré, tiyang-sepuh ugi prelu sinau nata dhiri supados saged maringi conto karakter-karakter positif dhateng laré, upaminipun kasabaran, lan welas asih. Srana panggulawenthah kanthi kasadharan punika, kaajeng-ajeng tiyang-sepuh langkung saged ngadhepi laré secara langkung

èfektif, ngirangi strès ing panggulawenthah temah tumindakipun tiyang-sepuh ing tembénipun saged mitunani utawi natoni laré, saged dipun singkiri.

▪ **Ngegilut Sabda lan Réflèksi**

Sasampunipun maos P. Dumadi 25: 21-28; 27: 1-13, 35-38, 41-45 lan andhranipun ingkang jejer “Panggulawenthah kanthi Kasadharan,

1. Ngaca saking andharan ingkang jejer “Panggulawenthah kanthi Kasadharan” lan akhiring cariyos waosan Kitab Suci wau, kalepatan punapa kémawon ingkang sampaun katindakaken déning Iskak lan Ribka?
2. Piwulang puapa kémawon ingkang Ibu/Bapak panggihaken saking waosan kasebut? Pola panggulawenthah kadoa punapa ingkang dipun kersakaken déning Gusti lan saé kanggé para laré?
3. Bab-bad punapa kémawon ingkang badhé Ibu/Bapak trapaken ing gesang padintenan gegayutan kaliyan pola penggulawenthah ing satengahing brayat?

Lagu-lagu ingkang saged kaakgem ing acara punika:

KPJ 324: 1,2

KPJ 326: 1,2

[KDA]

BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI ADIYUSWA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

**BAHAN
PKS ADIYUSWA 1**

Waosoan:
Filipi 1:12-26

**NGLADOSI ING
WANCI ADIYUSWA?
SINTEN INGKANG
AJRIH!**



PANUNTUN

Raos ajrih mboten saged kapisahaken saking gesang ing manungsa. Saben tiyang nggadhahi raos ajrih ingkang bédabéda. Wonten ingkang ajrih awit kécalan barang darbé, ajrih kécalan brayat, ajrih kécalan putra, ajrih kécalan mitra, ajrih dhateng pejah, ajrih dados sepuh lss. Asring, dados sepuh punika bab ngkang ndadosaken ajrih tumrap sapérangan sedhèrèk. Sedhèrèk-sedhèrèk punika mboten saged nampi dhatengipun yuswa sepuh. Pramila kathah tiyang ingkang nindakaken mawarn-warni upadi upaminipun ulahraga, ngatur asupan tetedhan ngantos sawernining operasi lss.

Sajatosipun lumebet ing yuswa sepuh mboten prelu dados masalah. Punika bab ingkang alami, sanès bab ingkang prelu dipun ajrihi. Saben tiyang gesang badhé ngalami bab punika. Sampun ajrih, sampun alit ing manah. Ugi sampun mindher. Gusti Allah makarya ing prosès dados sepuh, inggih punika nalikanipun raga kita wiwit ringkikh. Ing wekdal punika Gusti Allah kagungan wekdal ngénggalaken karohanén kita supados dados sangsaya kiyat. Menawi raga mboten naté dados ringkikh, tiyang condhong ngandelaken kekiyatán dhiri pribadi kawusaninanipun, kabetahaning karohanén mboten naté dipun gatosaken.

KATRANGAN TÈKS

Rasul Paulus kepéngin mbekta pasamuwan Filipi langkung saged ningali kanyataning gesang punika kanthi siyaga lan

mboten prelu panik dhateng masalah-masalah ingkang muncul lan ingkang badhé muncul. Rasul Paulus piyambak sampun mbuktèkaken bilih senadyan piyambakipun kablenggu minangka tawanan nanging malah sampun dados tuladha tumrap tiyang sanès. Rasul Paulus mbekta gesangipun dhateng pangertosan ingkang langkung wiyar inggih punika gesang ing salebetung pambahang turut dhunateng kersanipun Gusti Allah ingatasing gesangipun. Pramila Rasul Paulus nggadhahi pangajeng-ajeng supados wusananiipun pasamuwan Filipi ugi saged dados pribadi ingkang langkung saè ing salabeting kapitadosanipun.

Makna “kapilih tumut ing paladosanipun” sami kaliyan “gesang punika Kristus”. Tegesipun, bilih sedayanipun Sang Kristus. gesang punika kedah kapenuhan déning Sang Kristus. Kaisi déning Sang Kristus, tegesipun sami kados ingkang katindakaken déning Rasul Paulus ingkang tetéla saking kayakinan, katresnan, lan pambahunturutipun. Rasul Paulus mboten gadhah pawadan sanès kanggé mboten ngucap bilih sedaya punika awit Sang Kristus, saking Sang Kristus lan kagem Sang Kristus.

Ngendikanipun Rasul Paulus adhedhasar **Filipi 1:12-26** nélakaken bilih panandhangipun tiyang pitados lantaran pamartosing Injil saged suka wawasan dhateng tiyang sanès saged rumaos mongkog wonten ing Sang Kristus. Kamajenganing Injil mboten katemtokaken déning kawontenan punapa kémawon utawi motivasi saking sinten kémawon awit punapa ingkang sampun kabikak déning Gusti mboten kainep déning sinten kémawon. Pamartosing Injil kanthi sukarena ngedalaken woh sukarena kanggé sedaya tiyang. Sukarena ingkang dipun maksud inggih punika kabingahan ingkang sumberipun saking Sang Kristus. Kangèlaning gesang wujud punapa kémawon ingkang dipun alami déning tiyang pitados mboten ndadosaken para pitados nilar Gusti. Malah panandhang karana Sang Kristus ndadosaken para pitados mongkog dhumateng Gusti. Sanès mongkog tumap dhiri pribadi, sanès mongkog awit nggadhahi panguwaos. Pitepangan ingkang leres dhunateng Gusti badhé mbekta gesangipun kanggé

ngrumiyinaken Sang Kristus temah kangèlan punapa kémawon ingkang dipun adhepi badhé saged ndadosaken terus gesang ing salebetung kabingahan pangajeng-ajeng dhumateng Gusti.

Lantaran serat Filipi 1:12-26, Rasul Paulus ngèngetaken pasamuwan Filipi bilih panandhang ingkang sampun dipun alami kaagem déning Gusti dados sarana nyebaraken Injil. Panandhang kasebut dipun alami déning Rasul Paulus ing salebetung pakunjaran. Inggih bab punika ingkang nuwuhaken raos kuwaros ing pasamuwan Filipi adhedhasar punapa ingkang dipun ngendikaken inh serat Filipi kasebut. Rasul Paulus kepéngin nyakinaken pasamuwan Filipi bilih punapa ingkang dipun alami mboten namung gegayutab kaliyan kawilujenganing dhirinipun, nanging ugi gegayutan raket sanget kaliyan tumindaking pawartosing Injil. Pramila Rasul Paulus kendel sanget ngendika ing Filipi 1:21 “Awit mungguh ing aku urip iku Sang Kristus, déné mati iku kabegjan.” Ing ayat sadérèngipun ugi dipun ngendikakaken “Amarga kang banget dakpéngini lan dakarep-arep, yaiku yén tumraping samubarang kabèh aku ora bakal kawirangan, nanging kaya sing uwis-uwis, mangkono uga saiki, Sang Kristus kanthi cetha kaluhuraké ana ing badanku, dadia srana uripku, utawa srana patiku”

PITAKÈNAN KAGEM DHISKUSI

1. Kagem Ibu/Bapak Filipi 1:21 nélakaken bab punapa? Kaaturan ngandharaken kanthi ringkes!
2. Peladosan punapa kémawon ingkang badhé Ibu/Bapak tindakaken? Panjenengan badhé ngladosi ing pundi lan dhateng sinten kémawon?
3. Sinau saking Rasul Paulus, punapa ingkang badhé panjenengan tindakaken nalika ing salebetung ngladosi Gusti panjenengan ngadhepi tantangan?

RÉFLÈKSI

Umur namung satunggaling angka. Ananging taksih kathah tiyang ingkang lumbet ing yuswa sepuh rumaos lingsem utawi mindher ngladosi Gusti awit rumaos sampun mboten

aném. Ananging bab punika kedahipun kita punggel, awit ngladosi Gusti mboten adhedhasar umur nanging Gusti ingkang nyagedaken kita. Rasul Paulus ugi dipun aben ajengaken kaliyan kalih pilihan ingkang dhilematis, nanging sanès pilihan kados woh simalakama, nanging kalih pilihan ingkang ngemu berkah mirunggan. Mugi-mugi nalika umur sangsaya tambah, kita tetep dados pribadi ingkang purun kapilih kanggé ngladosi. Sanès amargi dhiri kita hébat, nanging awit katulusaning manah purun ngladosi.

[DPH]

**BAHAN
PKS ADIYUSWA 2**

Waosan:
Filipi 4:4-9

AKU BEGJA

©2020

PANUNTUN

Saben tiyang dhasaripun kepéngin gesang ing kabegjan, kalebet para adiyuswa. Saben tiyang kepéngin nggadhahi kabegjan. Saben tiyang gadhah hak nampi kabegjanipun piyambak-piyambak lan gadhah hak ugi nampi sedaya ingkang kepéngin dipun gadhahi. Masalah-masalah ingkang dipun alami ing gesangipun mboten kénging matesi tiyang kèndel nglari kabegjanipun

Martin Elias Peter Seligman, pakar psikologi saking Amerika, ngandharaken bilih kabegjan punika kawontenan psikologis ingkang positif ing pundi tiyang nggadhahi émosi positif awujud kamaremaning gesang lan pikiran lan raos ingkang positif tumrap gesang ingkang dipun lampahi. Émosi positif saged ing bab dinten-dinten ingkang sampun kapengkeraken, sapunika, utawi wekdal-wekdal ingkang badhé kelampahan. Kanthi nyinaoni kabegjan tigang werni punika, tiyang saged ngeneraken émosi dhateng ener ingkangf positif srana ngéwahi pangraosipun ing dinten-dinten ingkang sampun kapengkeraken, cara pikir bab ingkang badhé kelampahan, lan cara nglampahi wekdal sapunika. Kabegjan jangka panjang badhé muncul mindhak sairing kaliyan kathahipun émosi positif ingkang dipun alami nalikanipun ngénegeti dinten-dinten kepengker, ningali dinten-dinten ingkang badhé dhateng, lan nglampahi wekdal sapunika. Émosi positif dinten-dinten kepengker nyakup/ngemot kamareman, kalegan, kasuksèsan, manah bombong, lan katentreman.

Kabegjan ingkang sejatos maujud, dadosa nalika nembè mboten wonten masalah punapa-déné nalika wonten masalah. Tiyang ingkang ngalami kabegjan sejatos badhé kanthi kendel celathu, “Aku begja senadyan aku ana ing tarunging rasa (*pergumulan*), senadyan kekuwatiran lan ati kang kuwur nggodha aku.

ANDHARAN TÈKS

Ing Filipi 4: 4-9, Rasul Paulus ngajak supados wonten ing kawontenan punapa kémawon kita kedah tetep saged nyunaraken kabegjan. Ingkang dados soal inggih punika kados pundi supados kita tansah gesang ing salebetting kabegjan. Punapa ingkang kedah kita tindakaken? Rasul Paulus paring pitedah supados saged bingah-bingah woten ing Gusti! Tembung bungah-bungaha ing ayat 4 dipun ambali kaping kalih. Kénging punapa tembung padha bungah-bungaha dipun ambali kaping kalih? Awit manungsa asring kesupèn mèsem, èseming kabegjan. Kabegjan utawi sukarena kedah dipun gadhahi déning saben tiyang pitados awit manah ingkang begja punika obat/jampi tumrap jiwa ingkang séhat. Nalika serat punika kaserat, Rasul Paulus nembé wonten ing pakunjaran, nanging Rasul Paulus tetep tansah martosaken timbalanipun Gusti supados bingah-bingah lan gesang wonten ing Gusti. Secara logika angèl dipun gambaraken Kados pundi Rasul Paulus saged bingah ing pakn jaran. Awit pakunjaran ing jaman semanten damel miris sanget. Sampun ngantos kita nggamaraken ing pakunjaran nalika semanten wonten wifi utawi wonten angkringanipun. Ing pakunjaran nalika semanten ingkang wonten panyiksa ingkang kejem. Kawontenan kasebut béda kaliyan pakunjaran wekdal punika ingkang saged nampi fasilitas nyaman srana mbeseli. Ananging Rasul Paulus saged nglangkungi sedaya punika awit sedaya kedah katampi minangka peladosipun Gusti.

Panandhang mboten ngalang-alangi Rasul Paulus anggènipun tansah bingah-bingah lan ngladosi Gusti, “Awit mungguh ing aku urip iku Sang Kristus, déné mati iku

kabegjan." (Filipi 1:21). Rasul Paulus mulang umatipun Gusti supados tetep bingah-bingah senadyan ing salebeting panandhang. Pramila pangandika punika ngajak kita nindakaken réflèksi tumrap sawetawis bab, inggih punika: ***kapisan, gesang wonten ing Gusti.*** Nalika sapunika kita lumebet ing adiyuswa, mangga kita ngaturaken sawetahing gesang kita kagem Gusti. Srana mekaten, manah lan pikiran kita badhé sangsaya anteng lan ngraosaken tentrem rahayu. ***Kaping kalih, gesang kanthi ngucap sokur punapa ingkang sanpun kaparingaken déning Gusti.*** Ngucap sokur awit nikmat ingkang kaparingaken déning Gusti lantaran umur kita tanpa nggrubdel lan nggresula tumrap kawontenaning raga, punika salah satunggaling kunci sumbering kabegjan. ***Kaping tiga, gesang tanpa raos kuwatos.*** Filipi 4:6 nélakaken "Aja padha nyumelangaké bab apa bae, nanging padha lairna sakèhing pepénginanmu marang Gusti Allah ing pandonga lan panyuwun kalawan caos sokur."

Ing salebeting nglampahi dinten mbaka dinten minangka adiyuswa, wonten kathah tantangan lan pacobèn ingkang kedah dipun nikmati, kados raga ingkang sangsaya wungkuk, rikma ingkang saya pethah, kulit ingkang mboten kenceng malih, mripat ingkang saya blawur, lss. Nanging kita kedah sadhar bilih gesang punika satunggaling sih-rahmat. Sedaya kangélan lan kasisahan ingkang kita adhepi punika kadhang kala damel manah kita wiwit ajrih lan kuwatos ngadhepi mangsa sepuh. Menawi kita nggadhahi wawasan gesang ingkang tumuju dhumateng Gusti, punapaa msalah ingkang kita adhrpi badhé kraos gampil.

Mugi-mugi kabingahan ingkang asalipun saking Gusti badhé tansah nyagedaken kita nggayuh kabegjan sejatos sesarengan kaliyan Gusti. Aku adiyuswa, aku begja!

PITAKÉNAN RÉFLÈKTIF

1. Punapa Panjenengan sampun begja dinten punika? kénging punapa sampun utawi dèrèng?

2. Kabegjan punapa ingkang Ibu/Bapak raosaken nalika lumebet ing adiyuswa?

[DMP]

BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI INTERGENERASIONAL

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

**BAHAN PANYURAOS
KITAB SUCI (PKS)
INTERGENERASIONAL
1 (Milang Turunan 1)**

Waosan:
Pur. Dumadi 4:1-16

**NGÈNDELAKEN
TATU TAN
RINAWAT**

©2020

Tujuan:

1. Warga sami nglengganani bilih gesang bebrayatan punika saged nuwuhenan tatuning manah
2. Warga sami milih margi katresnan lan mboten namung nuruti raosing manah ingkang tatu kewala

PURWAKA

Gesang sesarengan, mboten salaminipun andhatengaken raos bingah lan rahayu (bahagia). Saged kémawon ing salebetung gesang mekaten kalawau, tuwuh wontenipun pradondi (konflik) ingkang saged anjalari tatuning manah. Prekawis ingkang mekaten punika ugi saged kelampahan ing salebetung gesang bebrayatan, ing antawisipun bapa, ibu lan para putra.

Sanadyan sedaya warga brayat nggadhahi tekad nglampahi gesang bebrayatan adhedhasar katresnan, mboten ateges bapa lan ibu tansah khalis saking bédaning pamanggih, ingkang anjalari tuwuhipun pradondi, ingkang mesthi kémawon saged natoni manah setunggal lan setunggalipun. Béda pamanggih ingkang sampun dados péranganing gesang bebrayatan, saged dados salah satunggaling sumber pradondi ing antawisipun bapa, ibu lan para putra

Para putra ingkang kalahirken ing salebetung brayat ingkang mekaten kalawau, mboten lajeng saged gesang ing salebetung sesambutan ingkang laras (harmonis). Watak ingkang béda ing antawisipun para putra, saged kémawon dados jalaran

tuwuhipun pradondi, temah manahipun sami ketaton setunggal lan setunggalipun. Cariyos bab Kain lan Abil, saged dados salah satunggaling conto ingkang saé.

Nadyan mekaten, ingkang dados prekawis sanès bab ngicali pradondi, awit punika mokal saged kaleksanan. Saben wonten pradondi, mesthi badhé anjalaru tuwuhipun manah ingkang tatu, nadyan punika saged ugi dados sarana kasaénanipun brayat. Pramila saben brayat perlu nyinaoni kados pundi “ngrawat” wontenipun pradondi ingkang tumuju dhateng kasaénanipun brayat, lan mboten kosok-wangsulipun malah nggegesang tatuning manah.

KATERANGANIPUN TEKS

Cariyosipun Kain lan Abil ing kitab Purwaning Dumadi nedahaken bilih “rebut-unggul” (revalitas) punika saèstu dados péranganing tuwuhsingipun para laré (adhi, kakang, mbakyu) ing salebetung brayat. Kain punika putra mbarepipun bapa Adam lan ibu Kawa, ingkang padamelanipun inggih punika dados juru tani. Déné adhikipun Abil, tuwuhsingipun dados juru ternak. Ing salebetung waosan kalawau sinebataken bilih Kain ngaturaken pisungsung kurban kapendhet saking sapérangan asil tanènipun. Semanten ugi Abil ngaturaken pisungsung kurban kapendhet saking pérangan kewanipun arupi gajihing cempé pambajeng. Ingkang narik kawigatosan kita inggih punika bilih kurbanipun Kain mboten katampèn déning Allah. Kosok-wangsulipun, kurbanipun Abil malah katampèn dening Gusti (ay. 3-5).

Waosan ing nginggil mboten marangi keterangan kénging punapa Gusti nampèni kurbanipun Abil lan nampik kurbanipun Kain. Asring panampikipun Gusti kalawau kasambetaken kaliyan adrenging sedya ngaturaken kurban. Contonipun saged kita pirsani wonten ing jarwèn BIMK, ingkang nélakaken: “Abil banjur njupuk salah sawijining cempé kang mbarep, banjur ksembelèh lan ngaturake pérangan daging sing paling apik konjuk marang Gusti. Gusti nyata karenan marang Abil dalah pisungsung kurbane (ay 4). Tembung “pérangan daging sing

paling apik” dados kunci ingkang mbédakaken kurbanipun Abil lan Kain. Nanging sejatosipun pamikiran ingkang mekaten kalawau mboten kamot ing waosan kita ingkang asli (ingkang sanès jarwènipun BIMK), satemah kirang trep. E. G. Singgih, ing bukunipun ajejer *Dari Eden ke Babel*, ngandharaken bilih kuncining cariyos ing salebetung waosan kalawau, mboten wonten ing bab punapa ingkang dipun pisungsungaken déning manungsa, nanging wonten ing bab wangsumlanipun manungsa menawi lampah gesangipun tetéla mboten jumbuh kaliyan punapa ingkang kaajeng-ajeng.

Alesanipun Gusti Allah nampèni kurbanipun Abil, miturut pamanggihipun E. G. Singgih, inggih punika karana Abil punika adhik, sedheng Kain punika kamasipun. Ing salebetung kabudayan Wétan, ingkang sepuh mesthi tansah dipun rumiyinaken. Nanging ing Purwaning Dumadi 4, pranatan budaya punika dipunwalik (mangkénipun modhèl punika dipun ambali malih ing cariyos-cariyos sanès). Inggih karana Abil punika adhik, mila piyambakipun langkung dipun gatosaken déning Gusti. Sasisihipun punika, Singgih ugi mboten nampik wontenipun pamanggih bilih panampikipun Allah dhateng kurbanipun Kain ugi adhedhasar kamardikanipun Allah nemtokaken pamilihipun karana sih nugrahani-Pun. Pamilih lan panampikipun Allah saèstu kadhasaraken wonten ing karsanipun Allah ingkang mardika. Panampi lan panampikipun Allah saèstu dados wewenangipun Allah. Inggih awit saking punika, kawigatosanipun para panyuraos sami katujokna ing pitakènan bab sikepipun Kain ingkang nesu-nesu.

Ing salebetung budaya Wétan, anggènipun Kain nesu-nesu saged dipun mangertosi, karana piyambakipun mesthi rumaos isin menangka putra mbarep. Raos isin punika dipun tanggapi déning Gusti kanthi mratélakaken raos preduli. Mila Gusti lajeng maringaken kalih pitakènan: “Yagéné atinira panas lan yagéné ulatira peteng?”; lan “Yèn sira gawé becik, apa ulatira ora bakal padhang?” (Pur.Dum. 4:6-7a). Kalih pitakènan punika ngatag Kain supados mboten ngiliani raos isin utawi tatuning pangraos nguwaosi dhiri pribadinipun. Awit tatuning manah ingkang tetep sinimpen saged ngasilaken dosa. Inggih alesan ingkang mekaten

punika mila Gusti Allah ngandika: "... si dosa wis ndhedhep ana ing ngarep lawang sarta banget anggoné nggodha sira, nanging sira kudu bisa nelukaké" (ay. 7). Lumantar pangandika ingkang mekaten punika, Gusti Allah badhé mratélakaken bilih ketaton ing salebetung brayat, mujudaken prekawis ingkang limrah. Nanging menawi kita sami gesang adhedhasar kawontenan tatu, mesthi badhé anjog dhateng karisakan.

TREP-TREPANIPUN

Rebut unggul ing salebetung gesangipun adhi kakang mujudaken prekawis ingkang limrah. Punika mboten karana tiyang sepuh nindakaken prekawis-prekawis ingkang mboten adil tumrap anak-anakipun. Nanging karana watakipun laré-laré pancèn béda-béda, mila saged kémawon para laré kalawau nanggapi sacara béda dhateng sikepipun tiyang sepuh dhateng piyambakipun.

Estunipun, rebut unggul saged kémawon mrabawani kasaénan, menawi rebut unggul punika katindakaken kanggé mbereg para putra nggayuh tujuan ingkang paling saé tumrap dhiri pribadinipun. Kosokwangslipun, rebut unggul ugi saged ngrisak gesangipun putra kalawau. Ketingalipun kawontenan ingkang kaping kalih punika ingkang dipun alami dening Kain lan Abil. Ing babagan punika, cawe-cawenipun tiyang sepuh karaos wigatos sanget. Ing salebetung lampah tuwuhs-gesangipun laré, tiyang sepuh (kakung putri) mboten prayogi menawi nedahaken wontenipun rebut unggul. Tiyang sepuh kekalih (bapa lan ibu) kedah nyawiji, saiweg saéka kapti, anggènipun nggulawenthah anak-anakipun. Nalika wonten pradondi ing antawisipun para laré, tuntunan lan pitedahipun tiyang sepuh saèstu kabetahaken, mboten namung sadremi pados udharing prekawis, nanging langkung saking punika ngrukunaken para putranipun. Para putra perlu winulang ngrampungaken prekawisipun, kanthi manah ingkang kebak katresnan

Tataraning Wedharan

- Brayat ingkang sami tumut Panyuraos Kitab Suci (PKS), dumadi saking bapa, ibu, lan para putra, makempal ing satunggiling papan kempalan (menawi kaadanan sacara dharing, prayoginipun wonten ing setunggal kamar zoom). Acara kawiwitan sarana memuji (sumangga kapilih pepujèn ingkang saged kapujèkaken déning sedaya brayat) lan ndedonga.
- Pangarsaning PKS miwiti kanthi nglantaraken dhasar-dhasar ingkang sampun kawedhar ing nginggil. Sageda andharan purwaka punika kalantaraken kanthi migunakaken basa ingkang prasaja.
- Ingkang sami tumut PKS kapérang dados pérangan-pérangan alit (kelompok), utawi kamar zoom piyambak, dumadi saking pasangan bapa ibu, ingkang piyambakan (dérèng nikah, dhudha utawi randha, para muda, lan laré).
- Saben pérangan (kelompok) dipunkancani déning “panuntun-panuntun” ingkang sampun kacawisaken sadérèngipun. Kabetahaken wekdal antawis 30 menit (saged kajumbuhaken kaliyan kawontenanipun).
- Kelompok sémahan bapa lan ibu miwiti PKS kanthi langkung rumiyin:
 1. Maos waosan Kitab Suci saking Purwaning Dumadi 4:1-16, kalajengaken suka keterangan bab waosan kalawau.
 2. Ngrembag lan ngraos-ngraosaken punapa “rebut unggul” ing antawisipun Kain lan Abil punika namung kelampahan wonten ing cariyyosipun Kitab Suci kémawon? Sami karembaga mbok menawi wonten sikep rebut unggul saknjawining Kitab Suci, lan punapa sebab-sebabipun?
 3. Dados tiyang sepuh ingkang kaparingan putra langkung saking setunggal, punapa panjenengan ugi nyeksèni wontenipun rebut unggul ing antawisipun para putra? Punapa wujudipun?

4. Menawi wonten putra ingkang manahipun tatu karana rebut unggul, kados pundi sikep panjenengan supados tatuning manah punika mboten lajeng sinimpen ing manahipun lan ngrisak gesangipun para laré?
- Kelompok piyambakan (*single*) kaajak miwiti PKS kanthi langkung rumiyin:
 1. Maos waosan Kitab Suci saking Purwaning Dumadi 4:1-16, kalajengaken suka keterangan teks kados ingkang sinerat ing nginggil.
 2. Ngrembag lan ngraos-ngraosaken punapa rebut unggul ing antawisipun Kain lan Abil punika namung kelampahan wonten ing cariyosipun Kitab Suci kémawon? Punapa panjenengan naté ngalami rebut nggul kaliyan warga brayat sanèsipun? Punapa tatuning manah panjenengan taksih sinimpen lan ngganggu gesang panjenengan ngantos wanci punika. Kacariyosna pengalaman pribadi panjenengan.
 3. Kados pundi panjenengan saged rukun malih kaliyan warga brayat sanèsipun ingkang ngalami rebut unggul kaliyan panjenengan?
 - Kelompok mudha miwiti PKS kanthi langkung rumiyin:
 1. Katedahna gambar tawuran ing ngandhap punika:



- Para mudha kaajaka ngrembag lan ngraosaken punapa tawuran kalawau sadremi adhedhasar “raos preduli” (solidaritas) utawi “rebut unggul”?
2. Punapa panjenengan sarujuk menawi rebut unggul punika èstunipun mujudaken kanyataning gesang ing salebeting brayat? Punapa tiyang-tiyang ingkang sami tawuran punika ugi ngalami rebut unggul ing salebeting brayatipun? Kados pundi pangraosipun tiyang-tiyang kalawau?
 3. Salajengipun, ingkang sami tumut nyuraos Kitab Suci samia kaajak maos Purwaning Dumadi 4:1-16. Panuntun nglantarakken keterangan bab teks kados sinerat ing nginggil.
 4. Sasaged-saged dipun tengenaken andharan bab nyimpen tatuning manah awit saking rebut unggul, ingkang anjalari risaking gesang. Karembaga sesarengan bab akibatipun nyimpen tatu ing salebeting manah kados ingkang dipun alami déning Kain.
 5. Para panyuraos Kitab Suci kasuwuna suka wangslulan dhateng pitakènan: punapa ingkang badhé katindakaken menawi panjenengan sedaya ngalami tatu ing manah kados déné Kain? Sageda wangslulan kalawau kaserat wonten ing salembar kertas ingkang tinutup. Menawi tetéla wonten wangslulan ingkang kawatas kirang prayogi, panuntun saged nyaketi sedhèrèk kalawau lan suka tuntunan.
- Kelompok laré-laré nindakaken PKS kanthi tuntunan ing ngandhap punika:
 1. Panuntun (Fasilitator) ngandharaken cariyos bab sesambutan ingkang asih-ingasihan. Panuntun saged ugi ngginakaken cariyosipun Anthony de Mello (*Doa Sang Katak 1*) ing ngandhaap punika:

KALIH SEDHÈRÈK INGKANG SAMI ASIH-INGASIHAN

Wonten kalih sedhèrèk, ingkang setunggal taksih piyambakan, déné setungglipun malih sampun krama, nggadhahi pategilan ingkang subur lan saged ngasilaken gandum ingkang kathah. Pérangan sepalih kapasrahaken dhateng ingkang bujang, déné sepalihipun malih kanggé sedhèrèkipun ingkang sampun krama.

Wiwitanipun sedaya lumampah kanthi prayogi. Lajeng satunggaling dinten, sedhèrèk ingkang sampun krama punika nglilir ing wanci dalu lan wiwit mikir-mikir. Wah, iki ora adil. Sedulurku sing isih ijèn kaé nampa separo asiling panen pategalan. Déné aku lan bojoku kaparingan anak lima, awit saka mengokono yèn aku wis tuwa, aku bakal tansah kopèn, ana sing ngrumati. Nanging kepiyé mungguh sedulurku iku, sapa sing bakal ngrawat lan ngopèni sedulurku yèn ngalami kacilakan utawa yèn wis tuwa? Merga saka iku, dhèwèké kudu nyimpeni barang sing luwih akèh kanggo tembé mburiné lan ateges kebutuhané dhèwèké mesthiné luwih akèh katimbang aku.

Piyambakipun lajeng tangi saking tilemipun, lan kanthi sesidheman mlebet dhateng panggènan sedhèrèkipun kanggé nglebetaken sekarung gandum ing salebeting lumbungipun.

Menggah ingkang taksih bujang tetéla ugi pikantuk wangsit ingkang sami ing dalu punika ugi. Kalamangsa piyambakipun nglilir ing wanci dalu, lan wicanten dhateng dhiri pribadinipun piyambak: "Iki cetha ora adil". Sedulurku kaé wis rabi lan duwé anak lima cacahé, lan mung kebagian separo asiling panèn. Mungguh aku, mung urip dhéwé, ora duwé tanggungan sapa-sapa, kajaba awakku dhéwé. Sedulurku bisa waé dadi mlarat, awit kebutuhané cetha luwih gedhé katimbang aku, mangka mung nampa bagian padha karo aku. Lajeng sedhèrèk ingkang taksih bujang kalawau medal lan nglebetaken sekarung gandum dhateng lumbung sedhèrèkipun

Nuju satunggiling dinten, sedhèrèk kekalih kalawau nglilir saking tilem ing wanci jam ingkang sami, lan lajeng tabrakan kaliyan sedhèrèkipun, mangka sedhèrèk kekalih kalawau sami nggéndhong gandum sekarung kathahipun.

Sawetawis tahun candhakipun, sasampunipun kalih sedhèrèk kalawau séda, cariyos punika dipun panggihaken. Papan ingkang kanggé tabrakan sedhèrèk kekalih kalawau lajeng kapilih dados papan kanggé mbangun *kenisah* (papan pangibadah) karana kawawas mboten wonten papan sanès ingkang suci kajawi papan punika.

Beda-bedaning agami punika pancèn perlu, namung kémawon sanès ing antawisipun ingkang sami ngibadah lan mboten, nanging ing antawisipun tiyang-tiyang ingkang sami nresnani lan mboten.

2. Kaajaka para laré ngrembag: punapa ingkang sampun lan badhé katindakaken kanggé ngraos-ngraosaken lan nedahaken pangurbanan ingkang sampun katindakaken dening tiyang sepuh dhateng piyambakipun.
 3. Para laré lajeng sami kaataga ndhapuk vocal group utawi koor (saged sacara dharing). Lagunippun saged kapilih ingkang gampil.
- Sedaya ingkang sami tumut PKS wang sul dhateng papan pepanggihan ingkang utami. Panuntuning PKS ngajengaken pitakènan lan nandhesaken intisarining pirembagan ngéngingi kados pundi mbangun gesang sing brayat sesareangan. Menawi para laré sampun samapta, para laré saged lajeng mujèkaken lagu asiling pangripta ing vocal group utawi koor.
 - Sedaya ingkang sami tumut PKS lajeng kasuwun ndadosaken Matius 22:39 (saged kagantos sanèsipun) ayat apalan kanggé karaos-raosaken ing nggriya.
 - Mujèkaken pujian panutup (ingkang sedaya saged) lan mungkasi sarana pandonga.

**BAHAN PANYURAOS
KITAB SUCI (PKS)
INTERGENERASIONAL
2 {Milang Turunan 2}
(Kulawarga 2)**

Waosoan:
2 Korintus 2:1-4

**TATU KARANA
KATRESNAN**

◎◎◎

Tujuan:

1. Ingkang sami tumut Panyuraos Kitab Suci (PKS) nglengganani wontenipun tatu ing salebetung katresnan
2. Ingkang sami tumut PKS mratélakaken sumdyanipun nresnani, sanadyan ngraosaken tatu ing manah

PURWAKA

Asring kita mirengaken tetembungan: "katresnan iku mbutuhaké pangurbanan". Punapa tetembungan punika pancèn leres? Saged kémawon kita nganggep bilih tetembungan punika lepat. Kenging punapa? Karana cara pamikir ingkang mekaten kalawau, saged anjalari kita dados juru panuntut. Panuntut saé dhateng dhiri pribadinipun punapa déné dhateng tiyang sanès ingkang kita tresnani. Wusananiipun, atas namining katresnan, gesang punika malah saged kécalan kaormatan lan boboting aji.

Nadyan mekaten, ing sisih sanèsipun, kita ugi saged nganggep tetembungan ing nginggil leres. Wonten sawetawis cariyos bab katresnan sejati, ingkang saèstu mbetahaken pangurbanan. Conto ingkang paling gampil punika, ibu. Ibu ingkang saé, sagah lan lila ngurbanaken punapa kémawon kalebet dhirinipun pribadi, kanggé anak-anakipun. Ing salebetung kapitadosan Kristen, kita saged netepaken bilih awit saking katresnanipun ingkang ageng dhumateng manungsa, Allah lumantar Sang Kristus kepareng ngurbanaken sariranipun. Ing mriki kita pinanggih kaliyan pangurbanan ingkang

kadhasaraken dhateng katresnan ingkang leres. Saben katresnan ingkang sejati, mesthi mbetahaken pangurbanan.

Ing salebetung gesang sesarengan, ing tengah-tengahipun brayat punapa déné pasamuwan, katresnan ingkang sami kita luntakaken, saged kémawon malah ngundhuh kaprihatosan utawi tatuning manah. Nadyan mekaten, tatuning manah kalawau mboten badhé mbabar panandhang. Malah tatuning manah kalawau saged mbabar kabingahan. Satunggiling ibu ingkang sejatosipun nembé luwé, saged lan lila nyukakaken tedhanipun kalawau dhateng anakipun ingkang ugi keluwèn. Nalika laré punika lajeng tuwuk lan ngraos bingah, sang ibu punika ugi badhé abebingah.

KATERANGANING WAOSAN

Paulus nedahaken kados pundi katresnan punika mbereg kita asung pangurbanan. Seratipun rasul Paulus dhateng pasamuwan ing Korinta ingkang kaping kalih punika asring sinebat minangka "serat tangisan" utawi "serat luh", awit kaserat kanthi nètèsaken waspa (ay. 4). Cetha bilih seratanipun rasul Paulus punika nedahaken wontenipun raos cuwa ing manah. Kenging punapa? Karana rasul Paulus rumaos bilih karsanipun sampun dipun salah-mangertosi. Piyambakipun kadakwa dados pimpinan ingkang mboten tegas lan plinthat-plinthut. Wonten ing 2 Korinta 1:17 rasul Paulus ngandika: "Dadi, apa anggonku ngrancang mangkono iku tanpa pikiran? Utawa apa mung manut pepénginanku dhéwé, temahan aku banjur duwé ujar "iya, iya" lan "ora, ora"? Cetha menawi punika ngetingalaken raos cuwanipun rasul Paulus awit wontenipun sikep lelawanan saking warga pasamuwan ing Korinta. Sikep lelawanan ingkang mekaten punika anjalari rasul Paulus rumaos dipun pojokaken lan mboten pinitados.

Ananging punapa rasul Paulus ndlarung ing salebetung raos kuciwa lan nepsu, lan lajeng nilarakken tanggal jawabipun lelados saking tengah-tengahing warga pasamuwan Korinta? Mboten! Rasul Paulus saèstu nglengganani bilih katresnan punika kala-mangsanipun malah natoni manah. Rasul Paulus

mutusaken badhé tetep lelados ing tengah-tengahing warga pasamuwan Korinta, awit panjenenganipun saëstu nresnani pasamuwan kalawau (pirsanana. 2 Kor. 1:23). Panjenenganipun badhé tetep lelados kanthi sawetahing manahipun, sanadyan kedah nampèni prekawis ingkang mboten mbingahaken manah. Keputusan adhedhasar katresnan ingkang mekaten punika, ingkang saged anjalari manahipun tatu. Raos asih ing manahipun rasul Paulus thukul karana piyambakipun rumaos sampun langkung rumiyin ngraosaken pangrengkuhing sihipun Allah wonten ing Sang Kristus.

Wujuding katresnan ingkang dipun tedahaken déning rasul Paulus, wiwitanipun ketingal ing bab rasul Paulus mratélakaken badhé rawuh wonten tengah-tengahipun pasamuwan ing Korinta, mboten ing salebetting kawontenan sisah. (tembung sedhilih (sisah) saged ugi dipunmangertosi kanthi pangertosan "ing salebetting kasisahan", BIMK njarwèkaken: "patuwèn ingkang anjalari sami ngraosaken kasisahan"). Tumrap rasul Paulus, sesambetaning katresnan tansah ndarbèni péongan "imbang-imbangan" utawi "wolak-walik". Nalikanipun rasul Paulus rawuh ing salebetting kasisahan, umat ugi badhé ngraosaken sisah lan mekaten ugi kosok-wangsulipun. Punika sababipun rasul Paulus ndarbèni greget kanggé pinanggih saperlu suka pnglipur lan kekiyatana, mboten sanés ugi karana katresnanipun. Panjenenganipun pitados bilih: "kabungahanku uga kabunganmu kabèh" (ay. 3).

Sanadyan mekaten, rasul Paulus mboten badhé ngèndelaken pasamuwan ing Korinta gesang ing salebetting sikep ingkang mboten trep. Malah amargi katresnanipun dhumateng pasamuwan ing Korinta, rasul Paulus kepareng nyaruwé supados warga pasamuwan mboten lumampah ing karisakan. Punika katindakaken sarana ngèngetaken pasamuwan Korinta supados gesang ing salebetting greget apunten ingapuntenan (2 Kor. 2:6). Gesang sesarengan ing salebetting greget apunten-ingapuntenan mujudaken cara gesang ingkang samesthinipun.

TREP-TREPANIPUN

Adhedhasar pengalamanipun rasul Paulus punika, kita saged netepaken bilih katresnan punika pancèn mbetahaken pangurbanan. Kulawarga mujudaken gesang bebrayan ingkang kabangun adhedhasar katresnan. Awit saking punika, mboten saged dipunpungkiri bilih pangurbananipun saben warga brayat dados pérangan gesang ingkang saèstu wigatos lan mboten saged dipun sepèlèkaken mekaten kémawon. Namung kémawon, sinten ingkang kedah langkung rumiyin asung pangurbanan? Ing salebeting gegojègan, asring kita ngandharaken wangsulan: *sing waras ngalah*. Tegesipun, tiyang ingkang nggadhahi nalar séhat, ingkang mesthinipun samapta asung pangurbanan langkung rumiyin. Wangsulan ingkang mekaten punika netepaken: nuntuna dhiri pribadi kita kanggé nresnani, sanadyan kedah asung pangurbanan, lan sampun ngantos nuntun tiyang sanès kanggé nresnani punapa malih kedah asung pangurbanan.

Saking pengalamanipun rasul Paulus punika, kita saged methik wohing piwulang, bilih kita saged langkung gampil nresnani karana kita sampun langkung rumiyin kaparingan nugraha katresnan ingkang ageng saking Gusti. Saben warga brayat, perlu sami mawas dhiri supados sagah nyeksèni saiba agengipun pakaryan katresnanipun Allah ing salebeting gesangipun. Inggih nglengganani katresnanipun Allah ingkang ageng punika, ingkang wiwitanipun mbereg kita sedaya kanggé nyebar katresnan dhumateng saben tiyang ing kiwa tengen kita sami.

Tataraning Panyuraos

- Sedaya ingkang sami tumut PKS (Panyuraos Kitab Suci) ingkang dumadi saking bapa, ibu, lan para putra, makempal wonten satunggiling papan kempalan (menawi sacara dharing, prayogi wonten ing setunggal kamar zoom). Panyuraos kabuka sarana mujèkaken pepujèn (sumangga kapilih pepujèn ingkang saged kapujèkaken sesarengan) lan pandonga.

- Pangarsaning PKS miwiti maos waosan Kitab Suci lan ngandharaken keterangan sawetawis, adhedhasar purwaka ingkang kaserat ing nginggil. Sasaged-saged andharan kaandharaken kanthi migunakaken basa ingkang prasaja.
- Sedaya ingkang tumut panyuraos kapérang dados sawetawis pérangan (*breakout room*) ingkang dumadi saking pasangan bapa lan ibu, ingkang piyambakan (dereng nikah, dhudha utawi randha, para mudha, lan laré). Saben pérangan (kelompok) katuntun déning satunggal panuntun ingkang sampun kacawisaken sadèrèngipun. Wekdalipun antawis 30 menit (saged kajumbuhaken kaliyan kabetahanipun).
- Pérangan bapa lan ibu kaaturan nyuraos kanthi tuntunan pitakènan mekaten:
 1. Prekawis punapa ingkang anjalari bapak/ibu nresnani sémah panjenengan ing wekdal samangké?
 2. Punapa bapa/ibu naté ngalami tatuning manah karana nresnani?
 3. Punapa adrenging katresnan panjenengan sagah ngawonaken manah ingkang tatu?
 4. Punapa ingkang dados dhasar bilih katresnan punika perlu dipunbudidayakaken ing salebeting gesang sesémahan ing antawisipun bapa lan ibu?
- Pérangan bujang (*single*) kaajak nyuraos kanthi tuntunan pitakènan mekaten:
 1. Ingkang taksih dèrèng nikah kasuwun nyariosaken pengalaman tresna lan tatuipun ingkang pinanggih ing gesangipun. Punapa wonten sesambetanipun antawisipun tresna lan tatuning manah?
 2. Ing wujud punapa panjenengan andum katresnan? Punapa salebetipun andum katresnan kalawau ugi ngalami raosing manah ingkang tatu?
 3. Punapa katresnan saged ngawonaken tatuning manah? Kacariyosna pengalaman panjenengan!

- Pérangan mudha nindakaken panyuraos kanthi tuntunanmekaten:
 1. Panyuraosipun para mudha katindakaken ing salebetipun swasana “sarujuk lan mboten” (pro-kontra). Kadhapuka kalih pérangan (kelompok) ingkang dumadi saking tiyang-tiyang ingkang sarujuk (pro) lan mboten sarujuk” (kontra) dhateng pratélanipun Rick Warren: *“Lust is about satisfaction. Love is about sacrificing, serving, surrendering, supporting, and even suffering for others. Most love songs are actually lust songs.”* Saben pérangan (kelompok) kasuwun sami tetep nyepengi (mempertahankan) kénging punapa sarujuk utawi mboten sarujuk dhateng pratélan kalawau.
 2. Para mudha kaajaka mawas dhiri, punapa sesambetan ingkang kelampahan ngantos wanci punika (saé ing salebetung brayat, memitran lan *pacaran*) kabangun adhedhasar katresnan ingkang leres?
- Pérangan laré nindakaken panyuraos kanthi tuntunanmekaten:
 1. Dipun puteraken film laré, ingkang sesambetan kaliyan katresnan lan pangurbanan. Salah satunggiling film kasebat saged dipun undhuh ing alamat punika: <https://www.youtube.com/watch?v=qBNPSnhQzGc>.
 2. Ngajak para laré ngraos-ngraosaken pangurbanan punapa ingkang sampun dipuntindakaken déning tiyang sepuh dhumateng piyambakipun?
 3. Ngajak para laré sagah mratélakaken raos sokur kanggé nresnani, awit saking kasaénanipun para tiyang sepuh.
- Sedaya ingkang sami tumut PKS wangsl malih dhateng papan makempal sesarengan (*main room*). Pangarsaning PKS ngandharaken pitakènan lan nandhesaken intisarining panyuraos, bilih katresnan punika pancèn mbetahaken wontenipun pangurbanan. Katerangna bilih punika ingkang ugi sampun katindakaken déning Allah wonten ing Sang Kristus.

- Ingkang sami tumut PKS kasuwun ndamel Yohanes 3:16 (saged kagantos ayat sanèsipun) dados ayat apalan kanggé pirembagan wonten griya.
- Kapujèkna pepujèn panutup (ingkang saged kapujèkaken déning sedaya ingkang rawuh) lan kapungkasan sarana ndedonga.

[ASP]

BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

**PAKEMPALAN
PANDONGA BRAYAT 1**

**Waosan:
Rut 1:1-22**

**GUSTI TANSAH
KAGUNGAN CARA
ADAMEL PULIHING
GESANG KITA**

◎◎◎

1. KIDUNG PAMUJI

KPJ 28 SUCI, SUCI, SUCI

1

Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.
Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.
suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi
titah sadaya memuji samnya

2

Suci, suci, suci, pujining pra suci
angumandhang sora ngèbeki akasa.
Pra mlaékat sami sujud angabekti,
ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat.

2. PANDONGA PAMBUKA

3. KIDUNG PAMUJI

KPJ 203 RAHAYU KANG UTAMA LAKUNE

1

Rahayu kang utama lakune
ngambah dalaning prentahe Pangeran.
Rahayu kang netepi dhawuhe;
wong kang manut ing sapangrehe Gusti.
sarta tansah telaten netepi
sakarsane klawan eklas ing ati.

2

Dhuh Gusti, punapa sarananya
 tyang nem-neman saged jujur ing lampah
 kejawi dipun reh, mituruta
 sapangandika lan prentahing Allah?
 Kawula sampun Paduka uja
 nyaleweng nilar pepaken Paduka.

4. PAMAOSING KITAB SUCI : RUT 1:1-22**5. WEDHARING PANGANDIKA**

**Gusti rumeksa ing panguwaosipun mulihaken
 gesang kita**

“Sudah jatuh tertimpa tangga pula.” Bokmenawi paribasan punika ingkang saged nggamaraken punapa ingkang dipun tampéni déning satunggaling tiyang èstri ingkang naminipun Naomi. Piyambakipun sémahipun Elimèlèkh. Suwaunipun manggèn ing Betlehèm sesarengan kaliyan anak jaler kekalih, Mahlon lan Kilyon. Nanging pageblug pangan njalari sami ngungsi dhateng Moab. Brayat punika manggèn ing Moab dangunipun sedasa taun. Ing ngriku Elimèlèkh kapundhut. Laré kekalih wau lajeng neningkahan kaliyan tiyang èstri Moab, Orpa lan Rut. Nanging wusananiipun anak-anakipun Naomi sami pejah. Sapunika Naomi manggèn ing negarinipun tiyang sanès minangka randha. Piyambakipun kécalan sémah lan anak kekalih. Naomi lajeng mendhet pancasan wangsul dhateng negarinipun piyambak. Anak mantu kekalihipun sami tumut kaliyan piyambakipun. Nanging ing tengahing margi Naomi nyuwun supados para anak mantu wau kapurih wangsul dhateng Moab. Orpa mituhu dhateng panyuwunanipun ibu marasepuhipun, nanging Rut tetep ngekahai badhé ndhèrèk marasepuhipun.

Para sadhèrèk, sumangga kita nggamaraken kawontenaning Naomi lan kadospundi raosing manahipun. Rut 1: 20 – 21 mitulungi kita kanggé mangretosi punapa ingkang karaosaken, “*Nanging calathune Naomi marang wong-wong mau, ‘aku mbok aja kokarani Naomi, aranana Mara, amarga kang Mahakawasa ngganjar pait-getir marang aku. Lungaku klawan mubra-mubru, nanging baliku wis didamel legéh déning Sang Yéhuwah. Yagéné aku kokarani Naomi, déné Sang Yéhuwah wus dadi seksi nglawan aku lan kang Mahakuwasa wus ndhatengaké cilaka marang aku.*”

Mara, punika satunggaling papan ing ara-ara samun Syur ingkang naté dipun langkungi déning bangsa Israèl nalika mlampah tumuju dhateng negari prasetyan. Toya ing Mara mboten saged dipun ombé karana pait (Pangentasan 15: 23). Naomi nggamaraken gesangipun pait satemah mboten saged dipun ombé, mboten saged dipun raosaken malih. Naomi semunipun badhé mratélakaken mboten wonten kasaénan sanadyan sakedhika kémawon ingkang taksih tirah ing gesangipun. Wonten ing manah ingkang semplah, Naomi matur bilih Gusti ingkang adamel paitipun lan ndhatengaken kacintakan. Tumrap Naomi, mboten wonten malih pangajeng-ajeng ing mangsa ngajeng.

Para sadhèrèk, punapa leres mboten wonten pangajeng-ajeng tumraping Naomi? Punapa leres Gusti mangsulaken Naomi kanthi legéh? Temtu mboten makaten. Namung kémawon, Naomi ingkang dèrèng sadhar ing bab punika. Lampahing wekdal dipun lampahi déning Naomi lan Rut salebetung kaprihatinan, miskin lan kasedhihan. Ngantos Naomi sumerep wonten cahya pangajeng-ajeng, piyambakipun calathu dhateng Rut: “*Hé anakku enggèr, apa ora prayoga aku nggolèkaké pangayoman kowé, murih kabegjanmu? Lah, Boas kang kaprenah sanak karo kita.*” (Rut 3:1-2). Boas punika gadhah pategalan, ing pundi Rut ngasag sair saben dintenipun, pranyata taksih sanak saking kulawangsaniipun Elimèlèkh. Miturut pranatan adat saben bangsa Israèl, Boas kalebet satunggaling tiyang

ingkang nggadhahi hak lan tanggel jawab nebus brayatipun Elimèlèkh. (Rut 3: 12). Tegesipun, karana Elimèlèkh sampun séda lan kekalihing anak jaler inggih sampun tilar donya tanpa nilaraken tedhak turun kanggé Elimèlèkh. Pepuntonipun, Boas mendhet Rut dados sémahipun lan Rut nglairaken anak jaler tinengeran Obed (simbahipun Dawud). Cariyos punika pungkasnipun bagya-mulya, Naomi ing wekdal sampun sepuh saged momong putunipun. Pengalamanipun Naomi lan Rut dados paseksi ingkang gesang tumrap tiyang-tiyang sakiwa-tengenipun, temahan sami memuji lan ngluhuraken Gusti: “*Pinujia Sang Yéhuwah, déné ing dinten punika kanthi legawaning panggalih maringi juru panebus dhateng panjenengan, mugi namanipun dadosa misuwur wonten ing Israël. Lan piyambakipun ingkang badhé nglejaraken panggalih panjenengan saha ngopéni panjenengan ing wekdal panjenengan sampun uwanen, amargi mantu panjenengan ingkang tresna dhateng panjenengan sampun nglairaken jabang bayi, ingkang aosipun nglakungi anak jaler pitu*” (Rut 4:14-15). Amin.

6. ANDUM RAOS WARGANING BRAYAT

Sadhèrèk, bab ingkang prayogi kados punapa, ingkang saged kapethik saking cariyos punika? Kaaturan sami dundum pamanggih.

(Warganing brayat samidéné andum tanggapan, pasinaon lan pengalaman sesambutan cariyosipun Naomilan Rut)

7. PANDONGA SYAFAAT

8. KIDUNG PANUTUP

KPJ 189 GUSTI ALLAH PANGAYOM SETYA

1

Gusti Allah Pangayom Setya, tansah ngrimati umatnya.

Lir pangon rumeksa méndanya. Mula arum ngandikannya.
Ora bakal Aku tega, tan bakal nilar mring sira.

2

Mula kita mosik ing ati, Aku bakal ora wedi,
awit Gusti Kang Mahasetya datan tega nilar kita.
Manungsa bisane apa, katandhing Allah Makwasa.

[ERY/TK]

**PAKEMPALAN
PANDONGA
BRAYAT 2**

Waosan:
I Samuel 1:1-18

**DOHE AMUNG
SAJRONG
PANDONGA**

©2020

1. KIDUNG PAMUJI

KPKL 127 Pangandel

1

Amung kumandel iku, uwiting karosanku
Amung kumandel iku, etuking kraharjanku
Aku dhatan kuwatir, Pangeran pepujanku
Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku

2

Amung pracaya iku, kang mbungahken driyaku
Amung pracaya iku, panglipuring batinku
Aku dhatan kuwatir, Pangeran pepujanku
Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku

2. PANDONGA PAMBUKA

3. KIDUNG PAMUJI

KPKL 140 Tansah Bingah

1

Tyas kita dimen slamanya Bungah asukarena
Déné Sang Rama ning Swarga Nganggep putra mring kita
Mara tansah abebungah Saben dina antuk trang
Dalaning urip endah apadhang Mara tansah den girang

2

Hyang Agung kang njangkung kita Rineksa ing panggoda
 Sih rahmatnya kang anglipur Paring kuwat santosa
 Mara tansah abebungah Saben dina antuk trang
 Dalaning urip endah apadhang Mara tansah den girang

4. PAMAOSING KITAB SUCI: I Samuel 1:1-18**5. WEDHARING PANGANDIKA****Dohé amung sajroning pandonga**

“Lebih baik sakit gigi daripada sakit hati”. Makaten tetembungan wonten ing satunggalan lelagon lami ingkang naté kulina kapireng ing talungan kita. *Lara* untuk padatanipun karaos sakit sanget raosipun kados kasiksa. Sanadyan ketingalipun sepélé nanging ngganggu kanggénipun ingkang ngraosaken: nedha mboten éca, tilem mboten angler, nyambut damel inggih makaten ugi. Tiyang ingkang sakit untunipun, langkung gampil nepsu. Punika nembé sakit unto. Nanging kanggénipun ingkang sakit unto, mboten prelu kuwatir jalaran wonten obatipun, wonten ingkang arupi minyak, balsem, puyer, tablet lan obat kanggé kemu. Kejawi punika, dokter lan klinik sampun kathah.

Kadospundi menggahing sakit manah? Saking njawi mbok menawi mèh sami kaliyan sakit unto: nedha mboten éca , tilem mboten sekéca , mboten wonten semangat kanggé sinau lan nyambut damel, *sensitif, emocional*. Emanipun, sadaya apoték mboten wonten ingkang sadé obatipun. Dokter spesialis sakit hati inggih dèrèng wonten. Ingkang makaten lelagon wau badhé nerangaken langkung prayogi sakit unto katimbang sakit manah.

Emanipun malih, sakit manah saged thukul ing sawekdal-wekdal, ing pundia kémawon lan dipun alami déning sok sitena kémawon. Makatena ugi ing gesangging brayat kita, saged ketaman sakit manah. Malah ing tengahing brayat saged dados papan ingkang gampil thukul sakit

manah. Kanggé mangretosi ing bab punika, sumangga kita nggatosaken brayatipun Èlkana. Èlkana punika satunggaling tiyang jaler ingkang nggadhahi sémah cacah kalih, naminipun Hana lan Penina. Kitab Suci nyariyosaken biih Hana mboten gadhah anak, déné Penina gadhah anak jaler lan èstri. Èlkana satunggaling tiyang ingkang mursid, setya tuhu dhateng pranataning agami. Piyambakipun inggih nresnani sémah-sémahipun lan anak-anakipun.

Tumraping Hana, sami kados limrahipun tiyang-tiyang wekdal samanten, mboten nggadhahi anak punika sanès prakawis ingkang entheng. Malah, mboten nggadhahi anak dipun anggep minangka paukuman. Ayat 5 lan 6 ngandharaken, “*amarga Sang Yéhuwah nutup guwagarbané*”. Inggih punika panganggep lan kapitadosanipun tiyang jaman samanten. Semunipun Hana punika minangka satunggaling tiyang èstri ingkang nampi paukuman saking Gusti Allah. Apesipun malih, Penina, marunipun tansah damel seriking manahipun Hana sesambutan ing bab punika. Ayat 6 nyebataken, “*Nanging maruné tansah nglarakaké atine kareben nepsu*,” lan ayat 7, “*Kaya mangkono kang kalakon saben taun, saben Hana munggah ana ing padalemané Sang Yéhuwah, Penina nglarakake atine*.” Prakawis punika sejatinipun sampun kasumerepan déning Èlkana, nanging sajakipun Èlkana inggih mboten saged tumindak punapa kémawon, piyambakipun namung saged nglipur Hana kanthi tetembungan ingkang manis (ayat 8). Salajengipun, Èlkana ngèndelaken tumindakipun Penina tumanduk dhateng Hana ing wekdal saterasipun. Buktinipun prakawis punika kalampah ing saben taun. Satunggaling tiyang jaler ingkang dados sémahipun rak inggih nggadhahi wewenang ingkang ageng? Saupami Èlkana ngèngetaken Penina supados mandheg anggènipun moyoki dhateng Hana, saged kémawon Penina manut. Nanging kadosipun mboten dipun tindakaken déning Èlkana, mbok menawi Èlkana lan masyarakat sami nganggep pamoyok punika sampun limrah. Tiyang-tiyang sami nganggep mboten wonten ingkang lepat

tumrap tiyang ingkang moyoki Hana jalaran kawontenanipun pancèn makaten, kedahipun Hana ingkang tabah nglampahi.

Sakit manah ingkang dipun raosaken Hana mindhak dinten sangsaya nemen, piyambakipun rumaos mboten kuwagang kanggé nanggel kawontenan punika. Ing satunggaling wekdal, nalika brayatipun kekésahan dhateng Silo saprelu misungsungaken kurban, Hana ngunjukaken pandonga kanthi manah ingkang sedhih (ayat 10). Piyambakipun ndedonga makaten, “*Dhuh Sang Yéhuwah, Gustining sarwa dumadi, menawi Paduka nggalih dhateng karibédanipun abdi Paduka lan karsa ngèngeti kawula saha boten kesupèn dhateng abdi Paduka, nanging maringi anak jaler dhateng abdi Paduka punika, kawula badhé ngaturaken laré punika dhateng Sang Yéhuwah sajeging gesangipun...*” sanadyan manahipun sedhih sanget, Hana mboten nglepataken Gusti tumrap punapa ingkang dipun alami, piyambakipun mboten netah Gusti mboten tumindak adil. Piyambakipun namung nyuwun kawelasan kanthi andhap asoripun. Pandonganipun Hana nyumerepaken kadospundi sadangunipun punika tansah pitados bilih Gusti nggatosaken kasangsaranipun lan mboten nyupèkaken. Ing wekdal samanten piyambakipun nyuwun kateguhaken kapitadosanipun.

Hana ndedonga kanthi ngganter ing wekdal ingkang dangu temahan narik kawigatosanipun Imam Eli. Emanipun sang imam mastani piyambakipun mendem. Sababipun Hana ndedonga ing salebetung manah namung lambénipun ingkang umak-umik ndadosaken Imam Eli mboten mangretos punapa ingkang dipun aturaken. Mbok menawi ing wekdal samanten padatanipun tiyang ndedonga kanthi suwanten ingkang sora ingkang saged kapirek déning tiyang sanès. Gusti Yésus inggih naté ngandharaken pasemon bab jurumpu béya lan tiyang Farisi ingkang ndedonga ing salebetung padaleman suci. Pasemon wau nedahaken bilih tiyang anggènipun donga kanthi suwanten ingkang sora, sakirang-kirangipun saged kapirek déning tiyang ingkang

celak. Nanging ingkang dipun tindakaken déning Hana béda kaliyan limrahipun, piyambakipun ndedonga tanpa suwanten. Kéging punapa makaten? Wonten sawetawis bab ingkang saged dados alesan: 1) awit kasedhikanipun Hana ingkang sakelangkung lebet ngantos mboten kumedal suwantenipun. 2) karana Hana nganggеп bilih tiyang sanès mboten prelu mangretos isining manahipun, tiyang sanès mboten saged tumut ngraosaken lan mboten saged mitulungi. 3) Hana lingsem dhateng tiyang-tiyang sakiwatenegenipun mirunganipun Penina, saged kalampah Penina sangsaya ngina.

Nalika imam Eli ndangu, Hana kanthi jujur ngaturaken kawontenanipun. Kanthi ringkes, Imam Eli ngendika, "Mundura kanthi tentrem rahayu, lan muga-muga Gusti Allahe Israël minangkani panyuwunmu." (ayat 17). Pangandikanipun Imam Eli numusi ing gesangipun Hana. Ayat 18 nyebataken, "..Wong wadon mau tumuli metu, banjur gelem mangan lan ulate ora suntrut maneh." Pitembungan cekak Imam Eli maedahi tumrap Hana. Kéging punapa? Jalaran Hana mitados dhateng punapa ingkang dipun ngendikakaken Imam Eli. Hana pitados bilih Gusti Allah midhanget lan minangkani pandonganipun.

Para sadhèrèk, sumangga sami sinau saking Hana, nyowanaken prakawising gesang kita ing pandonga dhumateng Gusti lan sinau pitados. Pitados bilih Gusti midhangetaken pandonga kita, bilih Gusti mboten kesupèn dhateng kita. Panjenengan pitados? Menawi saèstu pitados, temtunipun panjenengan mboten kawengku ing kasedhihan. Sesarengan kaliyan Hana panjenengan gumregah lan mboten suntrut malih.

Kejawi punika, sakinten wedharing pangandika punika inggih saged ngèngetaken brayat kita kanggé sinau ngatosaken sesami. Brayat pancèn kedahipun dados papan ingkang kinebakan ing katresnan, papan ingkang nentremaken kanggé andum bingah lan sisah. Brayat sanès papan kanggé samidéné sesengitan, nanging papan kanggé samidéné lados-linadosan. Amin.

6. PANDONGA

(Saben wargaming brayat ndongakaken sacara giliran)

7. KIDUNG PANUTUP

Yésus Hanya Sejauh Doa

https://youtu.be/A_2CmXbFEjIn

Bila kau rasa gelisah di hatimu
Bila kelam kabut tak menentu hidupmu
Ingin masih ada seorang penolong bagimu
Dia tak pernah jauh darimu
Bila cobaan menggodai hatimu
Bila sengsara menimpa keadaanmu
Ingin Yésus tak kan pernah jauh darimu
Dia hanya sejauh doa
Berseru memanggil nama-Nya
Berdoa Dia 'kan seg'ra menghampiri dirimu
Percaya, Dia tak jauh darimu
Yésus hanya sejauh doa

[ERY/TK]

**PAKEMPALAN
PANDONGA BRAYAT 3**

Waosoan:

Markus 14:66-72

**RAOS
KEDUWUNG
INGKANG
NYIKSA**

©2020

**1. KIDUNG PAMUJI
KPJ 185 SUMARAH MRING ALLAH**

1

Sumarah mring Allah jiwa raga
Rineksa astanya tansah begja.
Yen rinoban sisah manah datan lesah.
Sinung kakiyatan sing Pangeran,
sinung kakiyatan sing Pangeran.

2

Sumarah mring Allah jiwa - raga
mbangun - turut Gusti trusing atai.
Yen ginodha dosa binujuk duraka,
kekah sarta setya ing pracaya (2x)

3

Sumarah mring Allah jiwa-raga
rinoban ing berkah ayem nyata.
Yen nyanggi momotan dalasan panandhang,
mesthi den luwari déning Gusti (2x)

2. PANDONGA PAMBUKA

3. KIDUNG PAMUJI

KPJ 267 PAMARTA KULA AGESANG

1

Pamarta kula agesang
tyas kula mila agirang

kang sinalib gesang.

Dennya seda krana kula

wungune dados panjernya, kula ndhèrèk gesang.

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

2

Gesang, Gusti kang wus seda,

dennya gesang krana kula,

mila kula puji

Saiba dennya ngasihi

kula ngantos denparingi

gesang langgeng ugi

4. PAMAOSING KITAB SUCI: MARKUS 14:66-72

5. WEDHARING PANGANDIKA

Raos keduwung ingkang nyiksa

Punapa wonten ingkang langkung sakit ingkang nglangkungi saking raos lepat? Raosing manah punika sanget anggènipun nyiksa. Inggih punika ingkang dipun raosaken déning Pétrus sasampunipun piyambakipun ngrumaosi kalepatanipun, kalepatan ingkang ageng wonten ing gesangipun. Piyambakipun nembé kémawon nyelaki Guru lan Juruwilujengipun. Saderecipun jago kluruk kaping kalih, Pétrus sampun sélak kaping tiga. Remuk manahipun, punapa malih menawi piyambakipun sesumbar ing ngarsanipun Gusti Yésus lan para sakabat sanèsepun, “*Sanadyan sadaya sami kacuwan, kawula temtu mboten.*” (Markus 14: 29 lan “*Sanadyan kawula ngantos pejah sesarengan kaliyan Paduka, kawula mboten badhé nyelaki Paduka.*” (Markus 14: 31).

Punapa ingkang dipun raosaken Pétrus wekdal samanten, ngetingalaken raosing manah ingkang campur adhuk. Wonten raos lepat, lingsem, sedhiih, pupus pangajeng-ajeng, getem-getem dhateng dhirinipun

piyambak. Punika ingkang njalari piyambakipun nangis sesenggrukan (ayat 72). Pétrus, ingkang sadangunipun punika kondhang anggènipun dados tiyang ingkang kendel, sapunika nangis sesenggrukan. Nanging punika sanès tangisan gembèng. Tangisanipun minangka bludaking raos sedhih karana piyambakipun ngrumaosi lepat nanging mboten gadhah daya kanggé nebus kalepatanipun punika. Piyambakipun kawastanan gagal. Piyambakipun sanès sakabat ingkang saé lan setya. Piyambakipun sanès ingkang paling saé, kosok wangsulipun ingkang paling awon. Inggih namung punika ingkang saged kanggé nyupatani dhiri pribadi.

Nanging menawi kita nyimak ing cariyo salajengipun sasampunipun Gusti sumengka, Gusti Yésus kepraran ngrawuhi Pétrus lan para sakabat sanèsipun. Gusti Yésus karsa mangsulaken kawontenanipun Pétrus malih, Panjenenganipun malah mitadosaken jejibahan ngengèn ménda-ménda kagunganiPun. Gusti mirsa telenging manahipun Pétrus, Gusti mirsa kadospundi raos keduwung manahipun. Gusti karsa maringi wewengan ingkang kaping kalih kanggé Pétrus ndandosi gesangipun.

Para sadhèrèk, naté ing satunggaling wekdal, wonten laré alit kepingin sanget ngemah-emah tebu ingkang wonten ing pakawisan griyanipun. Piyambakipun pancèn remen tebu. Nanggapi panyuwunan wau, ibunipun lajeng mendhet tebu lan ngonceki kanggé anakipun. Tanpa kanyana si ibu ketaton nalika ngoncèki tebu wau. Rah dlèwèran malah wonten ingkang nètès ing tugelaning tebu ingkang kalebetaken ing rantang. Nyumerepi lelampaahan punika si anak rumaos getun dhateng ibunipun. Piyambakipun nangis kejer. Raosipun semanten nelangsanipun, “*Gara-gara aku ibu dadi tatu..*”

Mesthi kémawon punika sepélé sanget menawi katandhingaken kaliyan pengalamanipun Pétrus, nanging sabotenipun bab punika mitulungi kanggé ngraosaken punapa ingkang wonten ing manahipun Pétrus. Kadospundi menggahing panjenengan? Punpa naté panjenengan

nindakaken satunggaling prakawis ingkang njalari panjenengan getun linimputan raos lepat? Utawi ing wekdal punika wonten ing antawis kita ingkang nembé dipun oyak-oyak raos lepat. Menawi punika kalampahan, sampaun ngantos mlajar. Leres, sampaun mlajar utawi nyinkiri. Dipun tami raosing manah ingkang makaten, dipun akeni kalepatan wau. Kedah sadhar bilih punpa ingkang sampaun kalampahan mboten badhé kawangsulaken malih. Raos getun pancèn mboten badhé damel éwah-éwahan ing wekdal ingkang kapengker. Nanging saged damel éwah-éwahan kanggé dinten punika lan candhakipun. Awit saking punika sadhèrèk, “...*isining atimu esokna kaya banyu ana ing ngarsaning Pangeran..*” pangandikanipun Yeremia (Kidung Pangadhuh 2: 19). Sasampunipun punika, gumregah tangi, nglajengaken gesang, jalaran wonten ing patunggilanipun Gusti wonten pangapuntening dosa lan gesang ing mangsa ngajeng. Amin.

6. KIDUNG PAMUJI

KPKL 149 Panggunggung Konjuk Mring Gusti Yésus

1

Daweg ta kanca Kang sami pracaya
Den sora-sora angalembana Mring Gusti kula
Kang sipat wilasa

2

Piwlase Gusti Maring kula niki
Seestu nglangkungi Mila prayogi
Pinundi-pundi Lan pinuji puji

3

Sami den manah Gusti ingkang pasrah
Sami den manah Kang Putra Allah
Nglabuhi pejah Nebusi tyang kathah

7. PANDONGA SYAFAAT LAN PANUTUP

[ERY/TK]

**PAKEMPALAN
PANDONGA BRAYAT**

4

Waosan:
Purwaning Dumadi
45:1-15

**ENERNA MANAH
DHUMATENG
RANCANGANIPUN
ALLAH**

1. KIDUNG PAMUJI

KPKL 123 Ngluhuraken Allah

1

Daweg sami muji Allah Pangeran mahawlas
Kang tansah paring kadarman Pangeran mahawlas
Rinten dalu dhatan kendhat Denny anjangkung kang umat
Mila daweg muji Allah Pangeran Mahawlas

2

Tan malesken dosa kula Pangeran Mahawlas
Nging sarju paring apura Pangeran Mahawlas
Ngantos kang Putra kekasih Sinrahken seda sinalib
Mila dhaweg muji Allah Pangeran Mahawlas

2. PANDONGA PAMBUKA

3. KIDUNG PAMUJI

KPJ 176 PADHA SAOSA SOKUR

1

Padha saosa puji sokur marang Allah Kang Mahaluhur;
wulang bab asamene suci, den gelarna aneng bumi.
Pangwasane disuwurna, aneng tengahe pra gangsa.

2

Padha saosana pamuji klawan masmur lan kidung suci.
mukjijate caritakna marang sakehing manungsa.
Padha luhurna asmanyia klawan panabuhing gangsia.

4. PAMAOSING KITAB SUCI: Purwaning Dumadi 45:1-15**5. WEDHARING PANGANDIKA****Enerna Manah Dhumateng Rancanganipun Allah**

Lelampahan ingkang getir ing cariyos wau kalampahan sampun mataun-taun kapengker, nanging mboten gampil dipun supèkaken. Yusuf taksih kènggetan dhateng punapa ingkang dipun tindakaken déning para sadhèrèkipun. Para sadhèrèkipun nyemplungaken Yusuf dhateng sumur ingkang garing, tanpa katresnan lajeng nyadé Yusuf minangka batur tumbasan. Punika wiwitaning Yusuf dumugi ing Mesir. Wonten ing Mesir punika Yusuf mbudidaya kanggé gesang, miwiti saking nol, saking perangan ngadhap. Yusuf ngalami niba-nangi piyambakan tanpa sanak tanpa kadang lan mitra. Temtu kémawon Gusti mboten nilaraken.

Sasampunipun samanten dangunipun, Gusti Allah manggihaken malih Yusuf kaliyan para sadhèrèkipun. Yusuf taksih wanuh kaliyan para sadhèrèkipun, kosok wangslipun para sadhèrèkipun sami pangling mboten nepangi Yusuf. Mbok menawi para sadhèrèkipun mboten naté nginten bilih Yusuf taksih gesang punapa malih dados pangageng ing nagari Mesir. Sakawit, yusuf éthok-éthok mboten tepang. Yusuf ndadar kejujuran sarta kasaénaning manahipun, lan kasunyatanipun para sadhèrèkipun wau lulus! Sikeping gesang saha pandamelipun sampun sami wonten éwah-éwahan, piyambakipun samidéné ngrengkuh lan nresnani. Malah Yehuda nggantosi Benyamin purun dados batur ing Mesir supados Benyamin saged wangsl dhateng bapakipun (PD 44: 33). Éwah-éwahaning sikep para sadhèrèkipun

mboten saged nahanaken malih pepenginanipun Yusuf nepungaken sinten piyambakipun.

Yusuf ngluntakaken sadaya raosing manahipun. Yusuf muwun kanthi seru sanget, raos sakit, sedhiih, kuciwa lan kangen tuwin bingah nyawiji dados satunggal. Panangisipun sora ngantos kapireng salebeteng kedhatonipun Sang Prabu Pringon (PD 45: 2). Salajengipun Yusuf nepangaken dhirinipun, “*Aku iki Yusuf, bapak apa isih sugeng?*” Bab punika adamel para sadhèrèkipun sami kagèt lan ajrih temahan mboten saged mangsuli. Yusuf ngambali nandhesaken, “*Aku iki Yusuf adhimu, kang padha kok edol menyang tanah Mesir.*” Pratéla punika temtu kémawon nothol manah para sadhèrèkipun, inggih karana para sadhèrèkipun punika ingkang nyadé Yusuf. Sanget anggènipun sami ajrih karana ngèngeti punapa ingkang sampun katindakaken. Ananging Yusuf nglajengaken, “*Nanging saiki aja padha susah lan nggrantes, awit saka anggonmu wus ngedol aku mréné...*” Yusuf mboten kok lajeng nyrengeni para sadhèrèkipun, nanging Yusuf malah nglipur lan nyantosakaken manah para sadhèrèkipun wau. Sikepipun Yusuf kadhasaraken wonten ing kapitadosan ingkang ageng dhumateng Gusti Allah, “...*awit Gusti Allah kang ngutus aku ndhisiki kowé supaya mitulungi urip.*” (ayat 5) lan “*Mulané Gusti Allah ngutus aku ndhisiki kowé, supaya turunmu bisa lestari ana ing bumi.*” (ayat 7). Yusuf mboten ngeneraken kawigatosanipun dhateng kalepatan para sadhèrèkipun, nanging piyambakipun ngeneraken dhateng rancanganipun Gusti Allah tumrap piyambakipun. Sarana makaten Yusuf saged mendhet paédah ingkang utami sawingkinging lelampahan pait getir lan kasangsaran ingkang dipun tampèni. Kanthi ngeneraken kawigatosan dhumateng Gusti Allah, Yusuf pikantuk kakiyatan ingkang ageng supados tangguh ing sadaya kawontenan. Kanthi ngeneraken kawigatosan dhumateng Gusti Allah, Yusuf nampi pulihing gesang temahan inggih saged adamel pulih para sadhèrèkipun.

Para sadhèrèk, Gusti Allah ngendika, “*Amarga sapira dhuwure langit saka ing bumi, iya samono dhuwuré marginingsun saka ing dalanira, sarta rancanganingSun saka ing rancanganira.*” (Yesaya 55: 9). Inggih ingkang makaten punika sababipun manungsa mboten naté sawetahipun saged mangretos rancanganipun Gusti. Nalika satunggaling prakawis kalampahan ing gesang kita, kita dèrèng saged mangretos kéging punapa bab punika dipun keparengaken kelampahan. Nanging sareng kaliyan lampahing wekdal, sakedhik mbaka sakedhik kita sinau nampèni karsanipun Gusti ing suwaliking sadaya punika. Yusuf sampun sinau kanthi saé saking pengalaman gesangipun. Piyambakipun mboten kedlarung-dlarung wonten ing kasedhihan lan sakiting manah. Piyambakipun mboten tansah nglepataken pihak sanès. Yusuf malah sinau ngraosaken pakaryanipun Allah wonten ing gesangipun. Pandamelipun manungsa pranyata minangka pérrangan-pérangan alit saking pakaryanipun Gusti Allah ingkang ageng. Saben perangan gesang kita kadosdéné tugelan saking “*puzzle*” (gambar ingkang saged dipun tèmpèl lan gandhèngaken) ingkang taksih sinamar. Kita mboten sumerep ing sadèrèngipun kados punapawujuding gambar ing *puzzle* wau. Nanging kanthi kasetyan ngrakit tèmpèlan *puzzle* wau, alon nanging mesthi, kita dipun tuntun nyumerepi rancanganing Gusti Allah tumrap gesang kita.

Awit saking punika, pinanggih klentu menawi kita namung kacencang déning satunggaling pérrangan gesang ingkang adamel sakit. Sampun ngantos namung njinggleng dhateng punapa ingkang dipun tandukaken tiyang sanès dhateng kita. Ageng tunanipun menawi kita tansah nyimpen raos sedhilih lan sakit anah akibat pandamelipun tiyang. Enerna kawigatosan kita dhateng rancanganing Allah ingkang sakelangkung nengsemaken ing gesang kita. Yusuf pratéla, “*Pancèn kowé padha ngrantam kang ala marang aku, nanging iku dicipta malih dadi becik déning Gusti Allah...*” (Purwaning Dumadi 50: 20). Pangandika punika inggih kanggé kita sadaya. Amin.

6. PANDONGA SYAFAAT LAN PANUTUP**7. KIDUNG PAMUJI:
Indah Rencanamu**

Indah rencana-Mu Tuhan di dalam hidupku
walau ku tak tahu dan ku tak mengerti semua jalan-Mu
dulu ku tak tahu Tuhan, berat kurasakan
hati menderita dan ku tak berdaya menghadapi semua
tapi ku mengerti s'katang Kau tolong padaku
kini ku melihat dan ku merasakan indah rencana-Mu
tapi ku mengerti s'karang Kau tolong padaku
kini ku melihat dan ku merasakan indah rencana-Mu

[ERY/TK]

